शनि

22 अगस्त, 2026

पटना

देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

साओन, शुक्ल पक्ष, दशमी, संवत् : 2083

देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 340 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00


शिक्षाक जड़ि भले तीत होय मुदा एकर फल मीठ होइत अछि।

- अरस्तु

## एक नजरि

### बिहार क्रिकेट एसोसिएशन पर सुप्रीम कोर्टक कारबाइ, पूर्व मुख्य न्यायाधीश बनलाह बीसीएक प्रशासक

**पटना :** बिहार क्रिकेट एसोसिएशन (बीसीए)क हालक चुनाव मे कथित अनियमितता कें लए कए सुप्रीम कोर्ट पैघ फैसला सुनौलक अछि। न्यायालय ओडिशा हाईकोर्टक पूर्व मुख्य न्यायाधीश न्यायमूर्ति चक्रधारी शरण सिंह कें बीसीएक प्रशासक नियुक्त कएलक अछि। हुनकर देखरेख मे आब जिला स्तर सं लए कए राज्य क्रिकेट संघ धरि जांच कएल जाएत। ई निर्णय सुप्रीम कोर्टक सेवानिवृत्त न्यायाधीश न्यायमूर्ति एल. नागेश्वर रावक जांच रिपोर्टक आधार पर लेल गेल अछि। बीसीए चुनाव मे धांधली आ नियमक उल्लंघनक शिकायतक बाद मामिला सुप्रीम कोर्ट पहुंचल छल। शिकायतक गंभीरता कें देखैत न्यायालय न्यायमूर्ति एल. नागेश्वर राव कें जांच कए रिपोर्ट प्रस्तुत करबाक निर्देश देने छल। जांच रिपोर्टक आधार पर न्यायालय न्यायमूर्ति चक्रधारी शरण सिंह कें प्रशासक नियुक्त करबाक आदेश देलक। एहि डेग कें बिहार क्रिकेट प्रशासन मे पारदर्शिता आ निष्पक्षता सुनिश्चित करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि।

### उत्तर सं दक्षिण बिहार मे 4 दिन धरि होइत रहत झमाझम

**पटना :** बिहार मे अगिला 4-5 दिन मानसून सक्रिय रहबाक संभावना अछि। दक्षिण सं उत्तर बिहार धरि भारी वर्षाक संभावना अछि। मौसम विभाग शनिदिन चंपारण आ पूर्वी मिथिला क्षेत्र लेल भारी बरखाक चेतावनी जारी कएलक अछि। 22 अगस्त लेल 10 जिला मे ऑरेंज आ 18 जिला मे येलो अलर्ट देल गेल अछि। शनिदिन पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण, अररिया आ किशनगंज मे भारी बरखाक संभावना अछि। गोपालगंज, छपरा, सीवान, आरा, बक्सर, कैमूर आ रोहतास मे बीहाड़ि-ठनकाक चेतावनी अछि।

# स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजना मे आब मात्र 2 लाख टाकाक भेटत लोन

- दू लाख सं बेसीक लोन कॉमर्शियल बैंकक माध्यम सं देल जायत मुदा ओहि पर ब्याज देमय पड़त

## सरकार कहलक, ऋण देबाक तरीका बदलल गेल अछि

**पटना, समदिया**

बिहारक छात्र-छात्रा सभक पढ़ाइ मे सहायता लेल चलाओल जा रहल स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजना मे आब मात्र 2 लाख रुपैयाक ऋण भेटत। ओना एहि संबंध मे बिहार सरकारक कहब अछि जे स्टूडेंट क्रेडिट कार्डक सीमा घटाओल नहि गेल अछि, बल्कि ऋण उपलब्ध करेबाक तरीका बदलल गेल अछि। सरकारक कहब अछि जे पहिने एहि योजनाक अंतर्गत बिहार राज्य शिक्षा वित्त निगम द्वारा 4 लाख रुपैया धरि ऋण देल जाइत छल। आब निगमक माध्यम सं 2 लाख रुपैया धरि ऋण देल जाएत। जं कोनो विद्यार्थी कें 2 लाख सं बेसी ऋणक आवश्यकता अछि, तं ओकरा वाणिज्यिक बैंकक माध्यम सं ऋण उपलब्ध कराओल जाएत। एहि तरहें 2 सं 4 लाख रुपैया धरि शिक्षा ऋण बैंकक माध्यम सं भेटत।



उच्च शिक्षा विभागक सचिव शुक्रदिन जारी बयान मे कहलनि जे आब 2 लाख रुपैया धरि शिक्षा ऋण बिहार राज्य शिक्षा वित्त निगमक माध्यम सं देल जाएत। ओतहि 2 सं 4 लाख रुपैया धरि वित्तीय सहायता अनुसूचित वाणिज्यिक बैंकक माध्यम सं उपलब्ध कराओल जाएत। एहि सं पहिने बिहार राज्य शिक्षा वित्त निगम स्वयं 4 लाख रुपैया धरि ऋण उपलब्ध करबैत छल। ओ कहलनि जे बिहार स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजना कें प्रधानमंत्री उच्चतर शिक्षा प्रोत्साहन योजना, पीएम विद्यालक्ष्मी पोर्टल आ बैंक सभ सं जोड़ल गेल अछि, जाहि सं बेसी सं बेसी विद्यार्थी कें उच्च शिक्षा लेल वित्तीय सहायता भेटि सकय। सरकारक अनुसार, केंद्र सरकारक पीएम विद्यालक्ष्मी योजनाक माध्यम सं 10 लाख रुपैया धरि शिक्षा ऋण सेहो भेटैत अछि। बिहारक विद्यार्थी सभ सेहो एहि सुविधाक लाभ उठा सकताह। उच्च शिक्षा लेल वित्तीय सहायता प्राप्त करबाक आब पहिनेक अपेक्षा बेसी विकल्प उपलब्ध अछि।

### एहि साल 64 करोड़ बेसी खर्च होयत

उच्च शिक्षा विभागक अनुसार बिहार स्टूडेंट क्रेडिट कार्य योजनाक अंतर्गत वित्तीय वर्ष 2025-26 मे 886 करोड़ रुपैया खर्च करबाक स्वीकृति देल गेल छल। चालू वित्तीय वर्ष 2026-27 मे 950 करोड़ रुपैया खर्च करबाक मंजूरी देल गेल अछि। एहि तरहें पिछला सालक तुलना मे एहि वर्ष योजनापर 64 करोड़ रुपैया बेसी खर्च होयत। सरकार स्पष्ट कएलक अछि जे स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजनाक अंतर्गत वित्तीय सहायताक प्रावधान घटाओल नहि गेल अछि, बल्कि एकरा विस्तार देल गेल अछि।

### 2 लाख सं बेसी ऋण पर ब्याज लागत

उच्च शिक्षा विभागक नव अधिसूचनाक अनुसार स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजनाक अंतर्गत वित्त निगमक माध्यम सं देल जाएबला 2 लाख रुपैया धरि ऋण पूर्णतः ब्याजमुक्त रहत। मुदा 2 लाख सं बेसी ऋण बैंकक माध्यम सं भेटत आ ताहि पर ब्याज लागत। विद्यार्थी पीएम विद्यालक्ष्मी पोर्टल पर आवेदन कए सूचीबद्ध बैंक सभ मे सं अपन पसिनक बैंक चुनि सकताह। ऋणक समय पर भुगतान कएला पर सरकारक दिस सं ब्याज मे 30 प्रतिशत धरि छूट देल जाएत।

## खाली अछि सरकारक खजाना : तेजस्वी

पूरा मामिला कें लए कए नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव सम्राट सरकार पर निशाना सधलनि। ओ सोशल मीडिया पोस्टक माध्यम सं सरकार सं सवाल कएलनि। तेजस्वी यादव एक्स पर लिखलनि जे बिहारक वित्तीय स्थिति एतेक खराब भए गेल अछि जे सरकारी खजाना खाली भए रहल अछि। वित्तीय दबावक कारण सरकारी विभागक कर्मचारी, पेंशनधारी, ठेकेदारक बकाया भुगतान आ विकास कार्य लेल पर्याप्त राशि उपलब्ध नहि अछि। ओ आरोप लगौलनि जे आब छात्र सभक स्टूडेंट क्रेडिट कार्डक राशि सेहो घटा देल गेल अछि आ छात्रवृत्ति समाप्त कएल जा रहल अछि। तेजस्वी यादवक दावा अछि जे वित्तीय वर्ष 2025-26 मे बिहारक राजकोषीय घाटा देशक प्रमुख राज्य सभ मे सभ सं बेसी, यानी जीएसडीपीक 5.8 प्रतिशत रहल। ओ सरकार सं राजस्व संग्रह बढ़ेबाक, बजटीय व्यवस्था सुधारबाक आ राजकोषीय घाटा नियंत्रित करबाक लेल दीर्घकालीन योजना बनेबाक मांग कएलनि।

# कोसी पर बनत हाई डैम, केंद्रीय वित्त मंत्री डीपीआर तैयार करबाक देलनि निर्देश

## मुख्यमंत्री शुक्रदिन नई दिल्ली मे वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण आ विदेश मंत्री एस. जयशंकर सं भेंट केलनि

**पटना, समदिया**

कोसी नदी पर हाई डैम (उच्च स्तरीय बांध) परियोजनाक काज मे तेजी आबि गेल अछि। एहि परियोजनाक डीपीआर शीघ्र तैयार कएल जाएत आ परियोजनाक काज आगू बढ़ाओल जाएत। बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक आग्रह पर केंद्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण एहि संबंध मे संबंधित पदाधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि। मुख्यमंत्री शुक्रदिन नई दिल्ली मे वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण आ विदेश मंत्री एस. जयशंकर सं भेंट कयलनि। एहि दौरान बिहारक विकास सं जुड़ल कतेको महत्वपूर्ण विषय पर विस्तार सं विचार-विमर्श भेल। बैठकक दौरान मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कोसी-मेची अंतःराज्यीय नदी जोड़ परियोजनाक पहिल चरण लेल आवश्यक राशि उपलब्ध करेबाक आग्रह कयलनि। ओतहि, परियोजनाक दोसर चरणक



तकनीकी स्वीकृति सेहो शीघ्र देबाक विषय पर चर्चा भेल। केंद्रीय वित्त मंत्री एहि संबंध मे नेशनल वाटर डेवलपमेंट एजेंसी आ जल शक्ति मंत्रालय कें आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि।

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे एहि परियोजनाक आगू बढ़ला सं बिहारक पूर्वी मिथिला क्षेत्र मे सिंचाइ, कृषि आ जल प्रबंधनक क्षेत्र मे महत्वपूर्ण लाभ होएत। सप्त कोसी परियोजनाक संबंध मे सेहो बैठक मे चर्चा भेल। एहि दौरान ई सुनिश्चित करबाक लेल सहमति बनल जे संयुक्त तकनीकी विशेषज्ञ समिति मे बिहारक एक सदस्य अवश्य शामिल रहताह। एहि सं परियोजना सं जुड़ल तकनीकी विषय मे बिहारक हित कें प्रभावी ढंग सं राखल जा सकत। मुख्यमंत्री बिहारक विकास लेल केंद्र सं अपेक्षित सहयोग देबाक आ लंबित विषय सभ पर शीघ्र कारबाइ करबाक आग्रह कयलनि।

विक्रमशिला विश्वविद्यालयक काज शीघ्र शुरू करबाक आग्रह

बैठक मे विक्रमशिला विश्वविद्यालयक स्थापना सं जुड़ल विषय पर सेहो विचार-विमर्श भेल। मुख्यमंत्री कहलनि जे भागलपुर मे एहि विश्वविद्यालयक स्थापना लेल बिहार सरकार 219 एकड़ भूमि उपलब्ध करा देने अछि। तहिना, हाजीपुर मे निफ्टेमक स्थापना लेल सेहो राज्य सरकार 100 एकड़ भूमि उपलब्ध करा चुकल अछि। सम्राट चौधरी केंद्र सरकार सं दुनू संस्थानक काज शीघ्र शुरू करबाक आग्रह कयलनि।

बैठक मे बिहार कें एनएसए एंड स्पर्शक माध्यम सं बेसी केंद्रीय सहायता उपलब्ध करेबाक उद्देश्य सं एकरा 30 सितंबर धरि लागू करबाक विषय पर सेहो चर्चा भेल। तहिना, रिफॉर्म बेस्ड इन्सेंटिव कें प्रभावी ढंग सं लागू करबाक विषय पर विचार कएल गेल। मुख्यमंत्री कहलनि जे एहि सं राज्य कें विकास योजनाक लेल अतिरिक्त वित्तीय संसाधन उपलब्ध करय मे सहायता भेटत।

### बैठक सकारात्मक रहल : मुख्यमंत्री

सम्राट चौधरी कहलनि जे बैठक अत्यंत सकारात्मक रहल। बिहारक विकास सं जुड़ल महत्वपूर्ण विषय सभ पर केंद्र सरकारक दिस सं सकारात्मक सहयोग आ आवश्यक कारबाइक आश्वासन भेटल अछि। सोन-फल्गु रिवर लिंक परियोजना, महाबोधि कॉरिडोर आ विष्णुपद मंदिर कॉरिडोरक काज सेहो शीघ्र शुरू करबाक विषय पर चर्चा भेल।

# राहुल गांधी देलनि धरना तं पैलेट गन मामिला मे पुलिस केलक एफआइआर

- नेता प्रतिपक्ष कहलनि - सत्यक भेल जीत

**नई दिल्ली, एजेंसी**

लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधीक जिदक बाद आखिर दिल्ली पुलिस पैलेट गन मामिला मे पीड़ित साहिल लोचबक शिकायत पर एफआइआर दर्ज कए लेलक अछि। दिल्ली पुलिसक सूत्र एहि बातक जानकारी देलनि। वरिष्ठ पुलिस अधिकारीक अनुसार 20 जुलाई कें जंतर-मंतर पर भेल विरोध प्रदर्शनक दौरान कथित रूप सं पैलेट गनक प्रयोगक मामिला मे एफआइआर दर्ज कएल गेल अछि। एहि मामिला मे केओ



नामजद नहि अछि, अर्थात अज्ञात लोकक विरुद्ध एफआइआर दर्ज भेल अछि। एफआइआर दर्ज भेलाक बाद राहुल गांधी एकरा सत्यक जीत बतौलनि। ओ कहलनि जे न्याय दिस ई पहिल डेग अछि। एहि सं पहिने राहुल गांधी साहिल लोचब, हुनकर परिवारक सदस्य आ वकील सभक संग संसद मार्ग थाना पहुंचल छलाह। ओ मामिला मे प्राथमिकी दर्ज करबाक संग पुलिस सं जांच अधिकारीक फोन नंबर उपलब्ध करबाक मांग कएलनि। हुनकर कहब छल जे 19 वर्षीय छात्र साहिल लोचब पर पैलेट गनक प्रयोगक मामिला मे जखन धरि प्राथमिकी दर्ज नहि होयत, तखन धरि ओ ओतय सं नहि हटताह।

## एहि पार मिथिला, ओहि पार मिथिलाक संबंध आर होयत प्रगाढ़

# नेपाल मे भारतीय बेटी कें नागरिकता भेटब भेल आसान

- नव नियमक अंतर्गत देबय पड़त 5 जरूरी दस्तावेज

**अररिया, समदिया**

दू देशक प्रशासन एकटा महत्वपूर्ण पहल कएलक अछि। सीमा पार विवाहक बाद महिलाक नागरिकता आ जरूरी पहचान पत्र बनबैत समय होमयबला जटिलता दूर करबाक लेल भारत-नेपाल समन्वय समितिक बैठक मे विस्तृत सहमति बनल अछि। बैठक मे तय भेल जे दुनू देश मे विवाह भेल पुतोहु सभ कें आवश्यक वैध दस्तावेज आ प्रमाणक आधार पर नागरिकता देबाक प्रक्रिया सरल आ पारदर्शी बनाओल जाएत।



भारतक सीमावर्ती क्षेत्र सभ मे विशेष शिविर लगा कए नागरिकताक निर्धारित मापदंडक जानकारी देल जा रहल अछि आ कागजी प्रक्रिया शुरू कराओल जा रहल अछि। ओतहि नेपाल सरकार द्वारा नागरिकता सं संबंधित नियम अद्यतन कएल गेलाक बाद आब डिजिटल प्रमाणक आधार पर भारतीय पुतोहु सभ लेल अंगीकृत नेपाली नागरिकता प्राप्त करबाक बाट सेहो आसान भेल अछि। बैठक मे नेपालक झापा जिलाक प्रमुख जिला अधिकारी शिवराम गेलाल स्पष्ट कएलनि जे नियमक अनुसार पात्र महिलाक आवश्यक प्रमाण आ दस्तावेज उपलब्ध होइतहि नागरिकता जारी करबाक प्रक्रिया तेज कएल जाएत।

### नेपालक वर्तमान कानून मे नागरिकताक प्रावधान

कानूनी प्रावधानक अनुसार कोनो नेपाली नागरिक सं विवाह कएनिहार विदेशी महिला अंगीकृत नेपाली नागरिकता लेल आवेदन कए सकैत छथि। एकरा लेल आवेदिका कें निर्धारित अधिकारीक समक्ष निम्नलिखित जरूरी दस्तावेज प्रस्तुत करय पड़त – वैध विवाह निबंधन प्रमाणपत्र, जे भारत अथवा नेपाल मे पंजीकृत हो, पतिक नेपाली नागरिकता प्रमाणपत्र, पहचान आ आवास संबंधी दस्तावेज, महिलाक मूल भारतीय पहचान पत्र अथवा पासपोर्ट आ जन्म प्रमाणपत्र, भारतीय नागरिकता त्याग करबाक आधिकारिक प्रमाण। उल्लेखनीय अछि जे सात वर्षक अनिवार्य प्रतीक्षा अवधिक प्रस्ताव 2020 मे चर्चा मे आयल छल। मुदा वर्तमान लागू व्यवस्था मे विवाह निबंधन आ पूर्व नागरिकता त्यागक वैध प्रमाण कें मुख्य आधार मानल गेल अछि।

### सीमावर्ती परिवार सभ कें भेटत पैघ राहति

नेपालक विराटनगर निवासी फिरोजक कहब अछि जे दुनू देशक बीच विवाहक बाद सभ सं पैघ समस्या दस्तावेज मे त्रुटि अथवा दस्तावेज उपलब्ध नहि होयब अछि। एहि समस्याक समाधान आवश्यक छल। अनुमंडल दंडाधिकारी (एसडीओ) अनिकेत कुमार कहलनि जे दुनू देशक नागरिकक अभिलेख मे सुधार आ नागरिकता सं संबंधित विषय पर समन्वय समितिक बैठक मे सकारात्मक विमर्श भेल अछि। आवश्यक कागजात दुरुस्त भेलाक बाद नियमानुसार नागरिकता देबाक प्रक्रिया पूरा कएल जाएत। एहि पहल सं भारत-नेपाल सीमावर्ती क्षेत्र मे रहनिहार हजारो परिवारक वर्षो पुरान समस्या दूर होयबाक आशा अछि।




# पटना नगर निगमक जनसुनवाइ मे उमड़ल भीड़, 300 आवेदन आ दस्तावेज जमा




**पटना, समदिया**

राजधानी पटनाक रिहायशी इलाका मे चलि रहल व्यावसायिक गतिविधि पर नगर निगम एक बेर फेर कारबाइ तेज कए देलक अछि। करीब पांच वर्ष पहिने जिनका इलाका मे नगर निगम आवासीय भवन मे चलि रहल दोकान आ अन्य व्यावसायिक गतिविधिक विरुद्ध नोटिस आ सीलिंगक कारबाइ शुरू केने छल, आब ओहि मामिला सभक संग पैघ संख्या मे नव भवन सेहो जांचक दायरा मे आबि गेल अछि। सर्वोच्च न्यायालयक कड़ा निर्देशक बाद नगर निगम शहरक 26,745 आवासीय भवन मे चलि रहल व्यावसायिक गतिविधि कें चिन्हित कए नोटिस पठौने छल। नोटिस भेटलाक बाद भवन मालिक आ अन्य संबंधित लोक जनसुनवाइ मे पहुंचि अपन पक्ष राखि रहल छथि।

बृहस्पतिदिन नूतन राजधानी अंचल कार्यालय मे जनसुनवाइक दोसर दिन भोर 10:30 बजे सं लोकक भीड़ जुटय लागल। करीब 100 लोक अपन शिकायत आ दस्तावेज लए पहुंचलाह। मुदा एहि दौरान नगर आयुक्तक अनुपस्थितिक कारण विस्तृत सुनवाइ नहि भए सकल आ लोकनिक उपस्थिति दर्ज कएल गेल। करीब 300 आवेदन आ संबंधित कागजात जमा कएल गेल।

कार्यपालक पदाधिकारी अजीत कुमार शर्मा कहलनि जे जमा दस्तावेजक जांचक बाद आगू वैधानिक कारबाइ तय कएल जाएत। लोक कें सुनवाइक लेल अगिला तारीख सेहो देल गेल अछि।

नगर निगम करीब पांच वर्ष पहिने सेहो एसकेपुरी, पाटलिपुत्र कॉलोनी मोड़ सहित शहरक कतेको रिहायशी इलाका मे कारबाइ केने छल। तखन करीब 500 आवासीय भवन मे चलि रहल दोकान आ अन्य व्यावसायिक गतिविधि कें लए नोटिस जारी कएल गेल छल। निगम कतेको स्थान पर सीलिंगक कारबाइ सेहो शुरू केने छल।

मुदा कारबाइक बाद संबंधित मकान मालिक सभ न्यायालयक शरण लेलनि आ रोकक आदेश लए लेलनि। तकर बाद मामिला दीर्घकाल धरि आगू नहि बढ़ि सकल। आब सर्वोच्च न्यायालयक निर्देशक बाद नगर निगम एहि मुद्दा कें फेर गंभीरता सं लेल अछि। एहि बेर निगम आवासीय भवन मे चलि रहल व्यावसायिक गतिविधि कें चिन्हित करबाक संग-संग हुनकर संपत्ति करक रिकॉर्डक सेहो जांच कए रहल अछि।

नगर निगमक अनुसार पटना मे पैघ संख्या मे एहन भवन अछि, जकर उपयोग व्यावसायिक गतिविधि लेल कएल जा रहल अछि, मुदा संपत्ति कर आवासीय श्रेणी मे जमा कएल जा रहल अछि। निगम एहन भवन कें चिन्हित कए रहल अछि। जिनका धरि एखन नोटिस नहि पहुंचल अछि, हुनका सेहो मुख्यालय स्तर सं फोन कए सेल्फ असेसमेंट करबाक लेल प्रेरित कएल जा रहल अछि।

निगमक जांच मे ई सेहो सामने आएल अछि जे किछु मकान मालिक अपन रिहायशी मकान मे दोकान वा अन्य व्यावसायिक गतिविधि चला रहल छथि। एहि मे कतेको मामिला कें प्रॉपर्टी आईडीक आधार पर डिजिटल सूची मे चिन्हित कएल गेल अछि। आब एहि भवनक वास्तविक उपयोग आ जमा कएल जा रहल टैक्सक स्थितिक मिलान कएल जा रहल अछि।

बिहार गजट मे प्रकाशित पटना आधिकारिक भूमि उपयोगक आंकड़ा एहि पूरा मामिला कें आओर महत्वपूर्ण बना दैत अछि। नगर निगम क्षेत्रक कुल 104.22 वर्ग किलोमीटर क्षेत्र मे 49.56 वर्ग किलोमीटर अर्थात 47.55 प्रतिशत हिस्सा मात्र आवासीय उपयोग लेल निर्धारित अछि।

एकर तुलना मे व्यावसायिक गतिविधि लेल मात्र 4.65 वर्ग किलोमीटर अर्थात 4.46 प्रतिशत क्षेत्र निर्धारित अछि। ओतहि मिश्रित उपयोग लेल 3.52 वर्ग किलोमीटर अर्थात 3.37 प्रतिशत क्षेत्र तय अछि। एकरा बावजूद शहरक कतेको रिहायशी कॉलोनी आ गली मे पैघ संख्या मे दोकान आ अन्य व्यावसायिक प्रतिष्ठान संचालित भए रहल अछि।

गजटक आंकड़ा अनुसार पटना मे खाली आ कृषि भूमिक हिस्सा 18.40 प्रतिशत तथा मनोरंजक आ खुला स्थानक हिस्सा 3.20 प्रतिशत अछि। एहन स्थिति मे आवासीय इलाका मे बढ़ैत व्यावसायिक गतिविधि शहरक मूल भूमि उपयोग व्यवस्थापर सवाल ठाढ़ कए रहल अछि। नूतन राजधानी अंचल कार्यालय पहुंचल लोकनिक बीच कतेको एहन सेहो छलाह, जे नगर निगमक कारबाइ पर सवाल उठौलनि। वार्ड संख्या 18 निवासी अमित राज कहलनि जे हुनकर मकान मात्र चारि मंजिलक अछि, मुदा नगर निगम दिस सं हुनका छहमंजिला भवनक हिसाब सं टैक्स वसूलल जा रहल अछि। व्यावसायिक गतिविधि कें लए नोटिस भेटलाक बाद जखन ओ अपन पक्ष रखबाक आ टैक्स जमा करबाक लेल पहुंचलाह, तखन हुनका एहि गड़बड़ीक जानकारी भेटल।ओतहि शेखपुरा वार्ड संख्या 4 निवासी उपेंद्र नाथ सिंह कहलनि जे करीब सात वर्ष पहिने ओ घरक बंटवारा कराकए म्यूटेशन करौने छलाह। हुनकर हिस्सा मे आएल मकान पूरा तरहे खाली अछि, मुदा हुनका सेहो व्यावसायिक गतिविधि कें लए नोटिस भेटल। हुनकर आरोप अछि जे आसपासक कतेको मकान मे लगातार दोकान चलि रहल अछि, मुदा हुनका सभ पर कारबाइ नहि भेल अछि।

नगर निगम दिस सं फिलहाल जनसुनवाइक माध्यम सं भवन मालिक आ संबंधित लोक कें अपन पक्ष रखबाक अवसर देल जा रहल अछि। लोकनिक सं संपत्ति सं जुड़ल दस्तावेज, टैक्स रिकॉर्ड आ अन्य आवश्यक कागजात लेल जा रहल अछि। बृहस्पतिदिन करीब 300 आवेदन आ दस्तावेज जमा कएल गेल।

कार्यपालक पदाधिकारी अजीत कुमार शर्माक अनुसार सभ दस्तावेजक गहनता सं जांच कएल जाएत। रिकॉर्डक जांचक बाद ई तय होयत जे संबंधित भवनक वास्तविक उपयोग की अछि आ ओकर अनुसार कोन प्रकारक वैधानिक कारबाइ कएल जाए।

नगर निगमक ई कारबाइ आब मात्र किछु इलाका धरि सीमित नहि रहत। आवासीय भवन मे चलि रहल व्यावसायिक गतिविधि, संपत्ति कर आ भूमि उपयोगक रिकॉर्डक मिलान कएल जा रहल अछि। एहन स्थिति मे आगांक दिन मे आओर भवन मालिक कें नोटिस भेटबाक आ कारबाइक सामना करबाक संभावना अछि।

# गंगा मे डूबि रहल दू बच्चा कें एनडीआरएफ बचौलक

## भद्र घाट पर तेज धार मे बहि गेल छल



**पटना, समदिया**

पटना सिटी स्थित भद्र घाट पर शुक्रदिन गंगा स्नानक दौरान डूबि रहल दू मासूम बच्चा आ हुनकर नानी कें एनडीआरएफ टीम समय रहैत सुरक्षित बचा लेलनि। साओन पूजाक लेल घाट पहुंचल महिला पूजा-पाठ मे व्यस्त छलीह। एहि बीच दुनू बच्चा गंगा मे नहाय लेल उतरि गेलाह आ तेज धारक कारण गहीर पानि मे चलि गेलाह।

एनडीआरएफ इंस्पेक्टर प्रमोद कुमार बतौलनि जे बेउर निवासी रूबी देवी (45) अपन 8 वर्षक नाती अंकुश कुमार आ 10 वर्षक नतिनी अनुष्का कुमारीक संग साओन पूजाक लेल भद्र घाट पहुंचल छलीह।

स्नानक बाद रूबी देवी घाट पर पूजा कए रहल छलीह। एहि बीच दुनू बच्चा गंगा मे नहाय लेल चलि गेलाह।

गंगा मे पानिक धार तेज रहबाक कारण दुनू बच्चा अनचोके गहीर पानि मे चलि गेलाह आ डूबय लगलाह। बच्चा सभ कें डूबैत देखि रूबी देवी हुनका बचाबय लेल गंगा मे उतरलीह। एहि दौरान ओ स्वयं सेहो कठिन स्थिति मे फंसि गेलीह। घाट पर तैनात एनडीआरएफ टीमक नजरि तीनू पर पड़ल। इंस्पेक्टर प्रमोद कुमारक नेतृत्व मे जवान सभ तुरंते बचाव अभियान शुरू कएलनि आ तीनू कें सुरक्षित गंगा सं बाहर निकालि लेलनि। बचावक बाद बच्चा सभ आ हुनकर नानीक स्थिति सामान्य बताओल गेल। एनडीआरएफ दुनू बच्चा कें हुनकर पिता राकेश मांझीक सुपुर्द कए देलक। समय रहैत कएल गेल कारबाइ सं तीनूक जान बचि गेल।

# जेपीएससी विवादः कोर्टक रोक पर मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि- हेराफेरीक विस्तृत जांच जरूरी

**पटना, समदिया**



झारखंड मे 11म सं 13म जेपीएससी परीक्षा आ नियुक्ति कें रद्द करबाक राज्य सरकारक निर्णय पर झारखंड उच्च न्यायालय दिस सं रोक लगाओल गेलाक बाद राजनीतिक बयानबाजी तेज भए गेल अछि। पटना मे बिहार सरकारक मंत्री दिलीप जायसवाल उच्च न्यायालयक निर्णय पर कहलनि, ‍छात्रक आंदोलनक बाद सरकार कें ई महसूस भेल जे जे कतेको परीक्षा भेल अछि, ओहि मे हेराफेरी भेल अछि आ ओहि हेराफेरीक बहुत विस्तृत जांच करेनाइ आवश्यक अछि। न्यायालय पहिने एहि बात कें विस्तार सं जानय चाहैत अछि जे ई परीक्षा रद्द भेल अछि, तकर उचित कारण की अछि? आ एहि लेल रोक लगाओल जाइत अछि।

ओतहि जदयू नेता राजीव रंजन एकरा न्यायिक प्रक्रियाक हिस्सा बतौलनि। ओ कहलनि जे एहि रोक कें न्यायिक प्रक्रियाक हिस्सा मानल जाएबाक चाही। सुनवाइ जारी रहत। छात्रक आंदोलनक बाद सरकार परीक्षा सभ कें रद्द करबाक निर्णय लेने छल, मुदा जिनकर नियुक्ति भए चुकल छल, आब ओ सभ न्यायालय पहुंचल छथि, तं स्वाभाविक अछि जे हुनकर बात सेहो सुनल जाएत।

जदयू एमएलसी आ मुख्य प्रवक्ता नीरज कुमार हेमंत सोरेन सरकार पर हमला कएलनि। ओ कहलनि जे झारखंड सरकार युवा सभक पीड़ा नहि बुझलक। छात्र आंदोलनक दबाव मे सरकार परीक्षा सभ कें रद्द कए देने छल। आब भले न्यायालय ओहि पर रोक लगा देने अछि, मुदा सोरेन सरकार पूरा तरहे बेनकाब भए गेल अछि।

दोसर दिस, दिल्ली मे कांग्रेस नेता उदित राज हेमंत सोरेन सरकारक बचाव कएलनि। ओ कहलनि, झारखंड छात्र आंदोलनक समय हेमंत सोरेन सरकार बहुत संवेदनशीलता सं काज कएलक। कांग्रेस नेता राहुल गांधी सेहो छात्र सभक मांग कें लए हुनका पत्र लिखने छलाह। सरकार एकरा गंभीरता सं लेलनि आ छात्र सभक मांग मानैत जेएसएससी-सीजीएल सहित कतेको प्रतियोगी परीक्षा रद्द करबाक निर्णय सेहो लेने छल, मुदा आब उच्च न्यायालय ओहि पर रोक लगा देलक अछि। एहि मे हेमंत सोरेन सरकारक कोनो दोष नहि अछि।

उल्लेखनीय अछि जे झारखंड सरकार छात्र आंदोलन आ पेपर लीकक आरोपक बाद 11म सं 13म जेपीएससी सहित कतेको प्रतियोगी परीक्षा रद्द करबाक आदेश जारी केने छल। सरकारक एहि निर्णय कें नियुक्त भए चुकल अभ्यर्थी सभ उच्च न्यायालय मे चुनौती देने छलाह। एहि पर सुनवाइ करैत न्यायालय बृहस्पतिदिन सरकारक आदेश पर अंतरिम रोक लगा देलक अछि।

## 1.21 लाख सं बेसी बसावट पक्का सड़क सं जुड़ल

**पटना।** बिहार मे ग्रामीण सड़क नेटवर्कक तेजी सं विस्तार भेल अछि। ग्रामीण कार्य विभागक अनुसार प्रदेश मे 1.21 लाख सं बेसी बसावट कें पक्की सड़क सं जोड़ल जा चुकल अछि। एखन धरि करीब 1.20 लाख किलोमीटर ग्रामीण सड़कक निर्माण पूरा भए' चुकल अछि। विभाग 1,29,990 बसावट कें 1,34,704.13 किलोमीटर पक्का ग्रामीण सड़कक माध्यम सं जोड़बाक लक्ष्य तय केने अछि। एहि दिशा मे लक्षित बसावट सभ मे अधिकांश धरि सड़क संपर्क पहुंचि चुकल अछि। आब शेष गाम आ बसावट कें जोड़बाक प्रक्रिया जारी अछि। ग्रामीण कार्य विभागक अनुसार एखन 8,780 बसावट कें पक्का सड़क सं जोड़ब बाकी अछि। एहि क्षेत्र सभ धरि सड़क संपर्क पहुंचेबाक लेल कारबाइ प्रक्रियाधीन अछि। खास कए ओहि इलाका सभ कें प्राथमिकता देल जा रहल अछि, जे एखन धरि बारहमासी पक्की सड़क सं वंचित अछि। चालू वित्तीय वर्ष 2026-27 मे सेहो ग्रामीण सड़क विस्तारक अभियान जारी रहत। विभाग 3,161 बसावट कें जोड़बाक लेल करीब 9,264.54 किलोमीटर नव ग्रामीण सड़क बनाबय कें लक्ष्य निर्धारित केने अछि।

# 6 सितंबर कें पटना मे होयत जेन-जीक जुटान

## एआईएसए राष्ट्रीय अध्यक्ष नेहा बोरा करतीह नेतृत्व

**पटना, समदिया**

बिहार मे बदहाल शिक्षा व्यवस्था, बढ़ैत बेरोजगारी, प्रतियोगी परीक्षा मे धांधली, फीस वृद्धि, विश्वविद्यालयक स्वायत्तता

**एसके मेमोरियल हॉल मे होयत छात्र युवा संसद**

पर हमला आ छात्र-युवाक लोकतांत्रिक अधिकार पर बढ़ैत दमन कें लए छात्र संगठन एआईएसए 6 सितंबर के पटना स्थित एसके मेमोरियल हॉल मे बिहारक जेन-जीक पैघ छात्र-युवा जुटानक घोषणा कएलक अछि। एहि संग छात्र युवा संसदक आयोजन सेहो होयत।

एआईएसएक अखिल भारतीय महासचिव कॉमरेड प्रसेनजीत कहलनि जे बिहार मे जेन-जी राइजिंग अभियानक अंतर्गत अलग-अलग विश्वविद्यालय आ कॉलेजक सवाल आब बिहारक जेन-जी अपने उठाओत।




फीस वृद्धि सं लए शिक्षा निजीकरण, परीक्षा व्यवस्था आ रोजगार धरि मुद्दा पर एआईएसए लगातार संघर्ष कए रहल अछि। ओ कहलनि जे नव शिक्षा नीति आ नव शिक्षा संबंधी कानूनक माध्यम सं शिक्षा कें आओर बेसी केंद्रीकृत आ जनविरोधी बनेबाक प्रयास भए रहल अछि, जाहि विरुद्ध 6 सितंबर के पैघ जुटान होयत। एहि कार्यक्रमक नेतृत्व एआईएसएक राष्ट्रीय अध्यक्ष कॉमरेड नेहा बोरा करतीह।

### बिहारक प्रत्येक विश्वविद्यालय आ शिक्षण संस्थान सं उठि रहल सवाल

एआईएसएक बिहार राज्य अध्यक्ष कॉमरेड धनंजय कहलनि जे बिहारक प्रत्येक विश्वविद्यालय आ शिक्षण संस्थान सं सवाल उठि रहल अछि, मुदा सरकार शिक्षा आ युवाक भविष्य कें पूरा तरहे हल्का मे लए रहल अछि।

ओ बतौलनि जे एआईएसएक टीम बिहारक अलग-अलग विश्वविद्यालय, कॉलेज आ स्कूल मे पहुंचि छात्र आ युवा सभ सं संवाद कए रहल अछि।

सरकारी स्कूलक जर्जर स्थितिक उल्लेख करैत ओ कहलनि जे कतेको स्कूल मे पर्याप्त कक्षा, कंप्यूटर आ प्रयोगशाला धरि उपलब्ध नहि अछि। एआईएसए बिहारक उपाध्यक्ष कॉमरेड सबा आफरीन कहलनि जे बिहारक ओ सभ छात्र आ युवा जे सवाल पूछैत छथि, जिनका नरेंद्र मोदी दिल्ली सं दिमागी नक्सल कहैत छथि, आब संगठित भए अपन अधिकारक लेल लड़ाइ लड़ताह।

ओ कहलनि जे जेन-जी राइजिंग अभियानक अंतर्गत एआईएसए बिहारक टीम बिहारक प्रत्येक जिला, प्रत्येक विश्वविद्यालय आ स्कूल धरि पहुंचि रहल अछि तथा जागरूक जेन-जी आ जेन-अल्फा कें संगठित कए रहल अछि।

# पटना मे गंगा फेर खतराक निशान सं ऊपर, गांधी घाट पर 7 सेंटीमीटर बढ़ल दबाव

## जलस्तर मे गिरावट जारी

**पटना, समदिया**



पटना मे गंगाक जलस्तर गांधी घाट पर खतराक निशान सं 7 सेंटीमीटर ऊपर दर्ज कएल गेल अछि, मुदा एकर रुख घटबाक अछि। अन्य घाट पर जलस्तर खतराक निशान सं नीचा अछि, जखनकि पुनपुन नदी खतराक निशानक करीब पहुंचैत बढ़ि रहल अछि।

जलस्तर मे उतार-चढ़ावक बीच जिला मे गंगा खतराक निशानक आसपास अछि। बृहस्पतिदिन भोर 6 बजे प्राप्त रिपोर्टक अनुसार गांधी घाट पर गंगाक जलस्तर 48.67 मीटर दर्ज कएल गेल। ई खतराक निशान 48.60 मीटर सं 7 सेंटीमीटर ऊपर छल। मुदा जलस्तर मे गिरावटक रुख अछि। दीघा घाट पर सेहो पानि खतराक निशान सं नीचा अछि आ ओतय जलस्तर 49.56 मीटर दर्ज कएल गेल।

दीघा घाट पर खतराक निशान 50.45 मीटर अछि। हाथीदह मे गंगाक जलस्तर 41.51 मीटर रहल, जे खतराक निशान 41.76 मीटर सं 25 सेंटीमीटर नीचा अछि।

मनेर मे 50.81 मीटर जलस्तर दर्ज कएल गेल, जखनकि खतराक निशान 52 मीटर अछि। बक्सर मे सेहो गंगाक जलस्तर 58.56 मीटर रहल, जे खतराक निशान 60.32 मीटर सं नीचा अछि। गांधी घाट पर बृहस्पतिदिन बुधदिनक तुलना मे जलस्तर मे गिरावट दर्ज कएल गेल, मुदा पानि एखनहु खतराक निशान सं ऊपर बनल अछि।

20 अगस्त के जलस्तर 48.67 मीटर दर्ज कएल गेल। दीघा घाट पर 49.56 मीटर पानि रहल। दुनू स्थान पर जलस्तर घटबाक रुख अछि।

सोन नदीक जलस्तर सेहो किछु स्थान पर घटि रहल अछि। कोइलवर मे पानि 52.09 मीटर दर्ज कएल गेल, जखनकि खतराक निशान 55.52 मीटर अछि। इंद्रपुरी मे जलस्तर 102.45 मीटर आ पलामेरगंज मे 93.17 मीटर रहल। दुनू स्थान पर जलस्तर स्थिर अछि।

पुनपुन नदीक जलस्तर किंजर मे 64.93 मीटर दर्ज कएल गेल, जे खतराक निशान 65 मीटर सं मात्र 7 सेंटीमीटर नीचा अछि। एतय पानि बढ़बाक रुख अछि।

श्रीपालपुर मे पुनपुनक जलस्तर 49.54 मीटर रहल, जे 50.60 मीटरक खतराक निशान सं नीचा अछि। एतय पानि घटि रहल अछि। बाढ़ि नियंत्रण विभागक खैरियत रिपोर्टक अनुसार पटना शहरी सुरक्षा दीवारक विभिन्न हिस्सा, सोन नदी सं जुड़ल सुरक्षा दीवारक हिस्सा, दानापुर वितरणी तटबंध तथा देवना आ उसरी नालाक दुनू तटबंध सुरक्षित अछि। विभाग दिस सं एहि सभ स्थानक स्थिति पर लगातार निगरानी राखल जा रहल अछि।

# सरकारी स्कूल सभ मे 3000 पुस्तकालयाध्यक्षक स्थानांतरण होयत

## बेमार-दिव्यांग कें वेटेज, शिक्षा विभाग बिहार राज्य शिक्षक स्थानांतरण नियमावली 2026 मे कएलक संशोधन

**पटना, समदिया**

बिहार राज्य शिक्षक स्थानांतरण नियमावली 2026क अंतर्गत बिहारक सरकारी स्कूल सभ मे कार्यरत पुस्तकालयाध्यक्षक सेहो स्थानांतरण कएल जाएत। ई स्थानांतरण एहन 3000 पुस्तकालयाध्यक्षक होयत, जे सक्षमता परीक्षा उत्तीर्ण केने छथि वा पुस्तकालयाध्यक्षक पद पर कार्यरत छथि। एहि लेल शिक्षा विभाग बिहार राज्य शिक्षक स्थानांतरण नियमावली 2026 मे संशोधन केने अछि। जिला शिक्षा पदाधिकारी स्कूल सभ मे कार्यरत पुस्तकालयाध्यक्षसभक जानकारी विभागीय पोर्टल पर अपडेट करताह। स्थानांतरण मे वरिष्ठता आ अंक प्रणाली लागू होयत। एके स्कूल मे एक सं बेसी पुस्तकालयाध्यक्ष जं आवेदन केने छथि, तं गंभीर बेमारी, दिव्यांग सहित अन्य वर्गक ध्यान राखल जाएत। शिक्षकक तरहे महिला पुस्तकालयाध्यक्षक स्थानांतरण गृह पंचायतक अतिरिक्त ऐच्छिक प्रखंडक भीतर होयत पुस्तकालयाध्यक्षक स्थानांतरण शिक्षकक तरहे म्यूचुअल आ ऐच्छिक होयत। एहन स्थिति मे एकटा स्कूल मे पुस्तकालयाध्यक्षक उपलब्धता भेलाक बादे ओतय कार्यरत पुस्तकालयाध्यक्षक म्यूचुअल स्थानांतरण कएल जाएत। शिक्षकक तरहे महिला पुस्तकालयाध्यक्षक स्थानांतरण गृह पंचायतक अतिरिक्त ऐच्छिक प्रखंडक भीतर होयत। जखनकि पुरुष पुस्तकालयाध्यक्षक स्थानांतरण गृह प्रखंडक अतिरिक्त जिलाक दोसर प्रखंड मे कएल जाएत। दू पुस्तकालयाध्यक्ष संयुक्त सहमतिक आधार पर विभागीय पोर्टलक माध्यम सं पारस्परिक स्थानांतरणक लाभ लए सकताह।

जिनका पुस्तकालयाध्यक्ष पर वित्तीय अनियमितता, अनुशासनहीनता, लापरवाही वा अमर्यादित व्यवहारक आरोप अछि, हुनकर स्थानांतरण डीएम आ डीईओक अनुशंसा पर होयत। एहि सं पहिने पुस्तकालयाध्यक्ष कें 7 कार्य दिवसक भीतर अपन पक्ष रखबाक समय देल जाएत। जिला स्थापना समितिक निर्णयक विरुद्ध पुस्तकालयाध्यक्ष आदेश जारी भेलाक 15 दिनक भीतर प्रमंडलीय आयुक्तक समक्ष अपील दायर कए सकताह। राज्य स्थापना समितिक स्थानांतरण संबंधी निर्णयक विरुद्ध पुस्तकालयाध्यक्ष 15 दिनक भीतर शिक्षा विभागक सचिवक समक्ष अपन अपील दायर कए सकताह।

# नेपाली शराबक संग एक तस्कर कें एसएसबी केलक गिरफ्तार

## कमांडेंट कहलनि - तस्करी पर प्रभावी रोक प्राथमिकता

**जयनगर, समदिया**

भारत-नेपाल सीमा पर अवैध शराबक तस्करीक विरुद्ध चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक जी समवाय जानकीनगर द्वारा कंपनीक गुप्त सूचनाक आधारपर विशेष नाका लगा प्रभावी कारबाइ कएल गेल। कारबाइक दौरान नेपाल सं भारत आनल जा रहल 87 लीटर नेपाली शराब बरामद करैत एक व्यक्ति कें पकड़ल गेल। तस्करी मे प्रयुक्त मोटरसाइकिल सेहो जब्त कएल गेल।



सीमा स्तंभ संख्या 277(46) सं करीब 10 मीटर भारतीय क्षेत्र मे ग्राम दुहाबी, थाना बासोपट्टी, जिला मधुबनीक क्षेत्र मे विशेष नाका लगाओल गेल छल। एहि दौरान नेपाल दिस सं भारत दिस आबि रहल एक व्यक्ति कें संदिग्ध अवस्था मे रोकि जांच कएल गेल। तलाशी लेलाक दौरान ओकर कब्जा सं दिलवाले सोफीक 240 बोतल, प्रत्येक 300 मिलीलीटर, कुल 72 लीटर तथा ब्रिक्सक 50 बोतल, प्रत्येक 300 मिलीलीटर, कुल 15 लीटर नेपाली शराब बरामद भेल। एहि प्रकार कुल 290 बोतल मे 87 लीटर नेपाली शराब बरामद कएल गेल। शराबक ढुलाई मे प्रयुक्त एक हीरो ग्लैमर मोटरसाइकिल सेहो जब्त कएल गेल। पकड़ल गेल व्यक्ति ग्राम सिराही, वार्ड संख्या 11, डाकघर छतौनी, थाना बासोपट्टी, जिला मधुबनी, बिहार-847225 केर निवासी अछि। प्रारंभिक पूछताछ मे भेटल जानकारीक अनुसार बरामद शराब नेपाल स्थित एकटा शराब दोकान सं आनि भारत मे घोरबंकी निवासी एक व्यक्ति कें पहुंचाओल जयबाक छल। बरामद 87 लीटर नेपाली शराब, मोटरसाइकिल आ पकड़ल गेल व्यक्ति कें आगांक कानूनी कारबाइ लेल बासोपट्टी थाना कें सुपुर्द करबाक कारबाइ कएल जा रहल अछि।

48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक कमांडेंट राजेंद्र कुमार कारबाइ मे शामिल जवानसभक सतर्कता आ तत्परताक प्रशंसा करैत कहलनि जे भारत-नेपाल सीमापर अवैध शराब आ अन्य तस्करी गतिविधि पर प्रभावी रोक लगेनाइ वाहिनीक प्राथमिकता अछि।

ओ सीमापर तैनात जवान सभ कें सतर्कता, साहस आ समन्वयक संग काज करैत तस्करीक विरुद्ध निरंतर प्रभावी कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। कमांडेंट सीमावर्ती क्षेत्रक नागरिक सभ सं अपील कयलनि जे कोनो प्रकारक संदिग्ध गतिविधि अथवा तस्करीक सूचना भेटला पर तत्काल सुरक्षा बल आ संबंधित प्रशासन कें देथि, जाहि सं सीमा क्षेत्र कें सुरक्षित आ तस्करीमुक्त बनेबाक प्रयास मे सभक सहभागिता सुनिश्चित भए सकय।

# वाइब्रेंट विलेज फुलहर मे एसएसबी केलक मानव चिकित्सा शिविर आयोजित

**जयनगर/समदिया**



सीमावर्ती ग्रामीण कें नीक स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध कराबय आ स्वास्थ्यक प्रति जागरूकता बढ़ाबयक उद्देश्य सं सशस्त्र सीमा बलक 48म वाहिनी, जयनगर द्वारा 21 अगस्त 2026 कें वाइब्रेंट विलेज फुलहर स्थित डी कंपनीक कार्यक्षेत्र मे मानव चिकित्सा नागरिक कार्य कार्यक्रम अंतर्गत निःशुल्क मानव चिकित्सा शिविर आयोजित कएल गेल। ई चिकित्सा शिविर 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बलक कमांडेंट राजेंद्र कुमारक मार्गदर्शन मे आयोजित कएल गेल। शिविर मे डॉ. मंजीत भाटिया, कमांडेंट (मेडिकल) आ हुनकर पैरामेडिकल दल द्वारा ग्रामीणक स्वास्थ्य परीक्षण कएल गेल आ आवश्यकतानुसार निःशुल्क चिकित्सकीय परामर्श आ उपचार देल गेल।

शिविरक दौरान कुल 104 मरीजक स्वास्थ्य परीक्षण आ उपचार कएल गेल, जाहि मे 34 पुरुष, 56 महिला आ 14 बच्चा शामिल छल। चिकित्सा जांचक दौरान ग्रामीणक बीच मुख्य रूप सं सर्दी-जुकाम, खांसी, बोखार, दस्त, पेचिश, फंगल संक्रमण आ कुपोषण सं संबंधित मामिला सामने आएल। चिकित्सकीय दल द्वारा रोगी कें आवश्यकतानुसार दवा आ स्वास्थ्य संबंधी उचित परामर्श देल गेल। एहि अवसर पर चिकित्सा दल द्वारा ग्रामीण कें स्वच्छता, व्यक्तिगत स्वास्थ्य, पौष्टिक आहार, साफ-सफाई आ संक्रामक रोग सं बचावक संबंध मे सेहो जागरूक कएल गेल। खास कए बच्चा आ महिलाक स्वास्थ्य आ पोषण पर ध्यान दैत संतुलित आ पौष्टिक आहारक महत्वक जानकारी देल गेल।

मानव चिकित्सा शिविरक माध्यम सं सीमावर्ती ग्रामीण कें हुनकर गाम मे तत्काल आवश्यक स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध भेल। ग्रामीण सभ सशस्त्र सीमा बल द्वारा आयोजित एहि जनकल्याणकारी पहलि कें सराहैत आभार व्यक्त कएलनि। 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल द्वारा सीमावर्ती क्षेत्र मे सुरक्षा दायित्वक निर्वहनक संग-संग स्थानीय नागरिकक कल्याण, स्वास्थ्य आ सामाजिक विकास लेल समय-समय पर विभिन्न नागरिक कार्य आ कल्याणकारी कार्यक्रम आयोजित कएल जाइत रहल अछि। एहि प्रकारक कार्यक्रमक उद्देश्य सीमावर्ती क्षेत्रक नागरिकक संग विश्वास आ सहयोगक भावना कें बेसी मजबूत करब अछि।

# शिक्षा ऋण योजनाक लए कए विपक्ष फैला रहल भ्रम : कुंतल कृष्ण

## कहलक बिहार सरकार योजना कए दायरा आ लाभ दुनू बढ़ौलक

**पटना, समदिया**

भारतीय जनता पार्टीक प्रदेश प्रवक्ता कुंतल कृष्ण कहलनि जे बिहार सरकारक शिक्षा ऋण योजनाक लए कए विपक्ष आ जन सुराज भ्रम फैलाबयक प्रयास कए रहल अछि। ओ कहलनि जे योजना पहिनेक तरहें जारी अछि, बल्कि एकर दायरा आ लाभ दुनू बढ़ाओल गेल अछि। कुंतल कृष्ण कहलनि जे आब सामान्य रूप सं चारि लाख रुपैया धरि शिक्षा ऋण देल जा रहल अछि, जखन कि 164 महत्वपूर्ण संस्थान मे पढ़ाई लेल ऋणक सीमा बढ़ा कए 10 लाख रुपैया कए देल गेल अछि। एहि मे दू लाख रुपैया धरि ऋण बिहार शिक्षा वित्त निगम आ दू सं चारि लाख रुपैया धरि ऋण बैंकक सहयोग सं उपलब्ध कराओल जायत। 10 लाख रुपैया धरि ऋण बिहार सरकारक योजनाक अंतर्गत चिन्हित राष्ट्रीय महत्वक संस्थान लेल देल जायत। एकर लेल आवेदन विद्यालक्ष्मी पोर्टलक माध्यम सं लेल जायत। ओ कहलनि जे बिहारक योजना केंद्र सरकारक योजनाक तुलना मे बेसी व्यापक अछि। केंद्रक योजना मे



साढ़े चारि लाख रुपैया धरि वार्षिक आय बला परिवार कें शत-प्रतिशत ब्याज अनुदान भेटैत अछि, जखन कि एहि सं बेसी आय बला परिवार कें मात्र तीन प्रतिशत ब्याज अनुदान देल जाइत अछि आ लाभ चिन्हित पाठ्यक्रम धरि सीमित अछि। बिहार मे सभ आय वर्गक परिवार आ अतिरिक्त पाठ्यक्रम कें सेहो शत-प्रतिशत ब्याज अनुदानक लाभ भेटत। भाजपा प्रवक्ता कहलनि जे पाठ्यक्रमक अवधि आ एक वर्षक मोरेटोरियम अवधि धरि पूरा ऋण ब्याजमुक्त रहत। एहि अवधि कए बाद समय पर ऋण चुकाबय बला विद्यार्थी कें 30 प्रतिशत अतिरिक्त ब्याज छूट, जखन कि छात्रा कें कुल 40 प्रतिशत ब्याज छूट देल जायत। ओ कहलनि जे ई राशि सभ बच्चाक अछि। ऋणक वसूली नहि भेला सं आगांक विद्यार्थी कें योजनाक लाभ प्रभावित भए सकैत अछि। आब धरि 4,15,938 लाभुक कें 8,865 करोड़ रुपैयाक ऋण वितरित कएल गेल अछि। एहि मे 1,63,274 लाभुक सं 1,263 करोड़ रुपैयाक वसूली योग्य अछि, जखन कि 46,979 लाभुक सं 273.18 करोड़ रुपैयाक वसूली भेल अछि। करीब 79 प्रतिशतक डिफॉल्ट दर चिंता विषय अछि। कुंतल कृष्ण कहलनि जे नीक शैक्षणिक वातावरण आ गुणवत्तापूर्ण शिक्षण संस्थान कें बढ़ावा देब सेहो योजनाक महत्वपूर्ण उद्देश्य अछि।

### दहेजक लेल विवाहिता सं माइरपीट गर्भपातक आरोप

**बेनीपट्टी।** स्थानीय थाना क्षेत्रक सोहरौल गामक 24 वर्षीय विवाहिता मरजीना खातून दहेजक मांग कें लए कए लगातार प्रताड़ित करबाक, मारपीट आ गर्भपात कराबयक गंभीर आरोप लगबैत अपन सास, ससुर आ ननदक विरुद्ध थाना मे प्राथमिकी दर्ज करौने छथि। प्राथमिकी मे वादिनी उल्लेख केने छथि जे हुनकर विवाह करीब पांच वर्ष पहिने भेल छल। विवाहक बादे सं हुनकर सास, ससुर आ ननद द्वारा बराबर प्रताड़ित कएल जाइत छल। आरोप अछि जे सास-ससुर हुनका सं कहैत छलाह जे पिता सं तीन लाख रुपैया लए कए आउ, तखने चैन सं रहय देब। मरजीना खातूनक आरोप अछि जे 15 अगस्त कें करीब 2 बजे दिन मे सास, ससुर आ ननद आशमा खातून, आरिफ हुसैन आ शबाना प्रवीण गाली-गलौज करैत लाठी-डंडा सं बेरहमी सं मारपीट कएलनि। मारपीटक समय हुनकर चारि वर्षक पुत्र मो. दानिश आ दू वर्षक पुत्र मो. तौफीक सेहो घर मे मौजूद छल। वादिनी आरोप लगौने छथि जे मारपीट मे हुनका गंभीर चोट लागल, जाहि कारण हुनकर गर्भपात भए गेल आ ओ बेहोश भए कए नीचां खसि गेली। घटना कए समय हुनकर पति घर मे नहि छलाह।

# राष्ट्रीय बाल स्वास्थ्य कार्यक्रमक अंतर्गत तीन दिवसीय राज्य स्तरीय बैसार संपन्न

## बच्चाक स्वास्थ्य जांच कें प्रभावी बनेबाक जोर

**पटना, समदिया**

राष्ट्रीय बाल स्वास्थ्य कार्यक्रम अंतर्गत बच्चाक स्वास्थ्य जांच कें बेसी व्यापक आ प्रभावी बनेबाक उद्देश्य सं आयोजित तीन दिवसीय राज्य स्तरीय उन्मुखीकरण-सह-अंतरविभागीय बैसार 19, 20 आ 21 अगस्त 2026 कें आयोजित भेल। बैसार मे स्वास्थ्य, शिक्षा आ समाज कल्याण विभाग क पदाधिकारी सभ भाग लेलनि। बैठकक मुख्य उद्देश्य आंगनबाड़ी केंद्र आ सरकारी तथा सरकारी सहायता प्राप्त विद्यालय मे बच्चाक होमय बला स्वास्थ्य जांच कें नीक बनायब आ विभिन्न विभागक बीच नीक समन्वय स्थापित करब छल। एहि दौरान बच्चाक स्वास्थ्य जांच सं संबंधित कार्यक्रम कें बेसी प्रभावी ढंग सं लागू करबाक विषय पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल। तीन दिवसीय राज्य स्तरीय उन्मुखीकरण-सह-अंतरविभागीय बैसार सफलतापूर्वक संपन्न भेलाक बाद स्वास्थ्य मंत्री निशांत कहलनि जे राष्ट्रीय बाल स्वास्थ्य कार्यक्रम अंतर्गत आयोजित ई राज्य स्तरीय




बैसार बच्चाक नीक स्वास्थ्य आ समय पर उपचार सुनिश्चित करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल अछि। विभिन्न विभागक बीच नीक समन्वय सं बच्चाक स्वास्थ्य जांचक व्यवस्था आओर मजबूत होयत। ओ कहलनि, हमर प्रयास अछि जे आंगनबाड़ी केंद्र आ विद्यालय मे सभ बच्चाक स्वास्थ्य परीक्षण कएल जाय आ हुनका आवश्यक उपचार आ स्वास्थ्य सेवाक लाभ देल जाय। स्वास्थ्य मंत्री बैठकक सफलता लेल सभ पदाधिकारी आ स्वास्थ्यकर्मी कें शुभकामना सेहो देलनि। बैसार मे राज्य आ जिला स्तरक संबंधित पदाधिकारी कें फ्इरङ अंतर्गत बच्चाक स्वास्थ्य जांच, हुनकर पहचान, आवश्यक उपचार लेल रेफर करबाक प्रक्रिया आ विभिन्न विभागक बीच समन्वयक संबंध मे जानकारी देल गेल। कार्यक्रम मे शिक्षा विभागक दिस सं जिला शिक्षा पदाधिकारी अथवा जिला कार्यक्रम पदाधिकारी, समाज कल्याण विभागक दिस सं जिला कार्यक्रम पदाधिकारी, स्वास्थ्य विभागक दिस सं अपर मुख्य चिकित्सा पदाधिकारी-सह-नोडल पदाधिकार तथा जिला समन्वय भाग लेलनि। बैसार कें तीन चरण मे आयोजित कएल गेल। पहिल चरण मे बेगूसराय, नालंदा, भोजपुर, बक्सर, कैमूर, रोहतास, गया, जहानाबाद, औरंगाबाद, अरवल, नवादा, गोपालगंज आ वैशाली जिलाक पदाधिकारी शामिल भेलाह। दोसर चरण मे पश्चिमी चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, सीतामढ़ी, सीवान, जमुई, सारण, बांका, मधुबनी, सुपौल, मधेपुरा, मुजफ्फरपुर आ समस्तीपुर जिलाक पदाधिकारी सहभागी भेलाह।

बैठकक दौरान एहि बात पर विशेष जोर देल गेल जे बच्चाक स्वास्थ्य जांच मात्र जांच धरि सीमित नहि रहय, बल्कि आवश्यकता अनुसार चिन्हित बच्चा कें समय पर उचित उपचार आ स्वास्थ्य सेवा सं जोड़ल जाय। एहि लेल स्वास्थ्य, शिक्षा आ समाज कल्याण विभागक बीच लगातार नीक समन्वय बनौने रखबाक आवश्यकता पर जोर देल गेल। राज्य स्वास्थ्य समिति, बिहारक एहि पहल सं आंगनबाड़ी केंद्र आ विद्यालय मे बच्चाक स्वास्थ्य जांचक व्यवस्था कें आओर मजबूत करबा आ जरूरतमंद बच्चा कें समय पर स्वास्थ्य सेवा सं जोड़बा मे मदद भेटत।

# मुख्यमंत्री अल्पसंख्यक उद्यमी योजना सं युवाक स्व-रोजगारक अवसर




**पटना, समदिया**

बिहार सरकार द्वारा अल्पसंख्यक समुदायक युवा मे उद्यमिता आ स्व-रोजगार कें बढ़ावा देबाक संग हुनका आर्थिक रूप सं आत्मनिर्भर बनेबाक उद्देश्य सं वर्ष 2023 मे मुख्यमंत्री अल्पसंख्यक उद्यमी योजना शुरू कएल गेल। एहि योजनाक माध्यम सं अल्पसंख्यक समुदायक युवा कें अपन उद्यम स्थापित करबाक लेल वित्तीय सहायता उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। योजनाक अंतर्गत ऋण वितरण लेल राशि अल्पसंख्यक कल्याण विभाग, बिहार सरकार द्वारा उद्योग विभाग, बिहार सरकार कें उपलब्ध कराओल जाइत अछि। लाभुकक चयन आ ऋणक राशि वितरण उद्योग विभाग द्वारा कएल जाइत अछि। वित्तीय वर्ष 2025-26 मे योजनाक अंतर्गत कुल 1,247 लाभुक कें 100 करोड़ रुपैयाक ऋण राशि वितरित कएल गेल। जखन कि योजना शुरू भेलाक बाद सं आब धरि कुल 3,741 लाभुक कें 270 करोड़ रुपैयाक ऋण राशि देल जा चुकल अछि। एहि योजनाक माध्यम सं युवाक अपन व्यवसाय आ उद्यम शुरू करबाक अवसर भेटि रहल अछि। एकरा सं स्व-रोजगार कें बढ़ावा भेटबाक संग युवा कें आर्थिक रूप सं सशक्त आ आत्मनिर्भर बनेबाक दिशा मे सेहो महत्वपूर्ण प्रगति भए रहल अछि। बिहार सरकार अल्पसंख्यक समुदायक युवाक आर्थिक सशक्तीकरण आ नीक भविष्यक निर्माण लेल लगातार प्रयासरत अछि।

# प्रकृतिक कोर मे बिहार : इको टूरिज्म सं बदलि रहल पर्यटनक तस्वीर

- वन, वन्यजीव, पहाड़, जलस्रोत आ धार्मिक विरासत कें जोड़ि कए विकसित भए रहल नव पर्यटन केंद्र
- प्रकृति संरक्षणक संग स्थानीय रोजगार, ग्रामीण अर्थव्यवस्था आ उद्यमिता कें भेटि रहल बढ़ावा

**पटना, समदिया**

बिहारक पहचान आब मात्र प्राचीन इतिहास, बौद्ध आ जैन विरासत तथा धार्मिक स्थल धरि सीमित नहि रहल अछि। राज्यक हरियर-भरल वन संपदा, वन्यजीव, पहाड़, झरना, गरम जलस्रोत, जैव विविधता आ प्राकृतिक सौंदर्य सेहो पर्यटक कें आकर्षित कए रहल अछि। एहि संभावना कें नव पहचान देबाक लेल बिहार सरकार इको टूरिज्म कें पर्यटन विकासक महत्वपूर्ण कड़ीक रूप मे आगू बढ़ा रहल अछि। सरकारक जोर एहन पर्यटन मॉडल पर अछि, जाहि मे प्रकृतिक आनंद सेहो भेटय आ ओकर संरक्षण सेहो सुनिश्चित हो। इको टूरिज्मक विकासक संग स्थानीय समुदाय कें पर्यटन गतिविधि सं जोड़ि कए रोजगार आ आयक नव अवसर पैदा करबाक दिशा मे सेहो लगातार प्रयास कएल जा रहल अछि। राजगीर नेचर सफारी बिहार मे इको टूरिज्मक बदलैत स्वरूपक प्रमुख उदाहरण बनि कए उभरल अछि। पहाड़ आ प्राकृतिक परिवेशक बीच विकसित ई स्थल पर्यटक कें प्रकृतिक नजदीक पहुंचबाक संग रोमांचक अनुभव सेहो करबैत अछि। एतय प्रकृति आधारित पर्यटनक संग साहसिक गतिविधि पर्यटकक अनुभव कें आओर व्यापक बनौलक अछि। एहि सं राजगीरक पारंपरिक धार्मिक आ ऐतिहासिक पर्यटन कें नव आयाम भेटल अछि। आब पर्यटक राजगीर मे विरासत देखबाक संग जंगल, पहाड़ आ रोमांचक आनंद सेहो लए रहल छथि।

एकरा सं आसपासक क्षेत्र मे होटल, परिवहन, खान-पान, स्थानीय उत्पाद, गाइड आ अन्य पर्यटन आधारित गतिविधि कें सेहो बढ़ावा भेटबाक संभावना मजबूत भेल अछि।

**वाल्मीकि टाइगर रिजर्व मे जंगलक दुनियाक आकर्षण :** पश्चिम चंपारण स्थित वाल्मीकि टाइगर रिजर्व बिहारक महत्वपूर्ण वन्यजीव पर्यटन स्थल मे शामिल अछि। घन जंगल, समृद्ध जैव विविधता आ विभिन्न वन्यजीव प्रजाति एकरा प्रकृति प्रेमी आ वन्यजीव पर्यटक लेल खास बनबैत अछि। एतय पर्यटन सुविधाक विकासक संग वन्यजीव आ पर्यावरण संरक्षण कें प्राथमिकता देल जा रहल अछि। इको टूरिज्मक माध्यम सं स्थानीय समुदाय कें पर्यटन गतिविधि सं जोड़ि कए आयक वैकल्पिक साधन विकसित करबाक दिशा मे सेहो जोर देल जा रहल अछि।

**भीमबांध मे जंगल आ गरम जलस्त्रोतक अनूठा संगम :** मुंगेरक भीमबांध अपन प्राकृतिक सुंदरता, सालक जंगल, जैव विविधता आ गरम जलस्त्रोतक कारण अलग पहचान रखने अछि। जंगलक बीच गरम जलस्त्रोत आ शांत प्राकृतिक वातावरण एकरा प्रकृति आधारित पर्यटन लेल विशेष बनबैत अछि। क्षेत्रक प्राकृतिक संपदा कें संरक्षित रखैत पर्यटन सुविधा विकसित करबाक प्रयास सं भीमबांध कें बिहारक प्रमुख इको टूरिज्म स्थल मे विकसित करबाक संभावना बढ़ल अछि।

**धार्मिक आस्थाक संग प्रकृतिक अनुभव :** बिहार मे इको टूरिज्मक एक खास विशेषता धार्मिक आ प्राकृतिक पर्यटनक समन्वय अछि। कैमूर स्थित मां मुंडेश्वरी धाम, रोहतास आ अन्य पहाड़ी-वन क्षेत्र मे धार्मिक विरासतक संग प्राकृतिक पर्यटनक संभावना कें विकसित कएल जा रहल अछि। एहि सं पर्यटक कें एकहि यात्रा मे धार्मिक आस्था, इतिहास, संस्कृति आ प्रकृति–चारू चीजक अनुभव करबाक अवसर भेटैत अछि। ई विविधता बिहार कें दोसर पर्यटन राज्य सं अलग पहचान देबय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकैत अछि।

**पर्यटन सं गाम धरि पहुंचत रोजगार :** इको टूरिज्मक सब सं पैघ प्रभाव स्थानीय अर्थव्यवस्था पर पड़ि सकैत अछि। सरकारक प्रयास अछि जे पर्यटन स्थल लग रहनिहार लोक कें मात्र पर्यटक देखनिहार दर्शकक रूप मे नहि, बल्कि पर्यटन अर्थव्यवस्थाक सक्रिय भागीदारक रूप मे जोड़ल जाय। एहि लेल स्थानीय गाइड, होम-स्टे, परिवहन, खान-पान, हस्तशिल्प, स्थानीय उत्पाद आ अन्य सेवा सं युवा आ ग्रामीण परिवार कें जोड़बाक दिशा मे जोर देल जा रहल अछि। एहि सं पर्यटनक लाभ सीधे स्थानीय स्तर धरि पहुंचबाक आ ग्रामीण अर्थव्यवस्था कें मजबूती भेटबाक संभावना अछि।

# नगर आयुक्त सभ अंचल कें नियमित सुनवाइ कए मामिलाक शीघ्र निष्पादन करबाक देलनि निर्देश

**पटना, समदिया**

पटना नगर निगम क्षेत्रक आवासीय कॉलोनी आ क्षेत्र मे अनधिकृत रूप सं कएल जा रहल गैर-आवासीय उपयोगक मामलापर नगर निगम द्वारा कारबाइ तेज कएल गेल अछि। एहन भवन आ परिसरक संबंध मे जारी नोटिसक मामिलाक आब सभ अंचल मे कार्यपालक पदाधिकारी द्वारा नियमित रूप सं सुनवाइ कएल जाएत। नगर आयुक्त यशपाल मीणा सभ अंचलक कार्यपालक पदाधिकारी कें संबंधित मामिला मे नियमित सुनवाइ सुनिश्चित करैत नियमानुसार शीघ्र निष्पादन करबाक निर्देश देलनि। नगर आयुक्त निर्देश देलनि जे आवासीय क्षेत्र मे अनधिकृत गैर-आवासीय गतिविधि सं संबंधित जाहि संपत्तिधारक कें नोटिस देल गेल अछि, हुनकर मामिलाक सुनवाइ लेल अंचल स्तरपर प्रभावी व्यवस्था सुनिश्चित कएल जाए। सुनवाईक प्रक्रिया कें अनावश्यक रूप सं लंबित नहि राखल जाए आ प्राप्त आपत्ति, दस्तावेज आ संबंधित पक्षक अभ्यावेदनक नियमानुसार जांच करैत मामिलाक शीघ्र निष्पादन कएल जाए। उल्लेखनीय अछि जे बिहार नगरपालिका अधिनियम, 2007 कए धारा 27आ (5)क अंतर्गत मुख्य नगरपालिका पदाधिकारी अपन शक्ति, जिम्मेदारी आ काज अपन अधीनस्थ अधिकारी कें सौंपि सकैत छथि। एहि प्रावधानक अंतर्गत आवासीय क्षेत्र मे अनधिकृत गैर-आवासीय उपयोग सं जुड़ल मामिलाक अंचल स्तरपर सुनवाइ आ आवश्यक कारबाइ कएल जाएत।

एहि क्रम मे संबंधित संपत्तिधारक कें नोटिस देल गेल अछि आ हुनका अपन पक्ष रखबाक अवसर सेहो देल जा रहल अछि। नगर आयुक्तक निर्देशक बाद आब एहि सभ मामिलाक अंचलवार सुनवाइ कए प्रक्रिया मे तेजी आनबाक आ नियमानुसार मामिलाक शीघ्र निष्पादन सुनिश्चित करबाक पर विशेष जोर देल जा रहल अछि। पटना नगर निगमक उद्देश्य अछि जे आवासीय क्षेत्र मे भूमि आ भवनक स्वीकृत उपयोग सं संबंधित नियमक प्रभावी अनुपालन सुनिश्चित हो आ नागरिक कें अनधिकृत गतिविधि सं होमयवला असुविधा सं बचाओल जा सकय।

# निर्माणाधीन राजकीय मेडिकल कॉलेजक एसडीएम कयलनि समीक्षा

## अनुमंडल अस्पताल, ट्रॉमा केंद्र आ पीएचसीक स्वास्थ्य सेवा पर सेहो भेल चर्चा

**झंझारपुर, समदिया**

झंझारपुर मे निर्माणाधीन राजकीय मेडिकल कॉलेज आ अस्पतालक निर्माण कार्यक प्रगति तथा क्षेत्र मेस्वास्थ्य सेवा कें सुदृढ़ बनेबाक उद्देश्य सं एक महत्वपूर्ण समीक्षा बैसार आयोजित कयल गेल। ई बैसारअनुमंडल पदाधिकारी टोनी कुमारीक अध्यक्षता मे अनुमंडल कार्यालय मे संपन्न भेल। बैसार मे बिहारमेडिकल सर्विसेज एंड इंफ्रास्ट्रक्चर कॉरपोरेशन लिमिटेडक पदाधिकारी सभ मेडिकल कॉलेज आ अस्पताल निर्माणक वर्तमान स्थिति, भए रहल कार्य आ लंबित बिंदुसभक विस्तृत जानकारी देलनि। एसडीएम टोनी कुमारी निर्माण एजेंसी कें निर्देश देलनि जे कार्यक



गति तेज कयल जाय आ निर्धारित समय सीमा केर भीतर गुणवत्तापूर्ण निर्माण सुनिश्चित कयल जाय। ओ कहलनि जे एहि मेडिकल कॉलेजक आरंभ भेला पर संपूर्ण मिथिलांचलक स्वास्थ्य व्यवस्था मे व्यापक परिवर्तन आएत। एतयक लोक सभ कें इलाज लेलबाहर नहि जाय पड़त। बैसार मे मात्र निर्माण कार्यहि नहि, बल्कि क्षेत्रक वर्तमान स्वास्थ्य सेवाक सेहो समीक्षा कयल गेल। एसडीएम स्वास्थ्य विभागक अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे अनुमंडल अस्पताल, ट्रॉमा केंद्र, प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र (पीएचसी) सहित अन्य स्वास्थ्य संस्थान सभ मे रोगी कें नीक सुविधाभेटय, औषधिक उपलब्धता सुनिश्चित रहय आ चिकित्सकसभक उपस्थिति नियमित रहय। विशेष रूप सं राष्ट्रीय राजमार्ग-27 कात अररिया संग्राम स्थित मुरली भेदी झा सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र सह ट्रॉमा केंद्र मे मरीजसभक त्वरित उपचार सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल। कहल गेल जे ट्रॉमा केंद्र मे पूर्वक भांति फेर सं नीक व्यवस्था स्थापित कयल जा रहल अछि। बैसार मे अनुमंडल अस्पतालक उपाधीक्षक डॉ.रमन पासवान, ट्रॉमा केंद्रक प्रभारी डॉ. ए.के. आनंद, झंझारपुर पीएचसीक प्रभारी डॉ. मुकेश कुमार सहितकतेको चिकित्सक आ स्वास्थ्य विभागक पदाधिकारी उपस्थित छलथि। एसडीएम सभ अधिकारी सभ संआपसी समन्वय बना काज करबाक आ काजक दौरान आबि रहल कोनो प्रकारक बाधा कें अविलंब दूर करबाक आग्रह कयलनि। ओ भरोस देलनि जे प्रशासनक दिस सं हरसंभव सहयोग प्रदान कयल जायत।

# एक दिवसीय नियोजन शिविर मे 50 युवा कें भेटत रोजगारक अवसर

## 25 अगस्त कें जिला परिषद परिसर, मधुबनी मे होयत आयोजन

**मधुबनी, समदिया**

युवा कें स्थानीय स्तर पर रोजगारक अवसर उपलब्ध कराबय आ हुनका निजी क्षेत्र मे रोजगार सं जोड़बाक उद्देश्य सं युवा, रोजगार एवं कौशल विकास विभाग, बिहार सरकारक जिला नियोजनालय, मधुबनीद्वारा 25 अगस्त 2026 कें जिला परिषद परिसर, मधुबनी मे एक दिवसीय नियोजन शिविरक आयोजनकयल जायत। नियोजन शिविर मे स्वतंत्र माइक्रो फाइनेंस प्राइवेट लिमिटेड द्वारा कुल 50 रिक्त पद लेल युवाक साक्षात्कार आ चयन कयल जायत। चयनित अभ्यर्थी सभक नियुक्ति क्षेत्रीय कार्यकर्ता पद पर बिहारक पूर्णिया, मधेपुरा, सहरसा, सुपौल आ अररिया जिलाक लेल कयल



जायत। एहि रोजगारक अवसर लेल 10वीं आ 12वीं उत्तीर्ण अभ्यर्थी आवेदन कए सकैत छथि। अभ्यर्थीक आयु सीमा 18 सं 28 वर्ष निर्धारित कयल गेल अछि। चयनित अभ्यर्थी सभ कें 12,500 टाका प्रतिमाह वेतनक संग कर्मचारी राज्यबीमा, भविष्य निधि आ उपदान जकां सामाजिक सुरक्षा आ अन्य सुविधाक लाभ सेहो देल जायत। जिलानियोजन पदाधिकारी निशांत रंजन कहलनि जे नियोजन शिविर मे भाग लेबाक लेल अभ्यर्थीक राष्ट्रीयरोजगार सेवा पोर्टल पर पंजीकरण अनिवार्य अछि। अभ्यर्थी सभ कें साक्षात्कारक समय अपन सभ शैक्षणिक प्रमाण-पत्रक छायाप्रति, जीवन-वृत्त आ पासपोर्ट आकारक फोटो संग अनबाक होयत। जिला प्रशासन योग्य युवा सभ सं एहि अवसरक अधिक सं अधिक लाभ उठबैत नियोजन शिविर मे भाग लेबाक अपील कयने अछि। ई पहल युवा कें रोजगार सं जोड़बाक संगहि हुनका आत्मनिर्भर बनेबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम अछि।

# गंगासागर एक्सप्रेसक सभ डिब्बा पर मिथिला पेंटिंग अंकित करबाक लेल रेलमंत्री सं मांग

## मिथिला विकास परिषद रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव कें पत्र पठा केलक अनुरोध

**दरभंगा, समदिया**

रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव सं गंगासागर एक्सप्रेसक सभ डिब्बा पर मिथिला पेंटिंग अंकित करबाक मांग मिथिला विकास परिषद द्वारा कयल गेल अछि। मिथिला विकास परिषदक अध्यक्ष अशोक झा भारतसरकारक रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव कें पत्र पठा कय सियालदह सं जयनगर धरि चलयवला गंगासागर एक्सप्रेसक सभ डिब्बा पर पारंपरिक मिथिला पेंटिंग अंकित करबाक अनुरोध कयलनि अछि। पत्र मे श्री झा हालहि मे गंगासागर एक्सप्रेस मे आधुनिक एलएचबी डिब्बा लगाओल गेलाक लेल रेल मंत्रालय आ पूर्व रेलवे केर प्रति मिथिलावासीक दिस सं आभार व्यक्त कयलनि अछि। ओ एकरा यात्रीसभक सुविधा, सुरक्षा आ नीक यात्रा अनुभवक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम बतौलनि अछि।



श्री झा अपन पत्रक माध्यम सं कहलनि जे मिथिला मात्र एकटा भौगोलिक क्षेत्र नहि, बल्कि भारतक अत्यंत समृद्ध सभ्यता, साहित्य,संस्कृति, लोकपरंपरा आ कलाक भूमि अछि। मिथिलाक विश्वविख्यात मिथिला पेंटिंग आइ भारतकसांस्कृतिक पहचानक महत्वपूर्ण हिस्सा बनि चुकल अछि आ देश-विदेश मे अपन विशिष्ट पहचान बनाचुकल अछि। ओ कहलनि जे गंगासागर एक्सप्रेस बंगाल आ मिथिलाक बीच मात्र आवागमनक साधन नहि, बल्कि दुनू क्षेत्रक बीच सामाजिक, सांस्कृतिक आ भावनात्मक संबंधक महत्वपूर्ण कड़ी सेहो अछि। प्रतिदिनबड़ पैघ संख्या मे लोक एहि ट्रेन सं कोलकाता आ मिथिलाक बीच यात्रा करैत छथि। एहन स्थिति मे एहि ट्रेन कें मिथिलाक कला आ संस्कृतिक प्रचार-प्रसारक प्रभावी माध्यम बनाओल जा सकैत अछि। मिथिला विकास परिषद रेलमंत्री सं आग्रह कयलक अछि जे रेलवे केर सुरक्षा आ तकनीकी मानकक अनुरूप गंगासागर एक्सप्रेसक सभ एलएचबी डिब्बाक बाहरी आ उपयुक्त आंतरिक भाग पर प्रामाणिक मिथिला पेंटिंगक चित्रांकन कराओल जाय। परिषदक माननाइ अछि जे एहि सं नहि मात्र मिथिलाक कला केंराष्ट्रीय स्तर पर नव पहचान भेटत, बल्कि देशभरिक लाखो रेल यात्री कें मिथिलाक समृद्ध सांस्कृतिकविरासत सं परिचित होयबाक अवसर सेहो भेटतनि। एकरा संगहि पारंपरिक मिथिलाक कलाकार सभ कें प्रोत्साहन आ रोजगारक नव अवसर सेहो भेटि सकैत अछि।

# झंझारपुर मे बिहार ग्रामीण बैंक केलक मुखिया संपर्क कार्यक्रमक आयोजन

## 148 पंचायतक मुखिया सभक संग बैंकिंग योजना आ वित्तीय समावेशन पर भेल विस्तृत चर्चा

**झंझारपुर, समदिया**

बिहार ग्रामीण बैंक द्वारा झंझारपुर अनुमंडलक अंतर्गत आबयवला 11 प्रखंडक सभ 148 ग्राम पंचायतक मुखियासभक संग शुक्रदिन झंझारपुर स्थित सम्राट अशोक भवन मे मुखिया संपर्क कार्यक्रमक आयोजनकयल गेल। एहि कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य पंचायत प्रतिनिधि आ बैंकक बीच नीक समन्वय आ संवादस्थापित करैत ग्रामीण क्षेत्रक आर्थिक आ सामाजिक विकास मे आपसी सहयोग कें बढ़ावा देबय छल। कार्यक्रमक दौरान उपस्थित जनप्रतिनिधि सभ कें बिहार ग्रामीण बैंकक विभिन्न बैंकिंग सेवा, ऋण आ जमा योजना, सरकारी प्रायोजित ऋण योजना, सामाजिक सुरक्षा योजना तथा वित्तीय



समावेशन सं संबंधित विभिन्न विषयक विस्तृत जानकारी देल गेल। एहि अवसर पर क्षेत्र मे बैंकिंग सेवाक विस्तार, बेसी सं बेसी लोक कें बैंकिंग व्यवस्था सं जोड़ब, जमा आ ऋण कारोबार कें बढ़ावा देबय तथा पात्र लाभुक धरि विभिन्नसरकारी आ जनकल्याणकारी योजनाक लाभ पहुंचाबय पर विस्तार सं चर्चा भेल। कार्यक्रम मे झंझारपुरअनुमंडलक सभ 148 ग्राम पंचायतक मुखिया सभ भाग लेलनि। एहि अवसर पर मुखिया संघक अध्यक्ष मिथिलेश झा, जिला परिषद उपाध्यक्ष संजय यादव, बिहार ग्रामीण बैंक प्रधान कार्यालयक क्षेत्रीय प्रबंधक प्रशांत गौतम आ ऋण प्रमुख सुमन झा, डीओसीसीक जिला प्रमाण-पत्र मामिला पदाधिकारी अविनाश झासहित बैंकक अन्य अधिकारी आ कर्मचारीक भारी उपस्थिति रहल।बैंक अधिकारी सभ उपस्थित जनप्रतिनिधि सभ सं आग्रह कयलनि जे ओ अपन-अपन पंचायत क्षेत्र मेबैंकक विभिन्न जनकल्याणकारी, सामाजिक सुरक्षा आ वित्तीय समावेशन योजनाक प्रति आमजन केंजागरूक करबा मे सक्रिय सहयोग करथि, जाहि सं बेसी सं बेसी पात्र लाभुक बैंकिंग सेवा आ सरकारी योजना सं लाभान्वित भए सकथि।

# नवपदस्थापित जिलाधिकारी ग्रहण केलनि पदभार





**सीतामढ़ी, समदिया**

नवपदस्थापित जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया निवर्तमान जिलाधिकारी रिची पांडेय सं जिलाधिकारी पदक प्रभार ग्रहण कयलनि। एहि अवसर पर प्रभार हस्तांतरण आ ग्रहण सं संबंधित आवश्यक प्रशासनिकऔपचारिकता पूरा कयल गेल। प्रभार ग्रहण करबाक बाद जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया जिला प्रशासन सं संबंधित महत्वपूर्ण अभिलेख, विकासात्मक योजना आ प्रशासनिक प्राथमिकताक जानकारी प्राप्त कयलनि।निवर्तमान जिलाधिकारी रिची पांडेय जिला मे संचालित विभिन्न विकास योजना, महत्वपूर्ण परियोजना आप्रशासनिक काजक प्रगतिक संबंध मे नवपदस्थापित जिलाधिकारी कें आवश्यक जानकारी देलनि। एहिअवसर पर दुनू पदाधिकारी जिला मे प्रशासनिक काजक सुचारु संचालन, विकासात्मक गतिविधि मे निरंतरता तथा जनहित सं जुड़ल मामिला कें प्राथमिकता देबैत आगू बढ़ेबाक संबंध मे विचार-विमर्श कयलनि।पदभार ग्रहण करबाक बाद मीडिया सं बातचीत करैत जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया कहलनि जे जिलाक समग्र विकास कें गति देब हुनकर प्राथमिकता होयत। सरकारक योजना आ विकासात्मक परियोजनाकप्रभावी आ समयबद्ध क्रियान्वयन सुनिश्चित कयल जायत। ओ कहलनि जे जिलाक महत्वपूर्ण परियोजनाक प्रगतिक नियमित समीक्षा करैत संबंधित विभागक बीच नीक समन्वय स्थापित कयल जायत, जाहि सं योजनाक लाभ निर्धारित समय-सीमा मे आम लोक धरि पहुंचि सकय। जिलाधिकारीकहलनि जे जनसमस्याक त्वरित आ संवेदनशील तरीका सं निष्पादन प्रशासनक प्रमुख प्राथमिकता मे शामिल रहत।

## नव जिलाधिकारी पुनौरा धाम पहुंच कयलनि पूजा-अर्चना

**सीतामढ़ी, समदिया**

नवपदस्थापित जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया पदभार ग्रहण करबाक बाद जिलाक प्रमुख धार्मिक आ आस्थाक केंद्र पुनौरा धाम पहुंचि माता जानकी मंदिर मे दर्शन आ पूजा-अर्चना कयलनि। जिलाधिकारीपुनौरा धाम मंदिर आ परिसरक समग्र विकास सं संबंधित कराओल जा रहल विकास आ सौंदर्यीकरण कार्यक निरीक्षण कयलनि तथा संबंधित अधिकारी सभ सं कार्यक प्रगति आ वर्तमान स्थितिक जानकारी लेलनि। ओ परिसरक समग्र विकास सं जुड़ल काज कें निर्धारित मानकक अनुरूप गुणवत्तापूर्ण आ समयबद्ध तरीका सं पूरा करेबाक लेल विशेष जोर देलनि। एहि अवसर



पर निवर्तमान जिलाधिकारी रिचीपांडेय सेहो उपस्थित छलथि। स्थानांतरणक बाद जिला सं विदाई लेबाक पूर्व ओ सेहो पुनौरा धाम पहुंचि माता जानकीक दर्शन आ पूजा-अर्चना कयलनि।

# सांसद चामुंडेश्वरीक केलनि दर्शन, क्षेत्रक समृद्धिक लेल मंगलनि आशीर्वाद

## सांसद पहुंचलाह सिद्धपीठ चामुंडेश्वरी स्थान

**दरभंगा, समदिया**

धार्मिक एकरूपता भारतीय संस्कृतिक सभ सं पैघ पहचान अछि। भौगोलिक रूप सं देशक प्रत्येक कोन मेरहनिहार लोक जखन दोसर क्षेत्र मे जाइत छथि तं देवी-देवताक पूजन हुनका एहि बातक एहसास करबैत अछि जे सनातन धर्म मे आस्था प्रत्येक व्यक्ति कें एक-दोसर सं जोड़बाक काज करैत अछि। नागरविमानन मंत्रालयक बैठकक सिलसिला मे कर्नाटक दौरा पर गेल दरभंगाक सांसद सह लोकसभा मे भाजपा केर सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर शुक्रदिन मैसूर स्थित पवित्र चामुंडी हिल्स पर मां चामुंडेश्वरीक दर्शन आ



पूजा-अर्चना कए हुनकर आशीर्वाद प्राप्त कयलनि। एहि अवसर पर ओ उपरोक्त बात कहलनि। सांसद डॉ. ठाकुर महिषासुरमर्दिनी मां चामुंडेश्वरी कें कर्नाटकक आस्था, संस्कृति आ आध्यात्मिक परंपराक गौरवबतबैत कहलनि जे मैसूर राजपरिवारक आराध्य देवीक रूप मे सेहो मायक विशेष स्थान रहल अछि।देशभरि मे सनातन धर्मावलंबीक लेल ई स्थान आस्थाक प्रमुख केंद्र अछि। सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जेओ मां चामुंडेश्वरी सं मिथिला आ दरभंगा सहित समस्त देशवासी कें सुख, समृद्धि, शांति आ कल्याणकलेल प्रार्थना कयलनि तथा राष्ट्रक निरंतर प्रगतिक लेल आशीर्वाद मंगलनि। सांसद डॉ. ठाकुर प्रत्येक व्यक्तिक जीवन मे धर्मक अवधारणा कें महत्वपूर्ण बतबैत कहलनि जे धर्म मानव जीवन मे ऊर्जाक स्रोत अछि। एकर सिद्धिक बिना जीवनक लक्ष्य प्राप्त करब संभव नहि अछि।

## दरभंगा हवाई अड्डा पर केंद्रीय औद्योगिक बलक तैनाती लेल सांसद जतौलनि आभार

# सितंबर मे नागरिक उड्डयन मंत्री नव टर्मिनल निर्माण कार्यक करताह समीक्षा : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

**दरभंगा, समदिया**

दरभंगा हवाई अड्डा कें देश स्तर पर नंबर-1 बनेबाक लेल तैयारी शुरू कय देल गेल अछि। एतय उड़ान यात्रीक सुविधाक लेल रात्रि विमान अवतरण सुविधाक सभ औपचारिकता आ तैयारी पूरा कयल जा चुकल अछि। विमान कंपनी सभ सं समय-सारणी भेटिते रात्रि विमान अवतरण सेवा शुरू कय देल जायत। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी द्वारा नवंबर मे संभावित 942 करोड़ टाकाक लागत सं निर्माणाधीन नव टर्मिनल भवनक लोकार्पण कार्यक्रमक आलोक मे केंद्रीय नागरिक उड्डयन मंत्री राममोहन नायडू सितंबर मे दरभंगाअयताह आ नव टर्मिनल भवनक निर्माण कार्यक प्रगतिक समीक्षा करताह। एकर संगहि पहिने सं बनि कए तैयार भवनसभक संग दरभंगा हवाई अड्डा पर उड़ान कैफे केंद्रक उद्घाटन सेहो करताह। शुक्रदिन केंद्रीय नागरिक उड्डयन मंत्री राममोहन नायडूक अध्यक्षता मे कर्नाटकक मैसूर मे आयोजित भारत सरकारक नागरिक उड्डयन मंत्रालयक परामर्शदात्री समितिक बैसार मे भाग लेबाक बाद समितिकसदस्य सह स्थानीय सांसद आ दरभंगा हवाई अड्डा सलाहकार समितिक अध्यक्ष डॉ. गोपाल जी ठाकुर एहि बातक जानकारी देलनि। सांसद डॉ. ठाकुर बैठकक संबंध मे विस्तार सं जानकारी दैत कहलनि जे ओदरभंगा हवाई अड्डा कें अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डाक रूप मे



विकसित करबाक दिशा मे एखनहि संआवश्यक तैयारी शुरू करबाक मांग प्रमुखता सं रखने छथि। ओ अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डाक लेल आवश्यक आधारभूत संरचना, टर्मिनल विस्तार, हवाई पट्टी आ विमान अवतरणक सुविधासहित सीमा शुल्क आ आव्रजनक आवश्यक प्रक्रिया चरणबद्ध रूप सं शीघ्र पूरा करबाक आग्रह कयलनि। सांसद डॉ. ठाकुरकअनुसार परामर्शदात्री समितिक बैसार मे मैथिली भाषा मे पट्टिका आ दिशासूचक पट्ट, यात्री सुविधाकविस्तार, नव हवाई सेवा आ मार्ग, रात्रि विमान परिचालन, नीक विमान अवतरण सुविधा, हवाई माल ढुलाई आ माल परिवहन केंद्र तथा मिथिलाक पर्यटन, व्यापार, उद्योग आ रोजगार कें बढ़ावा देबय सं संबंधित महत्वपूर्ण विषय पर सेहो प्रमुखता सं चर्चा भेल। नायडू बैसार मे हुनका आश्वस्त कयलनि जे आगामी सितंबर मे केंद्रीय नागरिक उड्डयन मंत्री अपन सहयोगी आ अधिकारीसभक संग दरभंगा अयताह आ हवाई अड्डा सं जुड़ल सभ विकास कार्यक विस्तृत समीक्षा करताह। सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे केंद्रीयमंत्री दरभंगा मे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी द्वारा प्रस्तावित नव टर्मिनल भवनक उद्घाटन सं संबंधित तैयारी आ कार्यक समीक्षा सेहो करताह। सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे बैसार मे ओ हवाई अड्डाक प्रवेश द्वार पर हवाई अड्डाक नाम मिथिलाक्षर मे अंकित करबाक, कवि कोकिल बाबा विद्यापतिक नाम पर हवाई अड्डाक नामकरणक शीघ्र घोषणा करबाक, केंद्रीय औद्योगिक बल लेल सात एकड़ भूमि अधिग्रहणक प्रक्रिया पूरा करबाक, हवाई अड्डाक लेल अधिग्रहित 90 एकड़ भूमि कए रैयत आ किसान कें मुआवजा राशि शीघ्र भुगतान करबाक तथा राष्ट्रीयराजमार्ग-27 सं हवाई अड्डाक टर्मिनल भवन धरि 400 करोड़ टाकाक लागत सं बनेवला ट्रंपेट फ्लाईओवरक औपचारिकता शीघ्र पूरा करबाक जकां महत्वपूर्ण मुद्दा पर विस्तार सं चर्चा कयलनि। ओ कहलनि जे एकर सकारात्मक परिणाम शीघ्र देखबाक लेल भेटत। सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक दूरदर्शी नेतृत्व आ नागरिक उड्डयन मंत्री के. राममोहन नायडूक कुशल मार्गदर्शन मे दरभंगा हवाई अड्डा कें मिथिलाक आर्थिक प्रगति, पर्यटन, उद्योग, व्यापार, रोजगार आ वैश्विक संपर्कक प्रमुख द्वार बनेबाक दिशा मे ठोस पहल कयल जा रहल अछि। मिथिलाक उड़ान सेवा कें शीघ्रहि वैश्विक पहचान भेटत।

# अपर समाहर्ता सुनलनि आमजनक समस्या, त्वरित समाधानक देलनि निर्देश

## प्राप्त आवेदनक आलोक मे संबंधित पदाधिकारी सभ वर्चुअल माध्यम सं जुड़लाह

**मधुबनी, समदिया**

जिलाधिकारी आनंद शर्मा द्वारा देल गेल निर्देशक आलोक मे समाहरणालय स्थित कार्यालय कक्ष मे सेवा- संवाद-समाधान अनुश्रवण प्रणालीक अंतर्गत सभक सम्मान-जीवन आसान कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।कार्यक्रम मे अपर समाहर्ता, आपदा संतोष कुमार आमजन सं सीधा संवाद स्थापित कय हुनकर समस्या गंभीरतापूर्वक सुनलनि आ संबंधित पदाधिकारी सभ कें आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। एहि जनसंवाद कार्यक्रमक उद्देश्य आम नागरिक कें सरकारी कार्यालय सं संबंधित काज मे होयवला कठिनाइ कें दूर करब तथा प्रशासन आ जनता बीच नीक संवाद स्थापित करब अछि। कार्यक्रमक दौरान जिलाकविभिन्न प्रखंड आ पंचायत सं आएल दर्जन सभ लोक अपन-अपन समस्या अधिकारीसभक समक्ष राखलनि। समस्या सभक समाधान लेल संबंधित विभाग कें आवश्यक दिशा-निर्देश देल गेल। एहि क्रम मे घोघरडीहा अंचलक बबीता कुमारी भूमिहीन महादलित परिवार कें बासगीत भूमि आवंटित करबाक लेलआवेदन देलनि। तहिना



खजौली अंचलक शोभाकांत मिश्र जमीन पर जबरदस्ती कयल गेल अतिक्रमणहटेबाक लेल आवेदन देलनि। फूलपरास अंचलक गोडियारी निवासी रामनरेश मिश्रा सरकारी आम सड़क कें अतिक्रमण मुक्त करेबाक लेल आवेदन देलनि।पंडौल प्रखंडक निवासी सुशील कुमार फेर सं होमगार्ड ड्यूटी पर योगदान देबाक लेल आवेदन देलनि।रहिका अंचलक सोनौर निवासी परिवादी निर्मला झा खतियानी घरारी जमीन सं बेदखलीक मामिला मेजमीन मुक्त करेबाक लेल आवेदन देलनि। रहिका प्रखंडक निवासी विभा कुमारी पिता निधनक बाद लंबित पारिवारिक पेंशन आ उपदानक शीघ्र भुगतान लेल आवेदन देलनि। अपर समाहर्ता एहि अवसर पर कहलनि जे प्रशासन आमजनक समस्याक समाधान लेल पूर्ण रूप सं प्रतिबद्ध अछि। सभ पदाधिकारी कें निर्देश देल गेल अछि जे प्राप्त शिकायतक समयबद्ध, पारदर्शी आ प्रभावी समाधान सुनिश्चित करथि,जाहि सं आम नागरिक कें सरकारी कार्यालयक चक्कर नहि लगाबय पड़य आ हुनका नीक प्रशासनिक सेवाक लाभ भेटि सकय।

# सहरसा नगर निगम मे योजना पर उठल सवाल, गड़बड़ीक जांच लेल पहुंचल चारि सदस्यीय टीम

## तीन सं चारि करोड़ टाकाक काज मे गड़बड़ीक आरोप

सहरसा, समदिया

नगर निगम मे सरकारी राशि दुरुपयोग, वित्तीय अनियमितता आ निविदाक शर्तक उल्लंघनक आरोपक जांच लेल नगर विकास एवं आवास विभागक चारि सदस्यीय उच्चस्तरीय टीम शुक्रदिन सहरसा पहुंचल। टीम नगर आयुक्तक कार्यालय मे संबंधित योजना आ निविदा सं जुड़ल संचिकाक गहन जांच शुरू कय देने अछि। आरोपक अनुसार, सहरसा नगर निगम मे नियमक उल्लंघन करैत योजना सभ कें 15 लाख टाका सं कम लागत मे खंड-खंड मे विभाजित कयल गेल, जाहि सं सरकारी धनक दुरुपयोग भेल। जांच टीमक पहुंचते नगर निगम परिसर आ अधिकारी-कर्मचारीक बीच हड़कंप मचि गेल। टीम तत्काल सभ आवश्यक दस्तावेजक पड़ताल शुरू कयलक, जाहि सं निगमक काजकाज मे पारदर्शिता सुनिश्चित कयल जा सकय। नगर आयुक्तक कार्यालयक बाद टीम हवाई अड्डाक लग स्थित पार्क आ अन्य स्थल सेहो निरीक्षण कयलक। ई कारबाइ बिहार



सरकारक पूर्व मंत्री डॉ. आलोक रंजन द्वारा नगर विकास एवं आवास विभाग कें देल गेल विस्तृत परिवाद पत्रक आधार पर कयल गेल अछि। ओ अपन शिकायत मेनिगमक विरुद्ध कतेको गंभीर आरोप लगौने छलाह। एकर अतिरिक्त शहरक विभिन्न चौक-चौराहा परअवैध रूप सं टोल आ पार्किंग वसूली करेनाय तथा निविदाक शर्तक खुल्लमखुल्ला उल्लंघन करबाकआरोप सेहो अछि। जांच टीम विशेष रूप सं वर्ष 2026-27 लेल विभिन्न सैरातक बंदोबस्ती सं संबंधित संचिकाक पड़ताल कए रहल अछि। एहि मे पटेल मैदान स्थित निर्माणाधीन पार्क, वार्ड संख्या-13 स्थित आई.डी. सिंह चौकक लग जीर्णोद्धार कार्य तथा शाहपुर गाम स्थित पार्क निर्माण आ पोखर जीर्णोद्धारयोजना शामिल अछि। एकर संगहि वर्तमान नगर आयुक्त प्रभात कुमार झाक प्रभार ग्रहण करबाक तिथि सं आब धरि जारी सभ कार्यादेश सं संबंधित योजनाक सूची आ मूल संचिकाक सेहो गहन जांच कयल जा रहल अछि। विभाग द्वारा गठित एहि चारि सदस्यीय जांच दल मे संयुक्त सचिव संजय कुमार (अध्यक्ष),अवर सचिव परमानंद पांडेय (सदस्य), अधीक्षण अभियंता हरेंद्र उपाध्याय (सदस्य) आ सहायक अभियंता अखिलेश कुमार (सदस्य) शामिल छथि। जांच दल सभ अभिलेख आ जमीनी वास्तविकताक जांच कए 15दिनक भीतर स्पष्ट मंतव्यक संग अपन विस्तृत जांच प्रतिवेदन विभाग कें सौंपत। प्रतिवेदनक आधार पर दोषी पाओल जायवला कर्मचारी आ संवेदक पर कड़ा विभागीय आ कानूनी कारबाइक संभावना जताओल जा रहल अछि।

# बाल श्रमक विरुद्ध सामूहिक संकल्प आ व्यापक जन-जागरूकता अभियानक देखायल असरि

## शिवहर मे कमरौली बनत जिलाक पहिल बाल श्रम मुक्त पंचायत

शिवहर, समदिया

जिलाक पिपराही प्रखंडक अंतर्गत कमरौली पंचायत कें शिवहर जिलाक पहिल बाल श्रम मुक्त पंचायत घोषित करबाक दिशा मे व्यापक तैयारी पूरा कय लेल गेल अछि। 22 अगस्त 2026 कें विशेष ग्रामसभासह बाल श्रम मुक्त पंचायत घोषणा कार्यक्रमक माध्यम सं कमरौली पंचायत कें बाल श्रम मुक्त पंचायतघोषित कयल जायत। एहि ऐतिहासिक अवसर सं पहिने शुक्रदिन श्रम संसाधन एवं प्रवासी श्रमिक कल्याणविभाग, आदिथी कवच परियोजना, ग्राम पंचायत आ पंचायतस्तरीय बाल संरक्षण समितिक संयुक्त तत्वावधान मे पंचायत क्षेत्र मे व्यापक जन-जागरूकता अभियान चलाओल गेल। अभियानक नेतृत्व श्रमप्रवर्तन पदाधिकारी सुरेश कुमार कयलनि। बाल श्रमक विरुद्ध जागरूकताक संदेश पंचायतक प्रत्येकपरिवार धरि पहुंचाबयक उद्देश्य सं संपूर्ण पंचायत क्षेत्र मे जागरूकता रथक माध्यम सं माइकिंग कराओल गेल। लोक सभ सं अपील कयल गेल जे कोनो बच्चा सं श्रम नहि कराओल जाय, बच्चा कें विद्यालयपठाओल जाय तथा हुनका शिक्षा, सुरक्षा, संरक्षण आ सम्मानक अधिकार सुनिश्चित कयल जाय। एहि क्रम मे कमरौली पंचायतक छात्र-छात्रा सभ बाल श्रमक विरुद्ध जागरूकता रैली निकाललनि। रैली मे बच्चासभ विभिन्न नाराक माध्यम सं ग्रामीण सभ कें बाल श्रम रोकबाक, बच्चा कें शिक्षा सं जोड़बाक तथा बाल अधिकारक रक्षा लेल आगू आबयक आह्वान कयलनि। अभियानक दौरान श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी सुरेश कुमारक



नेतृत्व मे टीम पंचायत क्षेत्रक दोकान आ विभिन्न प्रतिष्ठानक निरीक्षण सेहो कयलनि। निरीक्षणक दौरान कोनो प्रतिष्ठान मे कोनो बच्चा श्रम करैत नहि भेटल। ई उपलब्धि पंचायतक जनप्रतिनिधि, ग्रामीण, व्यवसायी, विद्यालय, बच्चा सभ तथा श्रम संसाधन एवं प्रवासी श्रमिक कल्याण विभाग आ आदिथी कवच परियोजनाक सामूहिक प्रयास आजागरूकताक सकारात्मक परिणाम अछि। बाल श्रम मुक्त पंचायतक एहि अनूठ पहल कें सफल बनेबाक लेल पंचायतक प्रतिष्ठान संचालक सभ सेहो सराहनीय सहयोग देलनि। ओ सभ भविष्य मे सेहो अपनप्रतिष्ठान मे बाल श्रम नहि करायबाक शपथ-पत्र दए संकल्प व्यक्त कयलनि। ई संकल्प बाल श्रमउन्मूलनक दिशा मे सामुदायिक भागीदारी आ सामाजिक जिम्मेदारीक प्रेरणादायी उदाहरण अछि। एहि अवसर पर श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी सुरेश कुमार कहलनि जे कमरौली पंचायत कें बाल श्रम मुक्त बनायब मात्र प्रशासनिक उपलब्धि नहि, बल्कि संपूर्ण समाजक सामूहिक प्रतिबद्धताक परिणाम अछि। ओ कहलनिजे बच्चाक स्थान कार्यस्थल पर नहि, बल्कि विद्यालय मे अछि। बाल श्रम मुक्त पंचायतक ई पहल बच्चाक नीक भविष्य आ हुनकर अधिकारक रक्षा करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम अछि।

# अतिथि शिक्षकक पुकार : मुख्यमंत्री जी, आब आश्वासन नहि स्थायीकरणक चाही

## डॉ. अक्षय कहलनि जे विपक्ष मे छलहुं तं संग ठाढ़ छलहुं, आब अपने मुख्यमंत्री छी

सहरसा, समदिया

वर्षो धरि विश्वविद्यालय आ महाविद्यालयक कक्षा मे जिम्मेदारी निभबैत रहल अतिथि सहायकप्राध्यापकक लड़ाइ आब आश्वासन सं आगू निर्णायक निर्णयक दिस बढ़ि रहल अछि। बिहार राज्य अतिथि सहायक प्राध्यापक संघक आह्वान पर राजेंद्र मिश्र महाविद्यालय, सहरसाक अतिथि सहायक प्राध्यापक 25 अगस्त कें सामूहिक अवकाश लए पटना मे प्रस्तावित शांतिपूर्ण पैदल मार्च मे शामिल होयताह।महाविद्यालयक अतिथि शिक्षक सभ प्रधानाचार्य सं भेंट कए सामूहिक अवकाश आ पटना मार्च मे भागीदारीक जानकारी देलनि। शिक्षकसभक कहब अछि जे सात-आठ वर्षक निरंतर सेवाक बादो भविष्य अनिश्चित अछि। विश्वविद्यालयक स्नातकोत्तर



विभाग आ अंगीभूत महाविद्यालय मे शैक्षणिक जिम्मेदारी निभेबाक बावजूद स्थायी सेवा लेल आब धरि ठोस निर्णय नहि भए सकल अछि। महाविद्यालय अतिथिशिक्षक संघक कार्यकारी अध्यक्ष डॉ. अक्षय कुमार चौधरी मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सं सीधा हस्तक्षेपकअपील कयलनि। ओ कहलनि जे जखन सम्राट चौधरी विपक्ष मे छलाह, तखन अतिथि शिक्षकक सेवा नियमित करबाक मांगक समर्थन मे विधानसभा मुख्य द्वार पर बैनर लए ठाढ़ भेल छलाह। ओ कहलनि, तखन अपने हमर आवाजक संग ठाढ़ छलहुं। आब अपने स्वयं मुख्यमंत्री छी। वर्षो सं सेवा दए रहलअतिथि शिक्षकक भविष्य सुरक्षित करबाक निर्णायक अवसर अपनेक समक्ष अछि। डॉ. चौधरी सरकार सं अतिथि शिक्षकक सेवा कें मूल वेतनमान पर स्थायी करबाक दिशा मे ठोस पहल करबाक मांग कयलनि। अतिथि शिक्षक सभ कहलनि जे विधान परिषदक शिक्षा समितिक दिस सं कार्यरत अतिथि शिक्षककसेवाक अवधि 65 वर्ष धरि करबाक अनुशंसा कयल जा चुकल अछि। एकरा बावजूद आखरी निर्णय नहिभेला सं शिक्षक सभ मे निराशा अछि। पटना केर गर्दनीबाग मे पछिला करीब 15 दिन सं सेवास्थायीकरणक मांग कें लए कए आंदोलन चलि रहल अछि।

# नवहट्टा मे एक मास सं जारी कटाव बनल ग्रामीणक लेल पैघ चिंता, सैकड़ो घर पर मंडरा रहल खतरा

## बिरजायन आ रसलपुर मे कटावक स्थिति गंभीर, कतेको किलोमीटर सड़क क्षतिग्रस्त

सहरसा, समदिया

नवहट्टा प्रखंड मे पछिला एक मास सं जारी कटाव आब ग्रामीणसभक लेल पैघ चिंता बनि गेल अछि। सत्तौर पंचायतक बिरजायन आ नौला पंचायतक रसलपुर गाम मे कटावक स्थिति लगातार गंभीर होइत जा रहल अछि। सैकड़ो घर एकर चपेट मे आबि चुकल अछि, जखन कि कतेको किलोमीटर सड़क क्षतिग्रस्तभेला सं ग्रामीणसभक आवागमन पर सेहो असर पड़ल अछि। कटावक रफ्तार सं ओहि परिवारसभक चिंताबढ़ि गेल अछि, जकर घर आ जमीन एकर दायरा मे आबि रहल अछि। लगातार माटि खिसकय सं ग्रामीण सभ कें आशंका अछि जे स्थिति बेसी बिगड़ल तं कतेको आओर घर एकर चपेट मे आबि सकैत अछि। एहि परिस्थिति कें देखैत प्रशासन प्रभावित क्षेत्रक स्थलीय निरीक्षण



कए स्थिति बुझबाक काज शुरू कय देने अछि।डीएमक निर्देश पर गाम पहुंचल अधिकारीसभक टीम शुक्रदिन जिलाधिकारीक निर्देश पर अपर समाहर्ता आपदा मुकेश कुमारक नेतृत्व मे अधिकारीसभक टीम बिरजायन आ रसलपुर पहुंचल। टीम मे बीडीओ प्रिया भारती, जल संसाधन विभागक चंद्रायण प्रमंडलकअभियंता, ग्रामीण कार्य विभागक कार्यपालक अभियंता आ प्रखंड प्रमुख शमीम अख्तर शामिल छलथि। अधिकारी सभ दुनू गाम मे कटाव प्रभावित क्षेत्रक पैदल आ स्थलीय निरीक्षण कयलनि। एहि दौरान कटावसं क्षतिग्रस्त घर आ सड़कक स्थिति देखल गेल। अधिकारी सभ ई बुझबाक प्रयास सेहो कयलनि जे कोन क्षेत्र मे कटाव सभ सं बेसी तेजी सं बढ़ि रहल अछि। स्थानीय लोकक अनुसार, पछिला एक मास सं बेसी समय सं लगातार होइत रहल कटावक कारण स्थिति बिगड़ैत गेल अछि। कतेको घर एकर चपेट मे आबि चुकल अछि आ कतेको किलोमीटर सड़क सेहो क्षतिग्रस्त भए गेल अछि।ग्रामीण सभ लेल सभ सं पैघ चिंता घरक संग आवागमनक बाट कें लए कए अछि। सड़क क्षतिग्रस्त भेलासं दैनिक आवागमन प्रभावित भए रहल अछि। जं कटाव एहि तरहें जारी रहल तं प्रभावित क्षेत्र मे आवागमन आ सामान्य जनजीवनक समक्ष आओर पैघ समस्या ठाढ़ भए सकैत अछि। निरीक्षणक दौरान अधिकारी सभ स्थानीय लोक सं सीधा बातचीत कयलनि। ग्रामीण सभ हुनका कटावक वर्तमान स्थिति, क्षतिग्रस्त घर आ सड़कक समस्याक संबंध मे जानकारी देलनि। स्थानीय लोक प्रशासन सं शीघ्र राहति आ कटाव रोकबाक लेल प्रभावी कदम उठेबाक मांग कयलनि। ग्रामीणसभक चिंता मात्र वर्तमान नोकसान धरि सीमित नहि अछि। हुनका डर अछि जे जं समय रहैत कटाव पर नियंत्रण नहि पाओल गेल तं आगांक दिन मे नुकसानक दायरा आओर बढ़ि सकैत अछि। अधिकारी सभ प्रभावित क्षेत्रक स्थिति देखबाक संग राहति आ बचावक संभावित उपाय पर सेहो जानकारी लेलनि।

# पं. पलुस्कर आ उस्ताद बिस्मिल्लाह खांक योगदान कें कयल गेल स्मरण

दरभंगा, समदिया

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक विश्वविद्यालय संगीत एवं नाट्य विभाग, ललित कला संकाय,कामेश्वरनगर मे शुक्रदिन संगीत मर्मज्ञ पंडित विष्णु दिगंबर पलुस्कर आ भारतरत्न उस्ताद बिस्मिल्लाहखांक पुण्यतिथि पर व्याख्यान आयोजित कयल गेल। कार्यक्रमक मुख्य वक्ता इलाहाबाद केंद्रीयविश्वविद्यालय, प्रयागराजक संगीत विभागाध्यक्ष प्रो. पं. प्रेम कुमार मल्लिक (दरभंगा घराना) दुनू महानसंगीतज्ञक योगदान पर प्रकाश देलनि। ओ विद्यार्थी सभ कें संगीत क्षेत्र मे निरंतर आगू बढ़बाक इच्छाशक्ति, साधना आ तत्परता बनौने रखबाक आवश्यकता बतौलनि। संगहि गायनक गूढ़ तत्व सभ कें सरल तरीका सं बुझौलनि। पंडित पलुस्करक योगदान पर प्रकाश दैत ओ कहलनि जे हुनका द्वारा संगीतकें गुरुकुल परंपरा सं संस्थागत स्वरूप देबाक महत्वपूर्ण काज कयल गेल। विभागक सहायक प्राध्यापक डॉ.पुष्कर कुमार झा कहलनि जे पंडित पलुस्कर संगीत शिक्षा कें परिष्कृत करबाक संग स्वरलिपि पद्धतिआ बंदिश सभ मे भक्तिपरक शब्दावली कें विशेष महत्व देलनि। एकरा सं




पहिने अतिथि सभ दीपप्रज्वलित कए कार्यक्रमक शुभारंभ कयलनि। विद्वानसभक चित्र पर माल्यार्पणक बाद छात्र-छात्रा सभकुलगीत प्रस्तुत कयलनि। विभागाध्यक्ष प्रो. लावण्य कीर्ति सिंह काव्या अतिथिसभक स्वागत करैत आयोजनक उद्देश्य पर प्रकाश देलनि। ओ कहलनि जे पंडित पलुस्कर भारतीय संगीतक पवित्रता आ सात्विकता कें विश्वस्तर पर प्रतिष्ठित कयलनि। उस्ताद बिस्मिल्लाह खांक दरभंगा सं गहिर संबंधकउल्लेख करैत ओ कहलनि जे ओ राजदरभंगाक नियमित संगीतज्ञ रहलाह आ हुनकर शहनाईक गूंजसदिखन स्मरणीय रहत। अंत मे डॉ. अभिषेक स्मिथ धन्यवाद ज्ञापित कयलनि।

# शांभवी चौधरी बाबा कुशेश्वरनाथ पर कयलनि जलाभिषेक

कुशेश्वरस्थान, समदिया



समस्तीपुरक सांसद शांभवी चौधरी शुक्रदिन बाबा कुशेश्वरनाथ महादेव मंदिर पहुंचि विधिवत पूजा-अर्चनाआ जलाभिषेक कयलनि। हुनका संग हुनकर माता श्रीमती नीता केशकर चौधरी आ बिहार राज्य धार्मिकन्यास परिषदक सदस्य सायन कुणाल सेहो उपस्थित छलाह। पूजा-अर्चनाक बाद सांसद बाबा सं क्षेत्रवासी सभक सुख, शांति, समृद्धि आ कल्याण लेल प्रार्थना कयलनि। सांसद कहलनि जे बाबा कुशेश्वरनाथकपावन नगरी मे आबि पूजा-अर्चना करब हुनकर लेल सौभाग्यक विषय अछि। मिथिलाक संस्कृति आ आस्था सं जुड़ि हुनका आत्मिक शांतिक अनुभूति भेल। मंदिर पहुंचला पर मिथिलाक परंपराक अनुसार सांसद आ एहि अवसर पर भाजपा मंडल अध्यक्ष रौशन कुमार राय सांसद कें आवेदन दए केंवटगामा मुख्य मार्ग मे नाला निर्माण करबाक मांग रखलनि। सांसद आश्वासन देलनि जे समस्या कें संबंधितविभागक समक्ष उठाकऽ समाधान करबाक प्रयास कयल जायत। नगर पंचायत भाजपा अध्यक्ष राखी आनंद सेहो पाग-माला पहिरा कए सांसदक स्वागत कयलनि।

# अलीनगर मे 1.044 किलो गांजा बरामद, एकटा गिरफ्तार

अलीनगर, समदिया

अलीनगर थाना क्षेत्र मे विशेष वाहन जांचक दौरान पुलिस गुप्त सूचनाक आधार पर कारबाइ करैत 1.044 किलोग्राम गांजा बरामद कयलक अछि। एहि मामिला मे एक व्यक्ति कें गिरफ्तार कएन्यायिक कारबाइ लेल न्यायालय पठाओल जा रहल अछि। पुलिसक अनुसार, अलीनगर थानाध्यक्ष रंजीतकुमार शर्माक नेतृत्व मे 20 अगस्त 2026 कें करीब 20:05 बजे विशेष वाहन जांचक क्रम मे सूचनाभेटल जे धमसाइन गाम निवासी नारायण साह उर्फ बनीमा, पिता स्वर्गीय बलदेव साह, अपन किरानादोकान मे गांजा राखि पुड़िया बना कए बिक्री



करैत अछि। सूचना सत्यापनक बाद पुलिस टीम सशस्त्र बलक संग उक्त स्थान पर छापेमारी कयलक। छापेमारी आ तलाशीक दौरान किराना दोकानक गल्लाक लग उज्जर रंगक बोरा मे गांजा जकां पदार्थ लुकाओल अवस्था मे भेटल। पुलिस ओकरा विधिवत जब्त कयलक। जब्त पदार्थक कुल वजन 1.044 किलोग्राम बताओल गेल अछि। पुलिस घटनास्थल सं नारायण साह उर्फ बनीमा (करीब 50 वर्ष), पितास्वर्गीय बलदेव साह, निवासी धमसाइन, थाना अलीनगर, जिला दरभंगा कें गिरफ्तार कयलक। एहि संबंध मे प्राथमिकी दर्ज कए आगांक कानूनी कारबाइ कयल जा रहल अछि। छापेमारी दल मे थानाध्यक्ष रंजीत कुमार शर्मा सहित पीटीसी अरुण कुमार, सिपाही-1772 पप्पू कुमार, बीएपी-302083 पंकज मुखिया आ बीएपी-302070 रोशन कुमार झा शामिल छलाह।

## खबर प्रकाशित भेलाक बाद जिलाधिकारी दीपेश कुमार लेलनि संज्ञान

# नवहट्टा सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र मे दवाइ एक्सपायर मामिला मे तीन सदस्यीय टीम करत जांच

सहरसा, समदिया

नवहट्टा सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र मे सरकारी दवा एक्सपायर होयबाक आ रोगी कें अस्पताल सं बाहरकदवा लिखबाक मामिला आब प्रशासनक नजरि मे आबि गेल अछि। खबर प्रकाशित भेलाक बादजिलाधिकारी दीपेश कुमार मामिला कें गंभीरता सं लैत पूरा प्रकरणक जांच लेल तीन सदस्यीय टीमगठित कयलनि अछि। डीएम जांच टीम कें एक सप्ताहक भीतर स्पष्ट मंतव्यक संग प्रतिवेदन सौंपबाकनिर्देश देलनि अछि। मामिला एहि लेल सेहो महत्वपूर्ण अछि जे सरकारी अस्पताल मे आबयवला गरीब आजरूरतमंद रोगी कें सरकारक दिस सं निःशुल्क दवा उपलब्ध करबाक व्यवस्था अछि। एहन स्थिति मेअस्पताल मे दवा उपलब्ध रहितो रोगी कें बाहर सं दवा खरीदबाक आवश्यकता पड़ैत अछि अथवा सरकारीदवा भंडार मे पड़ल-पड़ल एक्सपायर भए जाइत अछि, तं एकर वास्तविक कारण जांचक बादे स्पष्ट भए सकत। नवहट्टा सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र मे सरकारी दवा एक्सपायर होयबाक आ रोगी कें बाहरक दवा लिखबाक शिकायत सामने एलाक



बाद एहि मामिला कें प्रमुखता सं प्रकाशित कयल गेल छल। खबरसामने एलाक बाद जिला प्रशासन संज्ञान लैत जांचक आदेश जारी कयलक अछि। डीएमक निर्देशक बादआब जांच कयल जायत जे अस्पताल मे दवाक रखरखाव, वितरण आ उपयोगक व्यवस्था कोन तरहेंसंचालित भए रहल छल तथा कतहु कोनो स्तर पर लापरवाही तं नहि भेल।जिलाधिकारी द्वारा गठित तीन सदस्यीय जांच टीम मे वरीय उप समाहर्ता सहरसा सिमरन, सिविल सर्जनसहरसा आ प्रखंड विकास पदाधिकारी नवहट्टा कें शामिल कयल गेल अछि। तीनू अधिकारी कें आपसी समन्वयक संग मामिलाक विस्तृत जांच करबाक निर्देश देल गेल अछि। जांच टीम कें मात्र मौखिक शिकायतक आधार पर प्रतिवेदन तैयार नहि करबाक अछि, बल्कि संबंधित दस्तावेज आ साक्ष्य सेहोजुटेबाक होयत। जांचक दौरान एक्सपायर दवाक छायाचित्र सहित अन्य आवश्यक साक्ष्य सेहो प्रतिवेदनक संग संलग्न करबाक होयत। एकर बाद जांच टीम पूरा मामिला पर अपन स्पष्ट मंतव्य दैत एक सप्ताहक भीतर प्रतिवेदन सौंपत। पहिने स्थानीय लोक आ मरीजक दिस सं आरोप लगाओल गेल छल जे अस्पताल मेसरकारी दवा उपलब्ध रहितो किछु रोगी कें बाहरक औषधि दोकान सं दवा खरीदबाक लेल पर्ची देल जा रहल अछि। जं जांच मे ई स्थिति सही पाओल जाइत अछि, तं सवाल ई सेहो उठत जे रोगी लेल उपलब्धकराओल सरकारी दवाक समय पर उपयोग किएक नहि भेल आ दवाक एक्सपायर होयबाक निगरानी कोनस्तर पर कयल जा रहल छल। शिकायतकर्ता सभ बाहरक दवा लिखल जायबाक पाछां कथितकमीशनखोरीक आशंका सेहो व्यक्त कयने छलाह। हालांकि, ई एखन मात्र आरोप अछि आ एकर स्वतंत्रपुष्टि नहि भेल अछि। आब जांच टीमक समक्ष ई पता लगाबयक जिम्मेदारी होयत जे रोगी कें बाहरक दवा कोन परिस्थिति मे लिखल गेल, अस्पताल मे संबंधित दवा उपलब्ध छल वा नहि आ दवाक खरीद आ वितरणक प्रक्रिया मे निर्धारित नियमक पालन भेल वा नहि।

# आम आवामक समस्याक निष्पादन पूरा संवेदनशीलताक संग करी : जिलाधिकारी

## छात्रावासक समस्याक समाधानक उद्देश्य सं 25 अगस्त सं विद्यार्थी सहयोग अभियान शुरू

सीतामढ़ी, समदिया

जिलाधिकारी तनय सुल्तानियाक अध्यक्षता मे समाहरणालय स्थित विमर्श सभा कक्ष मे विभिन्नविभागक समीक्षा बैसार आयोजित कयल गेल। बैसार मे विभिन्न विभागक जिलास्तरीय पदाधिकारीउपस्थित छलथि। सभ अनुमंडल पदाधिकारी, प्रखंड विकास पदाधिकारी, अंचल अधिकारी आ अन्य संबंधित पदाधिकारी वीडियो सम्मेलनक माध्यम सं जुड़ल छलथि। बैसार मे जिलाधिकारी सरकारक महत्वपूर्ण योजना, नीति आ कार्यक्रमक प्रभावी क्रियान्वयनक समीक्षा करैत सभ पदाधिकारी कें पूरा गंभीरता आसंवेदनशीलताक संग काज करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे सभ काज निर्धारित समय-सीमाक भीतर गुणवत्ता आ तय मानकक अनुरूप पूरा करब सुनिश्चित कयल जाय। संगहि आमजनक समस्याक त्वरित आ प्रभावी निष्पादन कें सर्वोच्च प्राथमिकता देबाक बात कहलनि। जिलाधिकारी सहयोग शिविरक व्यापक प्रचार-प्रसार करबाक निर्देश दैत कहलनि जे बेसी सं बेसी लोक धरि एकर जानकारी पहुंचाओलजाय, जाहि सं बेसी संख्या मे आवेदन प्राप्त भए सकय। ओ प्राप्त आवेदनक समयबद्ध तरीका संडिजिटलीकरण आ निष्पादन सुनिश्चित



करबाक निर्देश संबंधित नोडल पदाधिकारी आ अन्य संबंधितअधिकारी कें देलनि। बैठकक दौरान विद्यार्थी सहयोग पोर्टलक संबंध मे चर्चा करैत जिलाधिकारी पोर्टलक सघन प्रचार-प्रसार करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं बेसी सं बेसी छात्र-छात्रा एकर लाभ उठा सकथि आविद्यालय आ छात्रावास सं संबंधित समस्याक प्रभावी समाधान सुनिश्चित भए सकय। उल्लेखनीय अछिजे राज्य सरकार द्वारा विद्यालय आ छात्रावासक समस्याक समाधानक उद्देश्य सं 25 अगस्त संविद्यार्थी सहयोग अभियान शुरू करबाक निर्णय लेल गेल अछि। प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना आ कुटीर ज्योति योजनाक समीक्षा करैत जिलाधिकारी विद्युत कार्यपालक अभियंता कें आवश्यक दिशा- निर्देश देलनि। ओ कुटीर ज्योति योजनाक निर्धारित लक्ष्य कें समय-सीमाक भीतर पूरा करबाक पर विशेष जोर देलनि। राशन कार्ड निर्माणक समीक्षाक क्रम मे जिलाधिकारी लंबित आवेदनक ई-केवाईसी, ऑनलाइन प्रविष्टि आ राशन कार्ड बनेबाक प्रक्रिया मे तेजी आनबाक निर्देश देलनि। ओतहि किसान पंजीकरणकसमीक्षा करैत लंबित आवेदनसभक हर हाल मे रविदिन धरि निष्पादन सुनिश्चित करबाक कहलनि।राजस्व मामिलाक समीक्षा दौरान जिलाधिकारी परिमार्जन सं संबंधित मामिलाक त्वरित निष्पादनक निर्देश देलनि। ओ स्पष्ट कहलनि जे परिमार्जन मे 15 दिन सं बेसी पुरान मामिला लंबित नहि रहबाक चाही। संगहि ऑनलाइन दाखिल-खारिज, नामांतरण, परिमार्जन सहित राजस्व सं जुड़ल अन्य मामिलाक निष्पादन मे कोनो प्रकारक लापरवाही वा अनावश्यक विलंब कें गंभीरता सं लेल जायत। जिलाधिकारी सभ संबंधित अधिकारी कें निर्देश देलनि जे जनहित सं जुड़ल मामिला मे संवेदनशीलता, जवाबदेही आ तत्परताक संग काज करैत सरकारक योजनाक लाभ पात्र लाभुक धरि प्रभावी ढंग सं पहुंचेनाय सुनिश्चित करथि। बैसार मे अपर समाहर्ता आपदा प्रबंधन बृजकिशोर पांडे, एडीएम विभागीय जांच, वरीय उप समाहर्ता अमूल्य रत्न, वरीय उप समाहर्ता मो. इस्लाम, डीपीआरओ कमल सिंह सहित सभ जिलास्तरीय पदाधिकारी उपस्थित छलथि।

# एक लोटा गंगाजल आ तकर पाछां अरबों रुपैयाक कारोबार



कुमार नितेश

श्रावणी पथ : कड़ी-22

दुनूटा बातक बीचक संबंध पहिल नजरि मे स्पष्ट नहि होइत अछि। कांवरिया सुल्तानगंज मे गंगाजल भरैत अछि आ देवघर दिस चलि पड़ैत अछि। कन्हा पर कांवर, मोन मे संकल्प आ सामने बाबा बैद्यनाथक धाम। सुल्तानगंज सं देवघर धरि पसारल श्रावणी पथ पर साओन अबिते आस्था पैदल चलि पड़ैत अछि आ तकर पाछां एकटा संपूर्ण अर्थव्यवस्था सेहो गतिमान भए जाइत अछि।

दुनियांक बाजारक चित्र देखी तं ई संबंध किछु असामान्य बुझाइत अछि। कतहु बाजारक विस्तार लेल संसाधन पर अधिकारक होड़ अछि। तेलक बाजार पर प्रभुत्वक लड़ाइ सीमाक पार धरि पहुंचि जाइत अछि। अस्त्र-शस्त्रक कारोबार युद्धक आशंका आ ओकर विभीषिकाक संग बढ़ैत अछि। आर्थिक सामर्थ्य बढ़ैत अछि, मुदा तकर संग असुरक्षा, विस्थापन आ पलायनक कथा सेहो जन्म लैत अछि।

श्रावणी पथक दृश्य एकर विपरीत अछि। एतय कोनो संसाधन पर अधिकार लेल संघर्ष नहि होइत अछि। ककरो हटौने बिना दोसराक लेल बाजारक निर्माण होइत अछि। एक व्यक्तिक आवश्यकता दोसराक श्रमक अवसर बनैत अछि आ ककरो आमदनी तेसर घरक आवश्यकताक पूर्ति करैत अछि। एहि अर्थव्यवस्थाक पहिल विशेषता सेहो इएह अछि। एकर कोनो एकटा कारखाना नहि, कोनो एकटा मालिक नहि आ कोनो एकटा कंपनी सेहो नहि। एकर आरंभ तखन होइत अछि, जखन सुल्तानगंजक गंगातट पर कांवरिया जल भरैत अछि आ देवघर दिस प्रस्थान करैत अछि।

जतय ओकर पैर बढ़ैत अछि, ततय आवश्यकताक सेहो विस्तार होइत अछि। कांवर बनेनिहार हाथ सं लए कए बाटक छोट-छोट कारोबार धरि, ई यात्रा रोजगारक कतेको अवसर छोड़ैत आगू बढ़ैत अछि। भोजन, विश्राम, आवागमन आ पूजाक सामग्री सं जुड़ल असंख्य छोट कारोबार एहि प्रवाह मे अपन स्थान बनबैत अछि। एहि मे सं कोनो एक कारोबार बहुत पैघ नहि होइत अछि। मुदा ओकर बड़प्पन संख्या मे अछि। लाखो यात्रीक छोट-छोट आवश्यकता जखन एक मास धरि एकहि दिशा मे प्रवाहित होइत अछि, तखन असंख्य छोट कारोबारक धार मिलि कए अरबों रुपैयाक आर्थिक प्रवाहक रूप लए लैत अछि।

यैह श्रावणी पथक अद्भुत अर्थशास्त्र अछि। एतय कोनो एकटा पैघ बाजार नहि, मुदा किछु सप्ताह लेल संपूर्ण मार्ग आर्थिक गतिविधि सं भरि जाइत अछि। यात्रा जाहि ठाम पहुंचैत अछि, बाजार सेहो ओतहि अपन स्थान बना लैत अछि। सावन समाप्त होइत अछि तं ई अस्थायी बाजार फेर सिमटि जाइत अछि।



सामान्य बाजार मे ग्राहक बाजार दिस जाइत अछि। श्रावणी पथ पर बाजार ग्राहकक संग-संग चलैत अछि। यात्रा जतय पहुंचैत अछि, आवश्यकता सेहो ततय पहुंचैत अछि। आवश्यकता जतय पहुंचैत अछि, ततय रोजगारक नव अवसर उत्पन्न होइत अछि। मुदा एहि बाजारक सर्वाधिक विलक्षण पक्ष ई अछि जे एकर सब सं पैघ प्रेरक कोनो कंपनीक चेहरा नहि, बल्कि बाबा बैद्यनाथ छथि। व्यावसायिक ब्रांड उपभोक्ता कें अपन वस्तु धरि लए जाइत अछि। एतय आस्था कांवरिया कें यात्राक दिस लए जाइत अछि आ यात्रा अपन संग बाजार कें सेहो आगू लए चलैत अछि।

बाजार आस्थाक अनुगामी अछि।

कांवरिया जे धन खर्च करैत अछि, से मात्र एकटा दोकानदारक बिक्री नहि बनैत अछि। दोकानदार सामान खरीदैत अछि, तकरा सं दोसराक आमदनी होइत अछि। श्रमिक कें मजदूरी भेटैत अछि। पैसा ककरो घरक राशन धरि पहुंचैत अछि, ककरो बच्चाक पढ़ाइ मे लगैत अछि आ ककरो पुरान आर्थिक बोझ कें हल्का करैत अछि। एक मासक बाजारक प्रभाव कतेको मास धरि घरेलू जीवन मे पसरि जाइत अछि। मुदा जे धन देखाइत अछि, से संपूर्ण कथा नहि अछि। श्रावणी पथ पर एकर समानांतर एक एहन अर्थव्यवस्था सेहो चलैत अछि, जाहि मे खर्च कांवरियाक जेब सं नहि निकलैत अछि। भंडारा अछि, जलसेवा अछि, चिकित्सा शिविर अछि आ स्वयंसेवी श्रम अछि। कियो भोजनक व्यवस्था करैत अछि, कियो जल पहुंचबैत अछि, कियो राति-दिन ठाढ़ रहि चिकित्सा सेवा दैत अछि। एहि सभ पर खर्च कतहु-ने-कतहु होइत अछि, मुदा से कांवरियाक व्यक्तिगत खर्चक रूप मे दर्ज नहि होइत अछि।

अर्थव्यवस्था कें मात्र ओहि धन सं मापल जाय जे लोकक जेबी सं निकलैत अछि, तं एहि संपूर्ण संसारक पैघ हिस्सा गणना सं बाहर रहि जायत। एतहि दाम आ मूल्यक अंतर स्पष्ट होइत अछि। दाम धनराशि मे देखाइत अछि, मुदा मूल्य उपयोगिता, महत्त्व आ जीवन पर पड़निहार प्रभाव मे निहित होइत अछि। श्रावणी पथक अर्थव्यवस्थाक एक भागक दाम दर्ज होइत अछि आ दोसर भागक मूल्य समाज अपन आचरण सं निर्मित करैत अछि।

एतय बाजारक सामान्य परिभाषा किछु छोट पड़ि जाइत अछि। आर्थिक गतिविधिक हिसाब उत्पादन, खर्च आ आय सं राखल जा सकैत अछि, मुदा तकर मानवीय परिणामक हिसाब अलग अछि। ओहि राहति मे अछि जे कोनो सेवा सं भेटैत अछि। ओहि संतोष मे अछि जे सेवाकर्ताक मुख पर देखाइत अछि। ओहि आमदनी मे अछि जे ककरो छोट दोकानदारक घरक आगामी कतेको मास कें किछु सहज बना दैत अछि।

अर्थात एतय आर्थिक गतिविधिक एकटा परिणाम संतुष्टि सेहो अछि।

इएह बात श्रावणी पथ कें मात्र कारोबारक कथा बनय नहि दैत अछि। कोनो अर्थव्यवस्थाक आकार पैघ होयब अपने-आप मे ओकर श्रेष्ठताक प्रमाण नहि अछि। ई सेहो देखबाक चाही जे से मनुष्यक बीच कोन प्रकारक संबंधक निर्माण करैत अछि। दुनियां मे एहन बाजार सेहो अछि, जकर शक्ति संसाधन पर अधिकारक प्रतिस्पर्धा सं बढ़ैत अछि। प्रतिस्पर्धा जखन प्रभुत्वक लड़ाइ बनि जाइत अछि, तखन तकर संग असुरक्षा आ असंतोष सेहो बढ़ि सकैत अछि। तकर भार कतेको बेर ओहि लोक धरि पहुंचैत अछि, जे बाजारक निर्णय लेनिहार नहि होइत अछि।

श्रावणी पथ पर आर्थिक गतिविधिक स्वरूप एकर विपरीत देखाइत अछि। एतय लाखो लोकक आवश्यकता एक-दोसराक लेल अवसर बनैत अछि। कियो कमाइत अछि तं ककरो आवश्यकता पूरा होइत अछि। कियो सेवा करैत अछि तं ककरो कठिनाइ घटैत अछि। कियो दान करैत अछि तं ककरो यात्रा सहज होइत अछि। एक व्यक्तिक उपस्थिति दोसराक लेल बाधा नहि, बल्कि सहारा बनि सकैत अछि।

शायद इएह सहअस्तित्व एहि अर्थव्यवस्थाक मानवीय पक्ष अछि। ताहि लेल साओनक बाजार मात्र बाजार नहि अछि। एहि मे व्यापार अछि, मुदा व्यापार एकटा मात्र पक्ष नहि। एहि मे सेवा अछि, मुदा सेवा व्यापारक विरोधी नहि। एहि मे कमाइ अछि, मुदा कमाइक संग दोसराक आवश्यकता सेहो पूरा होइत अछि। एतय मूल्य अछि, मुदा मूल्यक बाहर मूल्यक एकटा पैघ संसार सेहो विद्यमान अछि।

आ एहि संपूर्ण संसारक केंद्र मे ओहि एक लोटा गंगाजल अछि, जे कांवरिया सुल्तानगंज सं उठबैत अछि। ओहि जलक बाजार मे कोनो दाम नहि। कांवरिया ओकरा लेल धन नहि दैत अछि। ओ अपन आस्था सं ओकर मूल्य चुकबैत अछि - श्रम सं, समय सं, तपस्या सं आ संकल्प सं। मुदा ओहि संकल्पक पाछां ककरो रोजगार बनैत अछि, ककरो व्यापार, ककरो सेवा, ककरो आमदनी आ ककरो संतोष।

ताहि लेल ओहि एक लोटा गंगाजल कें मात्र जल मानब ओकर अर्थ कें छोट करब होयत। ओ लाखो लोक कें एकहि दिशा मे जोड़निहार आस्था अछि आ ओहि आस्थाक पाछां चलनिहार एकटा एहन अर्थव्यवस्थाक आधार अछि, जाहि मे धन सेहो प्रवाहित होइत अछि आ सेवा सेहो।

साओन समाप्त होइत अछि। अस्थायी दोकान सभ सिमटि जाइत अछि। भंडारा बंद भए जाइत अछि। चिकित्सा शिविर लौटि जाइत अछि। कांवरिया अपन घर पहुंचि जाइत अछि। मुदा ओहि एक मासक कमाइ आ ओहि एक मासक सेवा ओतहि समाप्त नहि होइत अछि। ककरो घरक खर्च आगू चलैत अछि। ककरो बच्चाक पढ़ाइ जारी रहैत अछि। ककरो श्रम सं भेटल आमदनी घरक आवश्यकता मे अबैत अछि। ककरो छोट कारोबारी लेल ई कमाइ अगिला फसिल धरि सहारा बनैत अछि।

श्रावणी पथ पर आस्था एक मास लेल चलैत अछि, मुदा ओकर आर्थिक प्रभाव ताहि सं कतेको दूर धरि जाइत अछि। एक लोटा गंगाजल देवघर पहुंचैत अछि, मुदा तकर पाछां चलनिहार आर्थिक प्रवाह ने जानि कतेको घर धरि पहुंचि जाइत अछि।

इएह एहि अर्थव्यवस्थाक सब सं पैघ विशेषता अछि। एतय बाजार आस्था कें अपन भीतर समेटि कए नहि चलैत अछि। ओ आस्थाक पाछां चलैत अछि आ ओहि लोक धरि पहुंचैत अछि, जिनका लेल साओन मात्र एकटा पर्व नहि, बल्कि जीवनक एकटा सहारा सेहो अछि।

कांवरिया आस्थाक पाछां चलैत अछि।

आ बाजार कांवरियाक पाछां।

आ शायद अर्थशास्त्रक सब सं मानवीय प्रश्न सेहो इएह अछि - बाजार कतेक पैघ अछि, ई जानबाक पहिने ई देखल जाय जे ओ मनुष्य लेल कतेक मूल्यक सृजन करैत अछि।

इएह अछि श्रावणी पथक अर्थशास्त्र।

# यौन हमलाक बाद पीड़ित कें कानून कोना देखैत अछि?

रुचि कुमारी

कानून ई नहि कहैत अछि जे यौन हमला अथवा यौन उत्पीड़नक शिकार महिला कोन प्रकारक व्यवहार करय, अथवा कथित अपराधक शिकायत कतेक शीघ्र करय, जाहि सं ओकर बात कें विश्वसनीय मानल जाय। मुदा, साक्ष्यक जांच करैत समय न्यायालय सभ कखनो-कखनो शिकायत मे भेल विलंब, आरोपी सं घटना बादो बनल संपर्क आ दोसर गतिविधि कें ध्यान मे रखैत रहल अछि। मुदा एकटा महत्वपूर्ण प्रश्न ई अछि जे घटना बाद पीड़िताक व्यवहार कखन आवश्यक साक्ष्य बनि सकैत अछि आ कखन ओकरा आदर्श पीड़िताक कसौटी पर कसबाक रूप लए लैत अछि।



तरुण तेजपालक मामिला एहि प्रश्न कें विशेष रूप सं सामने अनलक। नवंबर 2013 मे गोआक एक होटल मे अपन कनिष्ठ महिला सहकर्मीक यौन उत्पीड़नक आरोप तेजपाल पर लागल छल। 2021 मे निचला कोर्ट हुनका दोषमुक्त कए देने छल। कोर्ट शिकायत कर्ताक व्यवहार, तेजपाल द्वारा पठाओल क्षमायाचनाक ई - मेल आ कथित घटनाक समय तथा ओकर बादक व्यवहारक विस्तार सं जांच केने छल। बाद मे बंबई उच्च न्यायालयक गोआ पीठ निचला कोर्टक एहि दृष्टिकोण कें समस्याग्रस्त मानलक आ तेजपाल कें दस वर्षक कठोर कारावासक दंड सुनौलक। उच्च न्यायालय कहलक जे पीड़िता सं सदिखन दुखी, कमजोर अथवा स्पष्ट रूप सं टूटल अवस्था मे देखाइ पड़बाक अपेक्षा करब वास्तविक मानवीय व्यवहार नहि बुझाइ अछि। विश्वसनीयताक निर्णय तथ्यक आधार पर होयबाक चाही जे आदर्श पीड़िताक कोनो संकीर्ण सामाजिक धारणा पर नहि। बृज भूषण शरण सिंहक मामिला एहि सं अलग परिस्थिति देखबैत अछि। महिला पहलवान सभ द्वारा यौन उत्पीड़नक आरोप लगाओल गेल छल। किछु आरोप पुलिस शिकायत सं कतेको वर्ष पहिने घटल कथित घटना सं संबंधित छल। बचाव पक्ष शिकायत मे भेल विलंब आ बयान मे कथित विरोधाभास कें आधार बनौलक। मुदा मई 2024 मे दिल्लीक एक अदालत आरोप तय करबाक लेल पर्याप्त सामग्री पाओलक। बादक दोषमुक्तिक निर्णय मे कोर्टक आरोपक विश्वसनीयता पर कठोर टिप्पणी करैत ओकरा रिहर्सल कएल, नीक जकां अभ्यास कएल आ प्लांटेड बतौलक।

**पंजाब बनाम गुरमीत सिंह :** 1996 मे सुप्रीम कोर्टक ऐतिहासिक पंजाब बनाम गुरमीत सिंह निर्णय मे कहल गेल जे यौन अपराधक पीड़िता आ ओकर परिवार सामाजिक प्रतिष्ठा, बदनामी आ घटना सं जुड़ल मानसिक आघातक कारण पुलिस मे शिकायत करबा मे संकोच कए सकैत अछि। ताहि लेल एफआईआर मे भेल विलंब कें मात्र आधार बना कए पीड़िताक कथनपर अविश्वास नहि कएल जा सकैत अछि। न्यायालय ई सेहो स्पष्ट केलक जे यौन अपराधक मामिला मे पीड़िताक गवाही अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। जं ओकर बयान विश्वसनीय अछि आ ओकर विरुद्ध कोनो ठोस कारण नहि अछि, तं मात्र स्वतंत्र पुष्टि नहि भेटबाक कारण आरोप अस्वीकार करबाक आवश्यकता नहि अछि। प्रत्येक मामिला मे पुष्टि मांगब पीड़िताक प्रति अनुचित संदेहक रूप लए सकैत अछि।

**अपराध कें छोट नहि देखबाक सिद्धांत :** अपर्णा भट्ट बनाम मध्य प्रदेश राज्य (2021) मामिला मे सुप्रीम कोर्ट मध्य प्रदेश उच्च न्यायालयक ओ आदेश रद्द कए देलक जाहि मे यौन हमलाक आरोपी कें जमानतक शर्तक रूप मे पीड़िता सं राखी बन्हेबाक बात कहल गेल छल। सुप्रीम कोर्ट कहलक जे एहन भाषा अथवा तर्कक प्रयोग नहि होयबाक चाही जाहि सं अपराधक गंभीरता कम हो अथवा पीड़िता कें हीन देखाओल जाए। पीड़िताक पहिने कोनो संबंध रहल, ओकर पहिरन, ओकर व्यक्तिगत जीवन अथवा ओकर व्यवहार कें आधार बना कए ई निष्कर्ष निकालब जे ओ कथित अपराध लेल स्वयं जिम्मेदार अछि - एहन दृष्टिकोण न्यायिक निर्णय मे स्वीकार्य नहि होयबाक चाही।

**शिकायत मे विलंब आ घटना बादक व्यवहार :** हिमाचल प्रदेश राज्य बनाम ज्ञान चंद मामिला सं ई सिद्धांत स्पष्ट भेल जे न्यायालय शिकायत मे भेल विलंबक कारणक जांच कए सकैत अछि।

# फरक्काक प्रश्न पर एकजुट होयत बिहारक राजनीति?

करुणानिधि

पछिला किछु दिन सं जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा राज्यसभा मे बांग्लादेशक संग दिसंबर 2026 मे समाप्त होमयबला 30 वर्षक जलसंधि कें नवीकरण नहि करबाक मांग केंद्र सरकार सं कए रहल छथि। ओ लगातार एहि विषय पर विभिन्न समाचार माध्यम सभक समक्ष अपन पक्ष राखि रहल छथि। आइ एहि विषय पर एक अखबारक पहिल पन्नापर हुनकर साक्षात्कार सेहो प्रकाशित भेल अछि। रोचक बात ई अछि जे एहि विषय पर राजदक लोकसभा सांसद सुधाकर सिंह सेहो प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कें पत्र लिखि एहि समझौता पर पुनर्विचार करबाक आग्रह केने छथि।



सुधाकर सिंह लिखने छथि जे ई बिहार लेल ऐतिहासिक आ अत्यंत संवेदनशील क्षण अछि। जतय संजय झा एहि जलसंधि कें नवीकरण नहि करबाक मांग कए रहल छथि, ओतहि सुधाकर सिंह एहि समझौता मे बिहार कें सेहो हितग्राहीक रूप मे सम्मिलित करबाक बात कहि रहल छथि। मुदा दुनू नेताक चिंता मूल रूप सं एकहि अछि - फरक्का जलसंधिक कारण बिहारक हितक क्षति भेल अछि आ एहि पर पुनर्विचार होयबाक चाही। जखन सुधाकर सिंह एकरा बिहार लेल ऐतिहासिक आ संवेदनशील क्षण कहैत छथि आ संजय कुमार झा लगातार एहि विषय कें प्रमुखता सं उठा रहल छथि, तखन प्रश्न उठैत अछि जे बिहारक दोसर राजनीतिक दल, राजनेता, मंत्री आ स्वयं राज्य सरकार एहि क्षणक महत्व कें बुझि रहल अछि कि नहि? की भाजपा, जदयू, राजद, लोजपा, हम, कांग्रेस, वामदल सहित बिहारक समस्त राजनीतिक दल एहि प्रश्न पर एकमत भए केंद्र सरकार पर दबाव बनेबाक लेल तैयार अछि?

**बिहार आ फरक्का जलसंधि :** वास्तव मे दुनू नेता जे प्रश्न उठा रहल छथि, ओकर सार ई अछि जे दिसंबर 1996 मे बांग्लादेशक संग भेल जलसंधि मे भारत सरकार सुखाड़क समय अर्थात लीन पीरियड मे बांग्लादेश कें 1500 क्यूमेक जल उपलब्ध करेनाइ सुनिश्चित केने छल। मुदा एहि अवधि मे बक्सर धरि गंगा मे मात्र 400 क्यूमेक पानि पहुंचैत अछि। एहि परिस्थिति मे बांग्लादेश कें 1500 क्यूमेक पानि देबाक लेल बिहार अपन नदी - सोन, गंडक, बागमती, बूढ़ी गंडक, कमला, कोसी आ महानंदाक पानि मिला कए एहि कमी कें पूरा करैत अछि। फलतः बिहारक अपन क्षेत्रक सिंचाइक लेल बहुत कम पानि बचैत अछि।

अर्थात बिहारक पानि सं केंद्र सरकार बांग्लादेश कें जल उपलब्ध करबैत अछि आ बिहारक धरती प्यासल रहि जाइत अछि। मुदा ई प्रश्न एतेक सरल सेहो नहि अछि। सवाल इहो अछि जे बिहार धरि पहुंचैत-पहुंचैत गंगा मे मात्र 400 क्यूमेक पानि किएक बचैत अछि? कारण ई जे लीन पीरियड मे ऊपरक राज्य गंगाक पानिक भरपूर दोहन कए लैत अछि आ बिहारक लेल पर्याप्त पानि छोड़ल नहि जाइत अछि। तें गंगाक जल-विभाजनक प्रश्न मे मात्र बांग्लादेश पर नहि, बल्कि उत्तर प्रदेश, दिल्ली आ उत्तराखंड सन राज्य सभ पर सेहो प्रश्न उठबाक चाही। बिहार कें ओकर न्यायोचित अधिकारक पानि भेटबाक चाही। एहि विषय पर सुधाकर सिंह अपन मत दृढ़ता सं रखैत छथि। हुनकर तर्क अछि जे जं बिहार मे गंगाक कुल क्षेत्रक 16 प्रतिशत भाग अछि, तं राज्य कें ओहि अनुपात मे पानि किएक नहि भेटय? जखन सरकार बांग्लादेश कें ओकर हिस्सा देबाक लेल तैयार अछि, तं बिहार कें ओकर अधिकार किएक नहि भेटय? मुदा दुनू नेता जे प्रश्न उठा रहल छथि, से मुख्यतः गंगाक जल-विभाजन धरि सीमित अछि। असल प्रश्न फरक्का बराजक अछि। फरक्का बराजक निर्माणक बाद बिहार बाढ़ि आ सुखाड़ दुनूक भयावह संकट सं जूझैत रहल अछि। फरक्का बराजक कारण बिहारक कतेको नदी गाद सं भरि गेल आ उत्थर भए गेल। फलतः समस्त उत्तर बिहार मे बाढ़ि एकटा गंभीर संकट मे परिणत भए गेल। दोसर दिस, गंगाजलक उचित विभाजन नहि भेलाक कारण राज्य सुखाड़क समस्या सं सेहो प्रभावित होइत रहल। नीतीश कुमार एहि समस्याक समाधान लेल फरक्का बराज कें हटेबाक अर्थात डिसमेंटल करबाक बात कहैत रहल छथि। मुदा वर्तमान समय मे संजय झा एहि विषय पर ओतेक मुखर नहि छथि। एकर कारण फरक्का बराज मे पश्चिम बंगालक विशेष रुचि भेनाइ अछि।

ई बराज हुगली मे नौवहन लेल उपयोगी मानल जाइत अछि। बंगाल मे आब भाजपा सरकार मे अछि। एहन परिस्थिति मे संजय झा गठबंधन धर्मक पालन करैत जलसंधिक पुनर्विचारक बात तं करैत छथि, मुदा फरक्का बराजपर खुलि कए अपन मत नहि रखैत छथि। मुदा जं बिहार कें अपन हितक लेल ठोस ढंग सं बात करबाक अछि तं जलसंधिक संग फरक्का बराजक प्रश्न सेहो उठाबय। एखन तं टिहरी सं कानपुर धरि गंगापर कतेको बराज बनि गेल अछि, जे अपन-अपन ढंग सं गंगाक जल कें नियंत्रित करैत अछि। अतः चर्चा प्रत्येक बराजपर होयबाक चाही आ गंगाक अविरल धाराक प्रश्न सेहो उठबाक चाही। तथापि जं बिहार मात्र अपन हितक बात करय, तं फरक्का बराज आ बांग्लादेशक संग भेल जलसंधिक कारण उत्पन्न बाढ़ि, सुखाड़ आ नदी सभ मे बढ़ैत गादक प्रश्न कें प्रमुखता सं उठा सकैत अछि।

# विषाक्त शराब सं होइत मृत्यु की कानून-व्यवस्थाक सभ सं पैघ परीक्षा अछि?

किशन सनमुखदास भावनानी

हालक दिन मे गुजरातक भावनगर जिला सं सामने आयल विषाक्त शराब त्रासदी एक बेर फेर पूरा देशक समक्ष ओ असहज प्रश्न ठाढ़ कए देने अछि, जकर उत्तर भारत वर्षो सं तकैत अछि –जखन मद्यनिषेध लागू अछि, कानून कठोर अछि, पुलिस, प्रशासन, आबकारी विभाग आ गुप्तचर तंत्र मौजूद अछि, तं आखिर विषाक्त आ अवैध शराब आम लोक धरि पहुंचैत कोना अछि? 20 अगस्त 2026 धरि उपलब्ध रिपोर्टक अनुसार भावनगर त्रासदी मे मृतकक संख्या सात सं बढ़ि कए आठ भए गेल अछि आ करीब 39 लोक उपचाराधीन छथि। जांच मे कथित रूप सं मेथनॉल सं बनाओल विषाक्त शराब, लोकप्रिय ब्रांडक नकली बोतल आ अंतरराज्यीय आपूर्ति तंत्रक संकेत भेटल अछि। पुलिस 21 आरोपितक नामजदगी आ 13 गोटेक गिरफ्तारीक जानकारी देने अछि। भावनगरक घटना एहि कारणें बेसी गंभीर अछि जे गुजरात भारतक ओहि राज्य सभ मे अछि जतय कतेको दशक सं मद्यनिषेध लागू अछि। मद्यक बिक्री, खरीद आ सेवनपर प्रतिबंधक मूल उद्देश्य सामाजिक स्वास्थ्य, परिवारक सुरक्षा आ निशा सं होमयबला अपराधपर नियंत्रण करब रहल अछि। मुदा जं प्रतिबंधित मद्य भूमिगत बाजार मे सहजता सं उपलब्ध भए जाए तं समस्या मात्र मद्यपान धरि सीमित नहि रहि जाइत अछि। ई अवैध अर्थव्यवस्था, संगठित अपराध, भ्रष्टाचार, नकली ब्रांड, रासायनिक विषाक्तता आ प्रशासनिक विफलताक संयुक्त संकट बनि जाइत अछि। भावनगर मे सामने आयल कथित नकली आईएमएफएल तंत्र एहि खतरनाक व्यवस्थाक संकेत दैत अछि। रिपोर्टक अनुसार मद्यक संबंध मध्य प्रदेश सं कच्चा मालक माध्य मे जुड़ल छल, जखनकि एकर निर्माण भावनगर क्षेत्र मे कएल गेल होयबाक बात जांच मे सामने आयल अछि। ई संपूर्ण जानकारी समाचार माध्यम सभ मे प्रकाशित समाचार पर आधारित अछि।



भावनगरक घटना कोनो एकाकी घटना नहि अछि। ई भारत मे विषाक्त शराबक ओहि अनगिनत त्रासदीक नव कड़ी अछि, जाहि मे निर्धन आ निम्न आय–वर्गक लोक सभ सं बेसी प्रभावित होइत रहल छथि। 2024 मे तमिलनाडुक कल्लाकुरिची मे मेथनॉल–मिश्रित अवैध मद्य सं भयावह त्रासदी भेल, जाहि मे अंततः 65 लोकक मृत्यु आ 200 सं बेसी लोकक प्रभावित होयबाक जानकारी सामने आयल। एहि घटना मे उल्टी, पेट–दर्द, दस्त आ गंभीर विषाक्तताक लक्षण देखल गेल। जांच मे मेथनॉलक उपस्थिति सामने आयल आ अवैध मद्यक तंत्र सं जुड़ल लोक पर कारबाइ भेल। ओकर एक वर्ष पहिने, मई 2023 मे तमिलनाडुक विलुप्पुरम आ चेंगलपट्टु जिला मे अवैध मद्यक सेवन सं 22 लोकक मृत्यु भेल छल। एकहि राज्य मे लगातार एहन घटना भेनाइ स्पष्ट करैत अछि जे समस्या कोनो एकटा गांव, विक्रेता अथवा स्थानीय गिरोह धरि सीमित नहि अछि। गुजरात स्वयं एहि संकट सं बारंबार जूझैत रहल अछि। जुलाई 2022 मे बोटाद आ लगपासक क्षेत्र मे विषाक्त शराबक त्रासदी मे सरकारी आंकड़ाक अनुसार मृतकक संख्या 42 धरि पहुंचि गेल छल। एहि मामिला मे औद्योगिक मेथनॉलक प्रयोगक बात सामने आयल छल। मेथनॉल सामान्य मद्य नहि, बल्कि औद्योगिक रसायन अछि, जे मानव शरीर मे प्रवेश कयलापर गंभीर विषाक्तता, दृष्टिहीनता, अंग–विफलता आ मृत्युक कारण बनि सकैत अछि। गुजरात मे जुलाई 2009 मे अहमदाबादक विषाक्त शराब त्रासदी मे 136 लोकक मृत्यु भेल छल। मुदा डेढ़ दशक सं बेसी समयक बाद 2022 आ 2026 केर घटना सं प्रश्न उठैत अछि जे मात्र कठोर कानून बनायब पर्याप्त अछि अथवा ओकर प्रभावी क्रियान्वयन लेल संपूर्ण प्रशासनिक तंत्र मे पुनर्गठनक आवश्यकता अछि? ई प्रश्न मात्र गुजरात धरि सीमित नहि अछि। बिहार मे 2022 केर छपरा–केंद्रित विषाक्त मद्य त्रासदी मे मृतकक संख्या 80 सं बेसी भए गेल छल। 2016 सं बिहार मे मद्यनिषेध लागू रहितो एहन घटना भेनाइ ई विरोधाभास देखबैत अछि जे कानून मे प्रतिबंध आ धरातल पर अवैध आपूर्ति दुनू एकहि समय चलि सकैत अछि, जं प्रवर्तन तंत्र मे गंभीर छेद हो। पंजाब मे 2020 केर विषाक्त मद्य त्रासदी मे अमृतसर, तरनतारन आ गुरदासपुर क्षेत्र मे मृतकक संख्या बादक रिपोर्ट मे करीब 120 धरि पहुंचि गेल छल। सभ घटना कें एक संग देखला पर भारतक समक्ष एक भयावह चित्र उभरैत अछि। कतहु मद्यनिषेध अछि, कतहु मद्य उपलब्ध अछि मुदा निर्धन लोक लेल महग अछि। कतहु सस्ते होबाक कारण अवैध मद्य बिकैत अछि तं कतहु प्रतिबंधक कारण भूमिगत बाजार बनि जाइत अछि। संगठित अपराधी लोकप्रिय ब्रांडक बोतल मे विषाक्त द्रव भरि उपभोक्ता कें ठकैत छथि। एहि सब मे सभ सं पैघ पीड़ित प्रायः ओहि लोक सभ होइत छथि, जिनका महग चिकित्सा, कानूनी सहायता आ सामाजिक सुरक्षाक पर्याप्त साधन नहि अछि। विषाक्त मद्य मात्र शरीर कें नहि मारैत अछि, बल्कि पूरा परिवारक आर्थिक मेरुदंड तोड़ि दैत अछि। एहि संकट लेल मात्र उपभोक्ता कें दोष देब पर्याप्त नहि अछि। अवैध मद्य सं दूर रहब आवश्यक अछि, मुदा शासनक दायित्व मात्र चेतावनी देब नहि, बल्कि ई सुनिश्चित करब सेहो अछि जे विषाक्त उत्पाद बाजार धरि पहुंचबे नहि करय। एकरा लेल पुलिस आ आबकारी विभागक पारंपरिक छापामारी सं आगू बढ़ि आपूर्ति–शृंखलाक गुप्त सूचना तंत्र विकसित करबाक आवश्यकता अछि। मेथनॉल आ अन्य औद्योगिक रसायनक खरीद–बिक्री, परिवहन आ उपयोगक डिजिटल निगरानी, संदिग्ध थोक खरीदक पहिचान, नकली बोतल आ लेबल बनाबयवला तंत्रपर कारबाइ तथा अंतरराज्यीय सूचना–साझेदारी आवश्यक अछि।

# पंजाब मे अकाली आ भाजपा मे गठबंधन भेल तं की बदलि सकैत अछि सत्ताक खेल!

पंजाब मे आगू होमय बला विधानसभा चुनावक राजनीतिक सरगर्मी बढ़िते नव राजनीतिक समीकरण बनेबाक कवायद तेज भए गेल अछि। शिरोमणि अकाली दल (एसएडी) आ भारतीय जनता पार्टी (भाजपा)क बीचक दूरी कम होइत देखाइ रहल अछि आ गठबंधनक चर्चा फेर जोर पकड़य लागल अछि। पहिने सुखबीर सिंह बादलक प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सं भेंट, तकर बाद सांसद हरसिमरत कौर बादलक संकेत आ आब बिक्रम सिंह मजीठिया द्वारा खुलि कए भाजपा-अकाली गठबंधनक वकालत करला सं एहि संभावना कें बेसी बल भेटल अछि। बिक्रम सिंह मजीठिया कहलनि जे पंजाबक लेल अकाली दल आ भाजपा गठबंधन समयक मांग अछि। पंजाबक जनता सेहो एहि गठबंधनक मांग कए रहल अछि। राज्यक परिस्थिति बदलि गेल अछि, तें आब राजनीतिक दृष्टिकोण बदलनाइ जरूरी भए गेल अछि। अकाली दल आ भाजपाक बीच बढ़ैत नजदीकीक पाछू राष्ट्रीय सुरक्षा आ सीमावर्ती राज्य मे सिख-हिंदू भाइचारा कें मजबूत करबाक जरूरत कें मुख्य कारण मानल जा रहल अछि। एहन स्थिति मे सवाल उठैत अछि जे जं अकाली दल आ भाजपा फेर एक संग अबैत अछि, तं पंजाबक राजनीतिक समीकरण कतेक बदलि जाएत? किसान आंदोलनक दौरान शिरोमणि अकाली दल आ भाजपाक कतेको वर्ष पुरान गठबंधन टूटि गेल छल। मुदा 2027क चुनावक आहट संग दुनू दलक बीच फेर सकारात्मक संकेत भेटय लागल अछि।

**पटरी पर आबि रहल अकाली दल आ भाजपाक संबंध**

सूत्रक अनुसार, किछु शक्ति पंजाबक सामाजिक आ धार्मिक मतभेदक लाभ उठेबाक प्रयास कए रहल छल। एहन स्थिति मे प्रस्तावित साझेदारी पंजाबक पूर्व मुख्यमंत्री प्रकाश सिंह बादल आ पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेयीक समयक राजनीतिक फॉर्मूलाक आधार पर होमय बला बताओल जा रहल अछि। एहि संभावित गठबंधनक केंद्र मे राष्ट्रीय सुरक्षा आ सिख-हिंदू समुदायक बीच सामाजिक सौहार्द कें मजबूत करनाइ शामिल अछि। सूत्रक कहब अछि जे दुनू दलक बीच बातचीत सही दिशा मे आगू बढ़ि रहल अछि आ दुनू पक्ष गठबंधनक जरूरत कें बुझि रहल अछि। बिक्रम मजीठिया एहि गठबंधन कें कानून-व्यवस्था, सीमा सुरक्षा आ सांप्रदायिक सद्भावक हित मे बतौलनि अछि।



### बदलल समय मे सीट बंटबाक की होयत फॉर्मूला?

भाजपा आ अकाली दलक बीच बातचीत शुरू जरूर भेल अछि, मुदा फिलहाल दुनू पार्टी एकटा व्यापक राजनीतिक सहमति बनेबाक पर ध्यान केंद्रित कए रहल अछि। सीट बंटबाक संवेदनशील मुद्दा पर बाद मे चर्चा होमयक संभावना अछि। मानल जा रहल अछि जे एहि बेर भाजपा पिछला व्यवस्थाक तुलना मे सीट सभक पैघ हिस्सा मांगत। पंजाब मे 2024क लोकसभा चुनाव मे पार्टीक प्रदर्शनक बाद ओकर मोल-भाव करबाक स्थिति मजबूत भेल अछि। एकरा सं पहिने अकाली दल राज्य मे ह्मपैघ भायह्लक भूमिका मे रहैत छल, मुदा आब राजनीतिक परिस्थिति बदलि चुकल अछि आ अकाली दलक स्थिति पहिने जकां मजबूत नहि रहल अछि।

### पंजाब मे कोना बदलल राजनीतिक परिस्थिति?

1997क बाद सं पंजाब विधानसभा चुनाव मे भाजपाक वोट हिस्सा करीब 10 प्रतिशतक आसपास रहैत छल, कारण ओ बहुत कम सीट पर चुनाव लड़ैत छल। 2022क विधानसभा चुनाव दुनू दल अलग-अलग लड़ल, जाहि मे भाजपा कें करीब 6.6 प्रतिशत वोट भेटल, जखनकि अकाली दलक वोट हिस्सा घटि कए करीब 18 प्रतिशत रहि गेल। 2024क लोकसभा चुनाव मे भाजपाक वोट हिस्सा तेजी सं बढ़ि कए करीब 18 प्रतिशत भए गेल। ओतहि शिरोमणि अकाली दलक वोट हिस्सा घटि कए करीब 13.4 प्रतिशत पर आबि गेल आ ओ चारिम स्थान पर खिसकि गेल। दोसर दिस, कांग्रेस आ आम आदमी पार्टी (आप) दुनू कंड 26 प्रतिशत सं किछु बेसी वोट भेटल। ई बदलल आंकड़ा आगू सीट बंटबाक बातचीत पर सीधा असर डालत।

### अकाली दल आ भाजपा एक संग आएल तं की बदलत?

नब्बेक दशक मे दुनू दल हाथ मिलौने छल। 1997 मे पहिल बेर भाजपा आ अकाली दल एक संग चुनाव लड़ल आ पूर्ण बहुमतक संग सत्ता कें आबि गेल। 117 सीट मे सं 93 सीट जीतैत गठबंधन सरकार बनौलक। एहि मे अकाली दल 37.64 प्रतिशत वोटक संग 75 सीट आ भाजपा 8.33 प्रतिशत वोटक संग 18 सीट जीतलक। 2002 मे गठबंधन कें हारक सामना करय पड़ल, मुदा दुनू दलक संयुक्त वोट हिस्सा करीब 35 प्रतिशत रहल।

2007क विधानसभा चुनाव मे गठबंधन वापसी कएलक, जाहि मे अकाली दल 37.09 प्रतिशत वोटक संग 48 सीट आ भाजपा 8.29 प्रतिशत वोटक संग 19 सीट जीतलक। 2012क चुनाव मे सेहो गठबंधन सफल रहल, मुदा 2017 मे सत्ता कांग्रेसक हाथ मे चलि गेल। जखन धरि दुनू दल एक संग चुनाव लड़ैत रहल, हुनकर संयुक्त वोट हिस्सा प्रायः 37 प्रतिशत सं बेसी रहल। गठबंधन टूटलाक बाद दुनू दलक राजनीतिक जनाधार प्रभावित भेल अछि। पंजाबक शहरी सीट पर भाजपाक कारण अकाली दल कें समर्थन भेटैत छल, तं ग्रामीण क्षेत्र मे अकाली दलक आधार पर भाजपा मजबूत होइत छल।

एकरा संग हिंदू मतदाता सेहो भाजपाक मौजूदगीक कारण गठबंधनक पक्ष मे मतदान करैत छलाह। पंजाब मे हिंदू मतदाताक रुख सरकार बनाबय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। राज्य मे करीब 38.49 प्रतिशत हिंदू आबादी अछि आ 31.94 प्रतिशत अनुसूचित जातिक आबादी अछि, जाहि मे हिंदू आ सिख दुनू शामिल छथि। अकाली दल हिंदू वोटबैंक कें अपन दिस करबाक प्रयास कए रहल अछि, मुदा भाजपाक बिना ओकरें अपेक्षित सफलता नहि भेटि रहल अछि। भाजपा परंपरागत रूप सं हिंदू बहुल सीट पर निर्भर रहल अछि आ ओकर नजरि ओहि 45 सीट पर अछि, जतय 60 प्रतिशत सं बेसी हिंदू आबादी अछि। एहन स्थिति मे जं दुनू दल फेर एक संग अबैत अछि, तं पंजाबक चुनावी गणित पूरा तरहे बदलि सकैत अछि। एतबे नहि, राज्य मे चुनावी त्रिकोण सेहो बनि सकैत अछि।

## पार्थ पवारक शरद पवार सं तीन घंटाक भेंट, फेर तेज भेल एनसीपीक दुनू गुटक एक संग अयबाक चर्चा

महाराष्ट्रक राजनीति मे बृहस्पति राति एकटा महत्वपूर्ण भेंट नव चर्चा कें जन्म दए देलक। राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी (अजित पवार गुट)क नेता आ सांसद पार्थ पवार मुंबई स्थित शरद पवारक आवास सिल्वर ओक पहुंचि हुनका सं लंबा बातचीत कएलनि। ई भेंट रात करीब 8 बजे शुरू भेल आ करीब 11 बजे धरि चलल।





### बंद कोठरी मे करीब तीन घंटा चलल बात

जानकारीक अनुसार दुनू नेता बीच बंद कमरा मे करीब तीन घंटा धरि बातचीत भेल। मुदा बैठकक बाद कोनो पक्ष बातचीतक विषय सार्वजनिक नहि कएलक। भेंटक कारण स्पष्ट नहि होमय सं राजनीतिक गलियारा मे कतेको तरहक अनुमान लगाओल जा रहल अछि। सब सं बेसी चर्चा एहि बातक भए रहल अछि जे की एनसीपीक दुनू गुटक बीच संबंध सुधारबाक कोनो प्रयास चलि रहल अछि। दीर्घकाल सं अलग-अलग राजनीतिक रास्ता पर चलि रहल दुनू गुट कें लए फेर अटकल तेज भए गेल अछि।

### हसन मुश्रीफ राजनीतिक अटकल कें कएलनि खारिज

एहि भेंट पर प्रतिक्रिया दैत एनसीपी (अजित पवार गुट)क वरिष्ठ नेता आ मंत्री हसन मुश्रीफ एकरा पारिवारिक भेंट बतौलनि। ओ कहलनि जे शरद पवार मात्र एकटा पैघ राजनीतिक नेता नहि, बल्कि पवार परिवारक मुखिया सेहो छथि। मुश्रीफ कहलनि जे पार्थ पवार हुनकर पोता छथि। जं कोनो पोता अपन दादा सं मार्गदर्शन लेबाक लेल जाइत अछि, तं एकरा राजनीतिक दृष्टिकोण सं नहि देखबाक चाही। ओ एहि भेंट कें लए लगाओल जा रहल राजनीतिक अर्थ कें बेसी महत्व नहि देबाक बात कहलनि।

### की फेर नजदीक आयत दुनू गुट?

भले भेंट कें पारिवारिक बताओल जा रहल अछि, मुदा एकर राजनीतिक अर्थ कें लए चर्चा तेज अछि। महाराष्ट्रक राजनीति मे एनसीपीक दुनू गुटक भविष्य कें लए लगातार चर्चा होइत रहल अछि। एहन स्थिति मे पार्थ पवार आ शरद पवारक ई लंबा बैठक कतेको सवाल छोड़ि गेल अछि। फिलहाल बैठकक एजेंडा सामने नहि आएल अछि, मुदा एहि भेंट सं राज्यक राजनीति मे नव संभावना आ समीकरण कें लए फेर चर्चाक दौर शुरू भए गेल अछि।

## जेन-जी सं लए बाढ़ि धरि... मायावती सरकार कें घेरलनि

बहुजन समाज पार्टी (बसपा) प्रमुख मायावती वंदे मातरम् गान कें लए देश मे चलि रहल राजनीतिक बहस पर सवाल उठौलनि। ओ कहलनि जे वंदे मातरम्क पूरा गान गाओल जाए, शुरूआती दू छंद गाओल जाए अथवा एकरा नहि गाओल जाए, एकरा लए जाहि तरहक राजनीति कएल जा रहल अछि, ओ उचित नहि अछि। मायावती कहलनि जे वंदे मातरम् गान कें लए हालहि मे संसद मे जे कानून पारित कएल गेल अछि, एहन पहिल बेर नहि भेल अछि। मायावती कहलनि जे केंद्र आ राज्य मे सत्ताक परिवर्तनक दौरान सभ राजनीतिक दल अपन राजनीतिक स्वार्थ आ फायदाक हिसाब सं निर्णय करैत रहल अछि। ओ आरोप लगौलनि जे कतेको बेर अपन कमी सं जनताक ध्यान हटेबाक लेल सेहो एहन कएल जाइत अछि। हुनकर अनुसार, सत्ता कें आबय बला दल एक-दोसर द्वारा बनाओल कानून मे बदलाव करैत रहल अछि। बसपा प्रमुख कहलनि जे वर्तमान समय मे देश आ जनहित सं जुड़ल कतेको महत्वपूर्ण मुद्दा अछि, जाहि पर केंद्र आ सभ राज्य सरकारक संग-संग राजनीतिक दल कें सेहो गंभीरता सं ध्यान देबाक चाही। ओ खास तौर पर बेरोजगार युवा आ छात्र-छात्राक मुद्दाक उल्लेख कएलनि। मायावती जेन-जी आ स्कूली बच्चा सभक जी-अल्फा पीढ़ी सं जुड़ल विषय कें सेहो महत्वपूर्ण बतौलनि। मायावती देशक किछु हिस्सा मे आएल भयंकर बाढ़ि सं होमय बला जान-मालक नोकसानक सेहो उल्लेख कएलनि। ओ कहलनि जे एहन कतेको अन्य अति-महत्वपूर्ण मुद्दा अछि, जाहि पर सरकार आ सभ राजनीतिक दल कें उचित ध्यान देबाक चाही। हुनकर अनुसार, वर्तमान समय मे देश आ जनहित सं जुड़ल एहि मुद्दा सभ पर ध्यान देनाइए समयक सब सं जरूरी मांग अछि।



**कहली- वंदे मातरम् कें नाम पर राजनीति उचित नहि**

# बिहारक राजनीति मे नव दावेदारी!

## नीतीश कुमारक विरासत पर उपेंद्र कुशवाहा खोललनि पत्ता

पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक सक्रिय राजनीति सं विराम लेबाक बाद हुनकर राजनीतिक विरासत कें लए बिहार मे दावेदारीक चर्चा तेज भए गेल अछि। राष्ट्रीय लोक मोर्चा (रालोमो)क राष्ट्रीय अध्यक्ष आ राज्यसभा सदस्य उपेंद्र कुशवाहा एहि मामिला मे अपन पार्टीक दावेदारी पेश कएलनि अछि। ओ कहलनि जे नीतीश कुमारक सक्रिय राजनीति सं अलग भेलाक बाद हुनकर राजनीतिक विरासत कें आगू बढ़ेबा कें लए चर्चा स्वाभाविक अछि। कतेको राजनीतिक दल एहि विरासत पर अपन दावा करत, मुदा रालोमोक मानब अछि जे बिहारक एकटा पैघ जमात चाहैत अछि जे ई जिम्मेदारी हुनकर पार्टी कें भेटय। राजगीर स्थित अंतरराष्ट्रीय कन्वेंशन सेंटरक उप सभागार मे रालोमोक तीन दिवसीय विमर्श शिविरक उद्घाटन सत्र कें संबोधित करैत उपेंद्र कुशवाहा कहलनि जे पार्टी बिहारक राजनीतिक आ विकासक विरासत कें आगू बढ़ेबाक लेल पूरा तरहे तैयार अछि। ओ कहलनि जे रालोमो एहि जिम्मेदारी कें निभेबा मे कतेक सफल होयत, ई भविष्य बताओत, मुदा पार्टी अपन दिस सं पूरा क्षमता सं तैयार अछि। उपेंद्र कुशवाहा पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक शासनकालक उपलब्धिक उल्लेख करैत हुनकर कार्यक सराहना कएलनि। ओ कहलनि जे नीतीश कुमार बिहारक विकासक लेल अपन सर्वस्व लगौलनि आ पिछड़ा राज्यक छवि सं बिहार कें बाहर निकालबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। ओ कहलनि जे नीतीश कुमारक सम्मान मे शिविरक आखरी सत्र मे धन्यवाद प्रस्ताव सेहो पारित कएल जाएत। रालोमो दिस सं नीतीशक राजनीतिक विरासत आ बिहारक विकासक दिशा कें आगू बढ़ेबाक प्रतिबद्धता सेहो व्यक्त कएल गेल। उपेंद्र कुशवाहा कहलनि जे बिहारक राजनीति मे सरकार बनाबय मे गठबंधनक महत्वपूर्ण भूमिका रहल अछि। गठबंधन मे शामिल सभ दल कें एक-दोसरक सम्मान आ सहयोग करबाक चाही। ओ पार्टी संगठन कें मजबूत आ अनुशासित बनेबाक पर सेहो जोर देलनि। कार्यकर्ता सभ सं तीन दिवसीय विमर्श शिविरक प्रत्येक सत्र मे गंभीरता सं भाग लेबाक अपील कएलनि। कुशवाहा कहलनि जे जे संगठन अपने व्यवस्थित आ अनुशासित नहि होयत, ओ समाज कें अनुशासनक संदेश नहि दए सकैत अछि।

**नीतीशक कार्यक सराहना कएलनि**



### राजगीर सं पुरान राजनीतिक जुड़ाव

कुशवाहा कहलनि जे राजगीर सं हुनकर राजनीतिक आ संगठनात्मक जुड़ाव बहुत पुरान अछि। ओ बतौलनि जे अपन राजनीतिक जीवनक पहिल शिविर सेहो ओ राजगीर मे आयोजित केने छलाह। ओहि समय समता पार्टीक गठनक पृष्ठभूमि मे जनता दल जॉर्ज नामक संगठन बनल छल। ओ कहलनि जे ओहि संगठन मे जननायक कपूर्री ठाकुरक समाजवादी विचारधाराक संग बिहारक विकासक सोच सेहो शामिल छल। एहि विचार आ भावना संग रालोमोक विमर्श शिविर मे बिहारक विकास विरासत कें आगू बढ़ेबाक संकल्प लेल जा रहल अछि।

रालोमो अध्यक्ष कहलनि जे हुनकर पार्टी बिहारक आकांक्षा आ विकासक राजनीति कें आगू बढ़ेबाक लेल पूरा क्षमता सं तैयार अछि। ओ कहलनि जे पार्टी बिहारक विरासत आ विकास कें नव ऊंचाइ देबाक लेल अपन दावेदारी पेश करैत अछि। नीतीश कुमारक सक्रिय राजनीति सं विराम लेबाक चर्चाक बीच कुशवाहाक ई बयान एहि लेल सेहो महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि जे ओ सीधा तौर पर अपन पार्टी कें हुनकर राजनीतिक विरासतक संभावित दावेदारक रूप मे प्रस्तुत कएलनि अछि।

### दीपक प्रकाश तेजस्वी यादव पर साधलनि निशाना

कार्यक्रम मे पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव पर निशाना साधलनि। ओ कहलनि जे विपक्ष कें सकारात्मक भूमिका निभेबाक चाही। संगहि ओ विदेश सं छुट्टी लए आंदोलन करबा कें लए तेजस्वी पर तंज सेहो कएलनि। एहि सं पहिने उपेंद्र कुशवाहा आ पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए शिविरक शुभारंभ कएलनि। कार्यक्रम मे रालोमोक प्रदेश पदाधिकारी, जिलाध्यक्ष, कार्यकारिणी सदस्य आ वरिष्ठ नेता सभ शामिल छलाह। उद्घाटन सत्र मे रालोमोक राष्ट्रीय उपाध्यक्ष सह विधायक रामेश्वर माथुर, राष्ट्रीय महासचिव सह विधायक माधव आनंद, बिहार प्रदेश अध्यक्ष विधायक आलोक कुमार सिंह, विधायक स्नेहलता, नितिन भारती सहित कतेको वरिष्ठ नेता अपन विचार रखलनि।

# मखानक विस्तार भारतक वैश्विक स्थिति कें आओर मजबूत करत : डॉ. मनोज कुमार

## दू दर्जन कृषक आ अधिकारीक तीन दिवसीय प्रशिक्षण आ परिभ्रमण कार्यक्रम संपन्न

दरभंगा, समदिया




राष्ट्रीय मखाना अनुसंधान केंद्र, दरभंगा मे मध्य प्रदेशक उद्यानिकी तथा खाद्य प्रसंस्करण विभाग द्वारा राष्ट्रीय मखाना बोर्डक अंतर्गत संचालित केंद्रीय योजनाक अंतर्गत दू दर्जन कृषक आ अधिकारीक तीनदिवसीय प्रशिक्षण आ परिभ्रमण कार्यक्रम संपन्न भेल। एहि अवसर पर केंद्र प्रभारी डॉ. आई.एस. सिंह प्रशिक्षणार्थी सभ कें संबोधित करैत कहलनि जे मखाना बिहारक संग-संग देशक महत्वपूर्ण जलीय फसलकरूप मे तेजी सं उभरि रहल अछि। ओ कहलनि जे वैज्ञानिक तकनीक आ आधुनिक प्रबंधन अपनाकए देशक अन्य अनुकूल क्षेत्र मे सेहो मखाना उत्पादन कें बढ़ावा देल जा रहल अछि। वरिष्ठ वैज्ञानिक डॉ. मनोज कुमार कहलनि जे विश्वक करीब 90 प्रतिशत मखाना भारत मे उत्पादित होइत अछि, मुदा वैश्विक मांगक तुलना मे एकर उत्पादन एखनहुं कम अछि। एहन स्थिति मे अनुकूल जलवायु आ पर्याप्त सतहीजलवाला क्षेत्र मे मखानाक विस्तार भारतक वैश्विक स्थिति कें आओर मजबूत करत।ओ कहलनि जे मखानाक विस्तार लेल भूमिगत जल पर निर्भरता जोखिमपूर्ण अछि। एकर विस्तार ओहि क्षेत्र मे कयल जेबाक चाही जतय प्राकृतिक जलजमाव अथवा पर्याप्त सतही जल उपलब्ध हो। मध्य प्रदेशक नर्मदापुरम, पन्ना, रायसेन, सिवनी, छिंदवाड़ा आ बालाघाट जकां जिला मे नीक बरखा, पर्याप्त जलसंसाधन आ अपेक्षाकृत कम जनसंख्या दबावक कारण मखाना उत्पादनक व्यापक संभावना अछि। वैज्ञानिक डॉ. धर्मेंद्र मखाना मे यांत्रिकीकरणक भूमिकाक विस्तार सं चर्चा करैत कहलनि जे आधुनिक उत्पादन आ प्रसंस्करण मशीनक उपयोग श्रम लागत कम करबाक संग नव क्षेत्र मे मखाना उत्पादनक तेजी सं विस्तार मे प्रभावी होयत।वैज्ञानिक एस.एम. राउत मखानाक संग माछ उत्पादन, ई.आर.के. राउत प्रसंस्करण आ मूल्य संवर्धनक आधुनिक तकनीक तथा वैज्ञानिक एस.बी. तराटे भूमि आ जल प्रबंधनक संबंध मे प्रशिक्षु सभ कें विस्तृत जानकारी देलनि। प्रशिक्षु सभ कहलनि जे प्रशिक्षण सं हुनकर आत्मविश्वास बढ़ल अछि आ मध्य प्रदेश मे मखाना क्षेत्रक विस्तार लेल ओ सभ निश्चित रूप सं प्रयास करताह।

# डीएमक निर्देश पर अपर समाहर्ता लगौलनि जनता दरबार



समस्तीपुर, समदिया

जिलाधिकारी रोशन कुशवाहाक निर्देश पर आइ समाहरणालय स्थित सभाकक्ष मे अपर समाहर्ता ब्रजेश कुमारक अध्यक्षता मे जनता दरबारक आयोजन कएल गेल। जनता दरबार मे जिलाक विभिन्न क्षेत्र संआयल आम नागरिक सभ अपन समस्या आ शिकायत सं संबंधित आवेदन प्रस्तुत कयलनि। जनतादरबार मे मुख्य रूप सं भूमि आ राजस्व सं संबंधित मामिला, दाखिल-खारिज, अतिक्रमण, पेंशन, राशन, आवास, सड़क, बिजली, नल-जल सहित विभिन्न विभाग सं संबंधित मामिला प्राप्त भेल। अपर समाहर्ता आम नागरिकसभक समस्या कें गंभीरतापूर्वक सुनलनि आ संबंधित पदाधिकारी सभ कें प्रत्येक आवेदनक जांच कए नियमानुसार त्वरित आ समयबद्ध कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। अपर समाहर्ता कहलनि जे आम नागरिकसभक समस्याक पारदर्शी आ समयबद्ध ढंग सं निष्पादन जिला प्रशासनक प्राथमिकताअछि। ओ संबंधित पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे जनता दरबार मे प्राप्त आवेदन परसंवेदनशीलताक संग कारबाइ करैत आवेदक सभ कें नियमानुसार समय पर राहति उपलब्ध कराओल जाए। ओ ईहो निर्देश देलनि जे जाहि मामिला मे अन्य विभाग अथवा अन्य स्तर सं समन्वयकआवश्यकता अछि, ताहि मे संबंधित पदाधिकारी आपसी समन्वय स्थापित कए समस्याक समाधान सुनिश्चित करथि। प्राप्त आवेदन पर कएल गेल कारबाइक नियमित समीक्षा करबाक निर्देश सेहो देल गेल। जनता दरबार मे विभिन्न विभागक संबंधित पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह।

# बिहार मे सरकारक इकबाल खत्म : तेजस्वी यादव

## राहुल आ मोहम्मद फैज हत्याकांड पर तेजस्वीक सरकार पर हमला, कहलनि

» पीड़ित परिजन सं भेंट कए नेता प्रतिपक्ष न्यायक लड़ाइ मे हरसंभव सहयोगक देलनि भरोस

दरभंगा, समदिया



लहेरियासराय थाना क्षेत्र मे स्वर्ण व्यवसायी राहुल साह आ पुरानी मुंसिफी निवासी मोहम्मद फैजक दिन-देखाड़ भेल हत्या कें लए कए नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव बृहस्पति कें दरभंगा पहुंचलाह। ओ दुनूमृतकक परिजन सं भेंट कए घटनाक जानकारी लेलनि आ शोकाकुल परिवारक प्रति संवेदना व्यक्तकयलनि। महानगर युवा राजद अध्यक्ष राकेश नायकक पहल पर पीड़ित परिवार सभ सं भेंटक दौरान दरभंगा व्यवसायी संघक अध्यक्ष रजनीश कुमार उर्फ बब्लू आ सचिव सुनील गराई तेजस्वी यादव कें व्यवसायी आ आम नागरिकक संग लगातार भए रहल आपराधिक घटनाक जानकारी देलनि। ओतहि मोहम्मद फैजक पिता मो. असद अहमद घटना सं संबंधित ज्ञापन नेता प्रतिपक्ष कें सौंपलनि। भेंटक बादमीडियाकर्मी सं बातचीत करैत तेजस्वी यादव कहलनि जे बिहार मे अपराधक घटना लगातार बढ़ि रहल अछि। दिन-देखाड़ हत्या जकां घटना सं आम लोक आ व्यवसायी मे भयक वातावरण अछि। ओ कहलनि, बिहार मे सरकारक इकबाल खत्म भए गेल अछि। ओ कहलनि जे अपराधीक मन मे कानूनक भय आआम नागरिक मे सुरक्षाक विश्वास कायम करब सरकारक जिम्मेदारी अछि। राहुल साह आ मोहम्मद फैजहत्याकांडक निष्पक्ष आ त्वरित जांच कए दोषीक विरुद्ध कड़ा कारबाइक मांग करैत ओ कहलनि जेपीड़ित परिवार कें न्याय दिअबय लेल सदन मे सेहो हरसंभव संघर्ष कयल जायत। तेजस्वी यादव दुनू परिवार कें भरोस देलनि जे राष्ट्रीय जनता दल दुखक एहि घड़ी मे हुनका सभक संग मजबूती सं ठाढ़ अछि आ न्यायक लड़ाइ मे हरसंभव सहयोग करत। मौका पर राजद सांसद संजय यादव, पूर्व केंद्रीय मंत्रीअली अशरफ फातमी, पूर्व मंत्री अब्दुल बारी सिद्दीकी, ललित यादव, पूर्व विधायक भोला यादव, डॉ. फराज फातमी, शाहीन, राकेश नायक, अमानुल्लाह खान अल्लन, मुमताज आलम, महताब सिद्दीकी, जावेद अनवर, दीदार हुसैन चांद सहित पैघ संख्या मे राजद नेता, कार्यकर्ता आ स्थानीय लोक उपस्थित छलाह।

# ई-केवाईसी शत-प्रतिशत पूरा करी, लंबित शिकायतक प्राथमिकताक संग करी निष्पादन : डीडीसी

## जी राम जी योजनाक काज मे तेजी अनबाक निर्देश, डीडीसी केलनि समीक्षा

मधुबनी, समदिया



डीआरडीए सभागार मे विकसित भारत–जी राम जी योजनाक क्रियान्वयन आ प्रगतिक समीक्षा कें लए बैसार आयोजित कएल गेल। बैठकक अध्यक्षता उप विकास आयुक्त-सह-अपर जिला कार्यक्रम समन्वयकसुमन प्रसाद साह कयलनि। वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं आयोजित एहि बैसार मे डीपीओ बीबी जीराम जी अशोक कुमार राय सहित सभ कार्यक्रम पदाधिकारी उपस्थित छलाह। बैसार मे योजनाक अंतर्गतमानव दिवस सृजन, मजदूरी आ सामग्री मद मे भुगतान, प्राथमिकता वाली योजना तथा विभिन्न लंबित काजक विस्तार सं समीक्षा कएल गेल। बैसार मे विकसित भारत–जी राम जी योजनाक अंतर्गत सृजित मानव दिवसक प्रगतिक जायजा लेल गेल। संगहि डीबीटी स्पर्शक माध्यम सं मजदूरी भुगतान तथाएसएनए स्पर्शक माध्यम सं सामग्री मदक लंबित देयताक भुगतानक स्थिति पर समीक्षा कएल गेल आभुगतान प्रक्रिया मे तेजी अनबाक निर्देश देल गेल।समीक्षाक क्रम मे सैचुरेशन मोड मे चयनित प्राथमिकता वाली योजनाक प्रगति पर सेहो चर्चा भेल। एहिमे ग्रामीण हाट, खेल मैदान तथा सिंचाई विभागक 20 घनसेक अथवा एकरा सं कम जलस्राव वाली लघुआ उप लघु नहर तथा जलवाहकक पुनर्स्थापन आ जीर्णोद्धार काज शामिल अछि। एकर अतिरिक्त ई- केवाईसीक प्रगति, वित्तीय वर्ष 2026-27 मे पौधारोपणक तैयारी तथा सीपीग्राम आ शिकायत पोर्टल पर लंबित शिकायतक निष्पादनक स्थितिक समीक्षा कएल गेल। एहि दौरान संबंधित पदाधिकारी सभ कें लंबित शिकायतक प्राथमिकताक आधार पर त्वरित निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल। मौकापर उप विकास आयुक्त सुमन प्रसाद साह कहलनि जे योजनाक लाभ निर्धारित समय-सीमा मे पात्रलाभुक सभ धरि पहुंचेनाइ जिला प्रशासनक प्राथमिकता अछि। ओ सभ संबंधित पदाधिकारी सभ कें योजनाक समय पर आ गुणवत्तापूर्ण क्रियान्वयनक संग डीबीटी/एसएनएक माध्यम सं भुगतान मे तेजी अनबाक, ई-केवाईसी शत-प्रतिशत पूरा करबाक तथा लंबित शिकायतक त्वरित निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि।

# करनाल मजदूरी करय गेल 27 वर्षीय राज मांझी लापता

## चारि छोट-छोट बच्चा सहित परिवार परेशान

समस्तीपुर, समदिय



शिवाजीनगर प्रखंडक अंतर्गत हथौड़ी थाना क्षेत्रक बल्लीपुर पंचायतक वार्ड 10 निवासी 27 वर्षीय राज माझीक लापता हेबाक मामिला सामने आयल अछि। राज माझी मजदूरी करय लेल करनाल गेल छलाह।हुनकर अनचोके लापता भेलाक बाद परिवारक लोक बहुत परेशान छथि। कतेको दिन सं हुनकर कोनोसुराग नहि भेटलाक कारण पत्नी सहित परिजनक चिंता लगातार बढ़ैत जा रहल अछि। एहि संबंध मे राजमाझीक पत्नी फूल कुमारी देवी हथौड़ी थाना मे लिखित आवेदन दए पुलिस सं अपन पतिक खोजबीन करबाक गुहार लगौलनि अछि। थाना मे देल आवेदन मे फूल कुमारी देवी कहलनि जे हुनकर पति राज माझी 14 अगस्त कें करीब 11 बजे दिन मे करनाल मे मजदूरी करय लेल घर सं निकलल छलाह। एकर बाद 15 अगस्त कें दिन मे करीब दू बजे धरि हुनकर पति सं मोबाइल फोन पर बातचीत भेल छल। बातचीत होइत धरि सभ किछु सामान्य छल। मुदा दुपहरिया करीब दू बजे बाद अनचोके हुनकर पति केर मोबाइल फोन बंद बताबय लागल। तकर बाद लगातार संपर्क करबाक प्रयास कयल गेल, मुदा हुनका संफेर बातचीत नहि भए सकल।फूल कुमारी देवी कहलनि जे मोबाइल बंद भेलाक बाद परिवारक लोक अपन स्तर सं सेहो राज माझी केरसंबंध मे जानकारी लेबाक प्रयास कयलनि। परिचित आ अन्य लोक सं संपर्क कए हुनकर संबंध मे पतालगाबयक कोशिश कयल गेल, मुदा एखन धरि हुनकर संबंध मे कोनो ठोस जानकारी नहि भेटि सकल अछि। शुक्र 21 अगस्त धरि राज माझीक कोनो पता नहि चललाक कारण परिवारक लोक बहुत चिंतित छथि। राज माझीक लापता भेलाक बाद परिवारक सामने परेशानी आ चिंता दुनू बढ़ि गेल अछि। पत्नी फूल कुमारी देवीक संग हुनकर चारि छोट-छोट बच्चा छथि। एहि मे 10 वर्षीय निशा कुमारी, आठ वर्षीयशीतल कुमारी, छह वर्षीय प्राची कुमारी आ चारि वर्षीय अयांश कुमार शामिल छथि। पिता कतेको दिन संघर नहि लौटलाह आ हुनकर कोनो जानकारी नहि भेटलाक कारण परिवार मे चिंता व्याप्त अछि। पत्नी आ बच्चा सभ कें लगातार हुनकर सकुशल घर वापस अयबाक आशा अछि। परिजन हथौड़ी पुलिस सं राज माझीक शीघ्र सं शीघ्र खोजबीन कराबय तथा हुनकर संबंध मे जानकारी प्राप्त करबाक मांग कयलनि अछि। पत्नी अपन आवेदन मे पुलिस सं आग्रह कयलनि अछि जे मामिलाक गंभीरतापूर्वक लैत लापता पतिक तलाश लेल आवश्यक कारबाइ कएल जाय, जाहि सं परिवार कें हुनकर संबंध मे जानकारी भेटि सकय। एहि संबंध मे हथौड़ी थानाध्यक्ष मौसिम कहलनि जे राज माझीक गुमशुदगी कें लए लिखित आवेदन भेटल अछि। आवेदनक आधार पर आगांक कारबाइ कएल जा रहल अछि आ गुमशुदा व्यक्तिक संबंध मे आवश्यक जानकारी जुटाबयक प्रयास कएल जा रहल अछि।

# हाई स्पीड बाइकक ठोकर सं सेवानिवृत्त शिक्षकक मृत्यु

## रोसड़ा-हथौड़ी मुख्य पथ पर भेल दुर्घटना, बाइक सवार दू युवक सेहो घायल

समस्तीपुर, समदिया



शिवाजीनगर प्रखंडक अंतर्गत बंधार पंचायतक वार्ड 14 निवासी 61 वर्षीय सेवानिवृत्त शिक्षक ललन बैठाकबृहस्पतिक देर सांझ सड़क दुर्घटना मे मृत्यु भए गेल। दुर्घटना रोसड़ा-हथौड़ी मुख्य पथ पर सुगा रमौलपुलक लग हुनकर घरक सामने भेल। घटना भेलाक बाद मृतकक परिजन मे कोहराम मचि गेल।परिजनक कानि-कानि कए बुरा हाल अछि। जानकारीक अनुसार ललन बैठा अपन घरक सामने सड़कक कात बैसल छलाह। एहि बीच रोसड़ाक दिस सं तेज रफ्तार मे आबि रहल बाइक संख्या बीआर 33 बीएफ 2150 हुनका जोरदार ठोकर मारि देलक। ठोकर एतेक जोरदार छल जे ललन बैठा गंभीर रूप सं घायल भए सड़क पर खसि पड़लाह आ घटनास्थल परे हुनकर मृत्यु भए गेल। दुर्घटनाक बाद आसपासक लोककभीड़ घटनास्थल पर जुटि गेल। बताओल गेल जे बाइक पर दू युवक सवार छलाह। दुनूक पहचान बेला पबरा हरिपुरा निवासी रामलाल राय आ राजन रायक रूप मे भेल अछि। राजन राय केर पिताक नाम दिनेश यादव बताओल गेल अछि। दुर्घटना मे दुनू बाइक सवार सेहो घायल भए गेलाह, जिनकर इलाजनिजी अस्पताल मे कराओल गेल।मृतक ललन बैठा सेवानिवृत्त शिक्षक छलाह। हुनकर दू पुत्र छथि। दुर्घटनाक खबर भेटिते परिवारक सदस्यआ सगा-संबंधी मे शोकक लहर दौड़ि गेल।घटनास्थल पर मौजूद ग्रामीण सभ कहलनि जे रोसड़ा-हथौड़ी मुख्य पथ पर प्रायः तेज रफ्तार वाहन चलैत रहैत अछि, जाहि सं दुर्घटनाक आशंका बनल रहैत अछि। ग्रामीण सभ मार्ग पर तेज रफ्तार वाहन पर नियंत्रण लगाबय, नियमित वाहन जांच कराबय तथा यातायात नियमक सख्ती सं पालन कराबयक मांग कयलनि। एहि संबंध मे थानाध्यक्ष सह निरीक्षक लालबाबू कुमार कहलनि जे सड़क दुर्घटना मे एक व्यक्तिक मृत्यु भेल अछि। सूचना भेटलाक बाद पुलिस पदाधिकारी कें घटनास्थल पर पठाओल गेल छल। ओ कहलनि जे ओ स्वयं सेहो घटनास्थल पर गेल छलाह। परिजन द्वारा शवक पोस्टमार्टम नहि कराओल गेल।

रोसड़ा मे रजिस्ट्री काज प्रभावित

# पेपरलेस रजिस्ट्रीक विरोध मे कातिब सभक अनिश्चितकालीन आंदोलन

रोसड़ा, समदिया



बिहार मे जमीन रजिस्ट्रीक प्रक्रिया कें डिजिटल बनेबाक उद्देश्य सं 17 अगस्त सं राज्य भरि मे पेपरलेस रजिस्ट्री व्यवस्था लागू कए देल गेल अछि। नव व्यवस्था केर अंतर्गत क्रेता आ विक्रेताक पहचानओटीपीक माध्यम सं सत्यापित कएल जाएत आ रजिस्ट्री पूरा भेलाक बाद दस्तावेजक डिजिटल स्वरूपउपलब्ध कराओल जाएत। मुदा, नव व्यवस्था कें लए रोसड़ा मे कातिबसभक आपत्तिक कारण रजिस्ट्रीक काज प्रभावित भए रहल अछि। कातिब सभ काजक बहिष्कार करैत अनिश्चितकालीन आंदोलन शुरू करबाक घोषणा कयलनि अछि। रोसड़ा मे कातिब संघक बैसार मे नव व्यवस्थाक प्रति अपन आपत्ति दर्जकराओल गेल। संघक कहब अछि जे ओ डिजिटल आ पेपरलेस व्यवस्थाक विरोध नहि करैत अछि, मुदा नव प्रक्रिया सं जुड़ल किछु व्यावहारिक आ पेशागत समस्या कें लए सरकार सं आवश्यक मांग पूरा करबाक अपेक्षा अछि। एहि मांग कें लए कातिब संघ आंदोलन कए रहल अछि। कातिबसभक काजक बहिष्कारक सीधा असर रोसड़ा निबंधन कार्यालयक काजकाज पर पड़ल अछि। रजिस्ट्री काज प्रभावित भेलाक कारण विभागक राजस्व पर सेहो असर पड़बाक बात सामने आबि रहल अछि। कातिबसभक कहबअछि जे जखन धरि हुनकर मांग पर सरकार दिस सं सकारात्मक पहल नहि होइत अछि, तखन धरिआंदोलन जारी रहत। प्रदर्शन आ बैसार मे सदाशिव शरण प्रसाद, शंभू, रामचंद्र झा, अंजनी कुमार, सुशील, अशफाक अहमद खां, सूर्यदेव सिंह, राजकिशोर पोद्दार, सुबोध लाल, अब्दुल, गोपी रमन लाल, शशि लाल, नरेश साह आ शरण कुमार मंडल सहित जिला समिति केर सदस्य उपस्थित छलाह। बिहार दस्तावेज महासंघक सह महामंत्री सुरेश कुमार सिन्हा सेहो बैसार मे मौजूद छलाह। कातिब संघक प्रतिनिधि सभ कहलनि जे पेपरलेस रजिस्ट्री व्यवस्था पारदर्शिता आ डिजिटल सुविधाक दिशा मे एकटा कदम अछि, मुदा एकरा लागू करबाक पहिने कातिबसभक समस्या आ हुनकर मांग पर सरकार कें गंभीरतापूर्वक विचार करबाक चाही। संघ मांगक समाधान लेल सरकार सं शीघ्र वार्ता करबाक अपील कयलक अछि। मांगक समर्थन मे अनिश्चितकालीन आंदोलन जारी रखबाक घोषणा कएल गेल अछि।

# म.वि. बेला पंचरुखी मे इको क्लबक विशेष बैसार आयोजित

समस्तीपुर, समदिया

समस्तीपुर प्रखंडक मध्य विद्यालय बेला पंचरुखी मे इको क्लबक नोडल शिक्षक संजीव कुमार झाक अध्यक्षता मे विशेष बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे इको प्रिज्मक कार्यक्रम कार्यकारी अरुण राणा पर्यावरणक मुख्य छह घटक - वायु, ऊर्जा, भूमि, भोजन, पानि आ कचरा—क प्रबंधन तथा हरित लेखा- परीक्षणक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देलनि। प्रधानाध्यापक मुकेश कुमार कहलनि जे विद्यालयक पोषक क्षेत्र सहित रूप नारायणपुर बेला पंचायतक हरित लेखा-परीक्षण करबाक बाद आवश्यक कदम उठबैत स्वच्छ पर्यावरण निर्माणक दिशा मे आगू बढ़ब हमर मुख्य लक्ष्य अछि। मौका पर बाल संसदक प्रधानमंत्री अनन्या कुमारी, उप प्रधानमंत्री किशन राज सहित सभ मंत्री, इको क्लबक सदस्य आ शिक्षिका इंदिरा कुमारी आदि उपस्थित भए एहि काज मे भरपूर सहयोग देलनि।

# जिलाधिकारीक केलनि आत्मा शासी परिषदक बैसार

समस्तीपुर, समदिया




जिलाधिकारी रोशन कुशवाहाक अध्यक्षता मे आइ समाहरणालय सभाकक्ष मे आत्मा शासी परिषदक बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे जिला मे कृषि आ संबद्ध क्षेत्रक विकास, किसान सभ कें आधुनिकतकनीक सं जोड़बाक तथा कृषि विभाग द्वारा संचालित विभिन्न योजनाक प्रभावी क्रियान्वयन कें लएविस्तार सं समीक्षा कएल गेल। बैठकक दौरान कृषि क्षेत्र मे तकनीकी हस्तक्षेप, किसान सभ कें प्रशिक्षण आ क्षमता निर्माण, नव कृषि तकनीकक प्रचार-प्रसार, फसल विविधीकरण तथा कृषि सं संबंधित व भिन्न गतिविधि कें बढ़ावा देबाक संबंध मे चर्चा भेल। जिलाधिकारी किसान सभ धरि कृषि वैज्ञानिक आ विशेषज्ञक तकनीकी जानकारी प्रभावी ढंग सं पहुंचय, एहि पर विशेष जोर देलनि। जिलाधिकारी संबंधित पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे आत्माक माध्यम सं संचालित प्रशिक्षण आ किसान हितकारीगतिविधिक लाभ बेसी सं बेसी किसान सभ धरि पहुंचाओल जाए। किसान सभ कें उन्नत कृषि पद्धति,आधुनिक कृषि यंत्र, वैज्ञानिक खेती, जैविक आ प्राकृतिक कृषि, बागवानी तथा कृषि सं जुड़ल अन्यलाभकारी क्षेत्रक संबंध मे नियमित रूप सं जागरूक आ प्रशिक्षित कएल जाए। बैसार मे किसानसभक आयमे वृद्धि, कृषि उत्पादकता बढ़ेबाक तथा कृषि आ संबद्ध क्षेत्र मे रोजगार आ स्वरोजगारक अवसर सृजित करबाक उद्देश्य सं विभिन्न गतिविधि कें प्रभावी ढंग सं संचालित करबाक विषय पर सेहो विचार-विमर्श कएल गेल। जिलाधिकारी कहलनि जे कृषि योजनाक वास्तविक लाभ खेत आ किसान धरि पहुंचनाइ चाही। ओसंबंधित अधिकारी सभ कें योजनाक क्रियान्वयन मे पारदर्शिता, गुणवत्ता आ समयबद्धता सुनिश्चित करबाक तथा किसानसभक समस्याक त्वरित समाधान लेल आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि।बैसार मे उप विकास आयुक्त, जिला कृषि पदाधिकारी, आत्माक परियोजना निदेशक सहित कृषि आ संबद्ध विभागक संबंधित पदाधिकारी तथा शासी परिषदक सदस्य उपस्थित छलाह।

# कस्तूरबा गांधी विद्यालयक छात्रा सभ कएलनि कार्यालयक घेराव

**कतेको छात्रा बेहोश**

कोडरमा, समदिया



» कुव्यवस्थाक विरोध मे 8 किलोमीटर पैदल चलि प्रखंड कार्यालय पहुंचली

कोडरमा जिलाक सतगांवां प्रखंड स्थित कस्तूरबा गांधी विद्यालयक छात्रा सभ विद्यालय मे व्याप्त कुव्यवस्थाक विरोध मे शुक्रदिन प्रखंड कार्यालयक घेराव कएलनि। एहि दौरान कतेको छात्रा बेहोश भए गेली, जिनका सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र मे भर्ती कराओल गेलअछि।छात्रा सभ विद्यालयक कुव्यवस्था कें लए लगातार आवाज उठा रहल छथि। एकरा सं पहिने 15अगस्त के सेहो छात्रा सभ विद्यालय मे प्रदर्शन कएलनि। तखन प्रखंड विकास पदाधिकारी मनोज कुमार रवि, स्थानीय जनप्रतिनिधि आ अन्य प्रशासनिक अधिकारी घटनास्थल पर पहुंचि छात्रा सभ कें शांत करौलनि। बीडीओ दू दिनक भीतरविद्यालयक कमी कें दूर करबाक आश्वासन देलनि। पैदल मार्च मे करीब 300 छात्रा शामिल छलीह एक सप्ताह बीति गेलाक बादो प्रशासन दिस सं कोनो पहल नहि भेलाक बाद छात्रा सभ आक्रोशित भए गेली। ओ सभ अपन विद्यालय सं करीब 8 किलोमीटर पैदल चलि सतगांवांप्रखंड कार्यालय पहुंचली। एहि पैदल मार्च मे करीब 300 छात्रा शामिल छलीह। छात्रा सभ रास्तामे 'शिक्षा हमर अधिकार अछि' आ 'हम बच्चा सभ संकल्प लेने छी, अपन अधिकार पाबि कए रहब' जेकां नारा लगौलनि। 8 किलोमीटरक पैदल यात्रा सं कतेको छात्रा बेहोश भए गेली, जिनका तत्काल सामुदायिकस्वास्थ्य केंद्र मे भर्ती कराओल गेल, जतय हुनकर उपचार चलि रहल अछि। छात्रा राधिकाकुमारी कहलनि जे विद्यालय मे बुनियादी सुविधाक अभाव अछि। ओ कहलनि जे नहि पर्याप्त शिक्षक छथि, नहि सफाइकर्मी आ नहि पीबाक पानि उपलब्ध अछि। शिक्षकक कमी सं कक्षा 6क छात्रा सभ कें सेहो किछु नहि अबैत अछि। छात्रा सभ कें शौचालय धरि अपने साफ करय पड़ैत अछि। समस्या तुरंते दूर करबाक मांग मामिलाक जानकारी भेटिते शिक्षा पदाधिकारी मुकुल राज घटनास्थल पर पहुंचलाह आ छात्रा सभकें बुझौलनि। ओ छात्रा सभ कें आश्वस्त कएलनि जे शीघ्र विद्यालयक सभटा कमी दूर कएओतय सभ व्यवस्था बहाल कएल जाएत। एकरा बाद छात्रा सभ कें फेर विद्यालय पठाओल गेल।मुदा छात्रा सभ विद्यालय मे सभ विषयक शिक्षक सहित अन्य समस्या तुरंते दूर करबाक मांग कएलनि। हुनकर कहब अछि जे जं एहि पर शीघ्र कोनो पहल नहि कएल जाइत अछि तं ओ सभ शीघ्र उपायुक्त कार्यालयक सेहो घेराव करत।

# वार्ड-11 मे जल निकासी नहि होमय सं लोक परेशान, प्रदर्शन कए स्थायी समाधानक मांग कएलनि

गिरिडीह, समदिया



नगर निगम क्षेत्रक वार्ड संख्या-11 मे नाला आ जल निकासी समस्या कें लए स्थानीय लोक कें पटेल नगर मे प्रदर्शन कएलनि आ उपायुक्त कें आवेदन दए तुरंते कारबाइक मांग कएलनि। आवेदन मे कहल गेल अछि जे क्षेत्र मे नाला आ बरखाक पानिक निकासी लेल समुचित व्यवस्था नहि रहबाक कारण बरखा मे सड़क आ आसपासक इलाका मे जलजमावक स्थिति उत्पन्न भए जाइत अछि। एहि सं आम लोक कें आवागमन मे परेशानीक संग-संग गंदगी आ जलजनित समस्या सेहो झेलय पड़ैत अछि।आवेदन मे स्थानीय लोक कें कहलनि जे क्षेत्र मे नाला आ जल निकासी समस्या कें लए पहिनो प्रशासन आ नगर निगमक ध्यान आकृष्ट कराओल गेल छल। वर्ष 2015 मे सेहो एहि समस्याकसमाधानक लेल पहल कएल गेल छल, एकर उल्लेख आवेदन मे कएल गेल अछि। मुदा एकराबावजूद समस्याक स्थायी समाधान नहि भए सकल। स्थानीय लोकनिक अनुसार बरखाक दौरान नालाक समुचित निकासी नहि होमय सं पानि सड़क पर जमा भए जाइत अछि। कतेको स्थान पर जल निकासीक रास्ता बाधित रहबाक कारण घरआ आसपासक क्षेत्र मे सेहो पानि पहुंचबाक स्थिति बनि जाइत अछि। एहि सं लोक कें बहुतपरेशानी होइत अछि।आवेदनकर्ता सभ उपायुक्त सं पूरा मामिलाक स्थल जांच कराबय, नाला आ जल निकासीव्यवस्थाक निरीक्षण कराबय तथा आवश्यकतानुसार नव नाला बनबाबय आ पुरान व्यवस्था केंदुरुस्त कराबयक मांग कएलनि। लोकनिक कहब अछि जे प्रत्येक वर्ष बरखाक दौरान उत्पन्नहोमय बला समस्या सं निजात पाबय लेल एकर स्थायी समाधान जरूरी अछि, जाहि सं वार्ड-11क लोक कें जलजमावक परेशानी सं मुक्ति भेटि सकय।वार्ड संख्या 11क वार्ड पार्षद अशोक रामक कहब अछि जे ओ गिरिडीह नगर निगमक बोर्ड बैठकमे एहि मामिला कें उठौने छथि, मुदा एखन धरि कोनो समाधान नहि भए सकल अछि। ओ कहलनि जे ओ फेर एहि मामिला कें बोर्ड बैठक मे उठौताह आ स्थायी समाधानक प्रयास कएल जाएत। बतौलनि जे किछु लोक जल निकासीक स्थान कें बंद कए देने छथि, जाहि कारण ईपरेशानी उत्पन्न भए रहल अछि।एहि संबंध मे शीघ्र नगर निगमक अधिकारी सभ कें सेहो सभटा जानकारी सं अवगत कराओल जाएत। प्रदर्शनक दौरान भागीरथ महतो, प्रदीप कुमार सिन्हा, संदीप कुमार गुप्ता, मंगलेश कुमार, रवि कुमार, श्याम कुमार, आदित्य शर्मा, बद्री प्रसाद यादव सहित बहुत संख्या मे लोक शामिल छलाह।

# एसएससी-सीजीएल रद्द करबाक निर्णय पर झारखंड उच्च न्यायालय लगेलक रोक

रांची ,समदिया

**सफल अभ्यर्थी सभ काज पर लौटताह, खुशी मे प्रदर्शनकारी सभ गाबय लगलाह राष्ट्रगान**



झारखंड उच्च न्यायालय शुक्रदिन जेएसएससी-सीजीएल आ सीडीपीओ भर्ती परीक्षा मे सफल अभ्यर्थी सभ कें पैघ राहति देलनि। न्यायालय मामिलाक सुनवाइ करैत राज्य सरकारक ओ आदेश पर रोक लगा देलनि, जाहि अंतर्गत एहि परीक्षा सभ कें रद्द कएल गेल छल।न्यायालय कहलनि जे एहि मामिला मे सेहो सेम आदेश लागू होयत। न्यायालय राज्य सरकार संएहि मामिला मे जवाब मांगलनि। अगिला सुनवाइ 15 सितंबर के होयत। एकर एक दिन पहिने सेहो झारखंड उच्च न्यायालय राज्य सरकार दिस सं जेपीएससी 11म-13म सिविल सेवा आ खाद्य सुरक्षा अधिकारीक नियुक्ति रद्द करबाक निर्णय पर रोक लगा देलनि। न्यायालय अगिला आदेश धरि एहि निर्णय पर रोक लगबैत कहलनि जे सभ अपन काज जारी रखताह। न्यायालय एहि मामिला मे सेहो राज्य सरकार सं जवाब मांगलनि। अगिला सुनवाइ 15 सितंबरके होयत। उच्च न्यायालयक निर्णयक बाद सफल अभ्यर्थी सभ धरना समाप्त कए देलनि।एहि दिस, जेएसएससी-सीजीएल नियुक्ति रद्द भेलाक बाद नौकरी सं हटाओल गेल अधिकारीसभ शुक्रदिन न्यायालयक निर्णय आएलाक बाद प्रोजेक्ट भवन सं हटि गेलाह। हुनकर कहब अछिजे आब हुनकर लड़ाइ न्यायालयक माध्यम सं चलत। ओतय धरना पर बैसबाक उद्देश्य पूरा भए गेल अछि।ओ सभ 18 अगस्त सं लगातार जेएसएससी-सीजीएल रद्द करबाक निर्णय वापस लेबाक मांग कए रहल छलाह। एहि अधिकारी सभ बृहस्पतिदिन दिनभरि प्रोजेक्ट भवनक सामने धरना देलनिआ सांझ मे मोरहाबादी सं अल्बर्ट एक्का चौक धरि तिरंगा यात्रा निकाललनि। 17 अगस्त के राज्य सरकार 22 परीक्षा कएल छल रद्द झारखंड सरकार जेपीएससी आ झारखंड कर्मचारी चयन आयोग (जेएसएससी) क भर्ती परीक्षा मे भ्रष्टाचार आ अनियमितताक आरोपक बाद 17 अगस्त के 22 परीक्षा रद्द कए देलक। एहि मेजेपीएससीक 11म सं 13म संयुक्त सिविल सेवा परीक्षा, 14म सिविल सेवा प्रारंभिक परीक्षा आजेएसएससी-सीजीएल परीक्षा सेहो शामिल अछि। जांच सीआईडी कें सौंपल गेल अछि।एहि परीक्षा सभक आधार पर 2394 अधिकारी विभिन्न विभाग मे काज कए रहल छलाह। सरकारक निर्णयक बाद एहि सभ अधिकारीक नियुक्ति समाप्त मानल जाएत। जयपाल सिंह स्टेडियम मे धरना-प्रदर्शन पर रोक एहि दिस रांची मे जयपाल सिंह मुंडा स्टेडियम मे धरना-प्रदर्शन पर रोक लगा देल गेल अछि।सदर एसडीओ कुमार रजत 60 दिनक लेल ओतय धारा 144 लागू कएलनि अछि। एहि दौरान पांच वा ताहि सं बेसी लोकक जमा होमय, धरना-प्रदर्शन आ लाउडस्पीकरक प्रयोग पर रोक लगादेल गेल अछि। एकर उल्लंघन करनिहारक विरुद्ध मामिला दर्ज कएल जाएत। उल्लेखनीय अछि जे छात्र संगठन सभ विभिन्न मांग कें लए ओतय 26 दिन धरि आंदोलन चलौने छल।

# नशा आ दहेजक विरुद्ध एनएसएस स्वयंसेवक सभ चलौलनि जागरूकता अभियान



अडवारा,समदिया

रामकृष्ण विवेकानंद कॉलेज ऑफ एजुकेशनक राष्ट्रीय सेवा योजना (एनएसएस) इकाइक दिस सं अडवारा गाम मे आयोजित सात दिवसीय विशेष शिविरक पांचम दिन शुक्रदिन नशा जागरूकता अभियान चलाओल गेल। एहि दौरान स्वयंसेवक सभ गामक गली सभ मे जन-जागरूकता अभियान चलाकए ग्रामीण लोक कें नशा, दहेज प्रथा आ अंधविश्वास जेकां सामाजिक कुरीतिक प्रति जागरूक कएलनि। अभियानक दौरान स्वयंसेवक सभ 'नशा छोड़ू, समाज जोड़ू' आ 'दहेज प्रथाक अंत करू' जेकांनाराक माध्यम सं लोक कें सामाजिक बुराइक विरुद्ध आवाज उठयबाक संदेश देलनि। ग्रामीणलोक कें नशा सं दूर रहबाक आ समाज मे सकारात्मक बदलाव आनबाक लेल सामूहिक प्रयासकरबाक अपील कएल गेल।अभियान कें संबोधित करैत मुख्य वक्ता डॉ. लक्ष्मी महतो खेमलाल कहलनि जे नशा, दहेज आ अंधविश्वास जेकां सामाजिक बुराइ सभ समाज कें भीतर सं कमजोर कए रहल अछि। एहि सभक विरुद्ध जागरूकता आ सामूहिक प्रयास आवश्यक अछि। ओ युवा आ ग्रामीण लोक कें एहिकुरीतिक विरुद्ध एकजुट भए जागरूक आ सशक्त समाज बनेबाक संकल्प लेबाक अपीलकएलनि।कार्यक्रमक दौरान स्वयंसेवक सभ नुक्कड़ नाटक सेहो प्रस्तुत कएलनि। एकर माध्यम सं नशाकदुष्प्रभाव, दहेज प्रथा आ अंधविश्वास सं होमय बला नोकसान कें सहज तरीका सं बुझाओल गेल। एकरा संग ग्रामीण लोक कें शिक्षा, स्वच्छता आ सामाजिक कुरीतिक उन्मूलनक प्रति सेहोजागरूक कएल गेल।अभियान कें सफल बनेबाक लेल स्वयंसेवक रूपा कुमारी, खुशी रानी, निशु कुमारी, मधु भारती, भारती कुमारी, गायत्री राज, काजल, प्रिया, निशा, प्रीति, मनीषा, परिला, विनीता, नेहा, पिंकी,अस्मत, शीतल, प्रवीण, अनामिका, अंशु आ आरती सहित अन्य स्वयंसेवक सभक सक्रिय भूमिका रहल।

# गिरिडीह कॉलेज मे तुलसीदासक जीवन आ साहित्य पर संगोष्ठी

गिरिडीह,समदिया

**40 सं बेसी विद्यार्थी सभ राखलनि विचार**



गिरिडीह कॉलेजक हिंदी विभाग मे बृहस्पतिदिन संत कवि गोस्वामी तुलसीदासक जीवन आ साहित्य पर विभागीय संगोष्ठीक आयोजन कएल गेल। एहि मे विभिन्न सेमेस्टरक 40 सं बेसी विद्यार्थी भाग लए तुलसीदासक व्यक्तित्व, कृतित्व आ हुनकर प्रासंगिकता पर अपन विचारराखलनि। छात्र अनुराग सागर तुलसीक साहित्य कें मानवीय भावनाक साहित्य बतौलनि, जखनकि साजन कुमार पाठक रामचरितमानसक संदर्भ मे हुनकर लोकपक्ष कें रेखांकित कएलनि। एकर अतिरिक्त राधा, प्रिया, मिशा, पूजा, तन्नू आ सतीश सेहो अपन विचार राखलनि। उर्दू विभागक सहायक प्रोफेसर डॉ. गुलाम सामदानी तुलसीदासक साहित्य कें सत्ताक बंदिश सं परेलोकविमर्शक साहित्य बतौलनि। राजनीति विज्ञान विभागक सहायक प्रोफेसर राजकुमार वर्मावर्तमान समय मे तुलसीक प्रासंगिकता पर चर्चा कएलनि।हिंदी विभागाध्यक्ष डॉ. बलभद्र सिंह कहलनि जे एहन आयोजन सं विद्यार्थी सभक वैचारिकक्षमता बढ़ैत अछि। ओ तुलसीदास कें समकालीन कवि सभक संग तुलनात्मक रूप सं पढ़य पर जोर देलनि। कार्यक्रमक संचालन साजन कुमार पाठक कएलनि।

# नोकसानक भरपाइ के करत? झारखंडक हकक लेल हर स्तर पर लड़ब : सीएम

रांची,समदिया

**झामुमो विस्तारित केंद्रीय समितिक बैठक**




मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन खान एवं खनिज विकास (एमएमडीआर) कानून मे संशोधन कें लए केंद्र सरकार पर तीखा हमला कएलनि। ओ कहलनि जे झारखंड सरकार एहि कानूनक विरुद्ध लोकतांत्रिक, संवैधानिक आ कानूनी स्तर पर लड़ाइ शुरू करत। मुख्यमंत्री आरोप लगौलनि जेकेंद्र राज्य सभ सं सलाह-मशविरा केने बिना एतेक पैघ निर्णय लेल अछि, जाहि सं झारखंडक आदिवासी, दलित, पिछड़ा, गरीब, किसान आ मजदूर सहित सभ वर्ग पर प्रतिकूल असर पड़त। हाल मे केंद्र सरकारक कतेको निर्णय देश आ राज्य सभक समक्ष गंभीर मुद्दाक रूप मे ठाढ़ भेलअछि। पेपर लीक, एसआईआर, परिसीमन आ आब एमएमडीआर कानून मे संशोधन जेकां मुद्दाक सीधा असर आम लोक आ राज्य सभक अधिकार पर पड़ि रहल अछि। एहि कें लए फिलहाल जनजागरण अभियान चलाओल जाएत। एक-दू दिन मे आंदोलनक विस्तृत कार्यक्रमकघोषणा कए देल जाएत। ओ बृहस्पतिदिन झामुमोक विस्तारित केंद्रीय समितिक बैठक केंसंबोधित कए रहल छलाह।हेमंत सोरेन कहलनि जे झारखंड देशक विकास मे अपन खनिज संसाधनक माध्यम सं महत्वपूर्णयोगदान दैत अछि। एकरा बावजूद जं राज्यक आर्थिक अधिकार आ संसाधन पर नियंत्रण कमकएल जाइत अछि, तं आगू राज्यक अपन पयर पर ठाढ़ होमयक संभावना कें झटका लागत। ओ कहलनि जे एमएमडीआर संशोधन कानून झारखंडक भविष्य लेल गंभीर चिंताक विषय अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे झारखंड सरकार पहिने सं खनन क्षेत्र आ खनिज दोहन सं जुड़ल मामिला मे करीब 1.36 लाख करोड़ रुपैयाक बकायक दावा केंद्रक समक्ष राखि चुकल अछि। नव कानूनकमाध्यम सं पुरान नोकसान आ राज्यक दावा कें सेहो हाशिया पर दएबाक प्रयास कएल जा रहलअछि। सोरेन सवाल उठौलनि जे जखन राज्य कें एहि संशोधन सं आर्थिक नोकसान होयत, तं एकर भरपाइ के करत। ओ कहलनि जे नव प्रावधान सं एहन प्रतीत होइत अछि जे केंद्र सरकार भविष्य मे होमय बला नोकसानक भरपाइ करबाक पक्ष मे मात्र नहि अछि, बल्कि पुरान बकायकमुद्दा कें सेहो कमजोर करबाक प्रयास कए रहल अछि। केंद्र सरकार विकसित राज्य आ सक्षम वर्गक प्रति बेसी संवेदनशील सीएम केंद्र सरकारक नीति सभ पर सामाजिक असमानता बढ़ेबाक आरोप सेहो लगौलनि। ओ कहलनि जे एहन लगैत अछि जे केंद्र सरकार विकसित राज्य आ सक्षम तथा संपन्न वर्गक प्रति बेसी संवेदनशील अछि, जखनकि आदिवासी, दलित आ पिछड़ा समाजक प्रति ओहि तरहक संवेदनशीलता नहि देखाइ दैत अछि। ओ बाबा साहेब डॉ. भीमराव आंबेडकरक विचारक उल्लेख करैत कहलनि जे जखन धरि समाजकसभ वर्ग समान स्तर पर नहि पहुंचत, तखन धरि देशक समग्र विकास संभव नहि अछि। एक दिस देश विश्वगुरु बनेबाक बात करैत अछि, तं दोसर दिस झारखंड जेकां पिछड़ा आ खनिज संपन्न राज्यक हक आ अधिकार कें सीमित करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि।

**फॉर्म-6 एवं फॉर्म-8 भरबाक भेटत सुविधा, दिन मे 10 बजे सं 4 बजे धरि आयोजित होयत शिविर**

# विशेष गहन पुनरीक्षण 2026क अंतर्गत 22 आ 23 अगस्त कें सभ मतदान केंद्र पर द्वितीय आ आखरी विशेष शिविर

बोकारो,समदिया



भारत निर्वाचन आयोग के निर्देशानुसार झारखंड विशेष गहन पुनरीक्षण (एसआईआर)- 2026 के तहति जिलाक सभ मतदान केंद्र पर 22 एवं 23 अगस्त 2026क फॉर्म-6 एवं फॉर्म-8भरबा हेतु द्वितीय एवं आखरी विशेष शिविरक आयोजन कएल जाएत। शिविरक आयोजन प्रातः10 बजे सं अपराहन 4 बजे तक होयत। जिला निर्वाचन पदाधिकारी-सह-उपायुक्त अजय नाथ झा जिलाक सभ पात्र भारतीय नागरिक सभ सं अपील कयलनि अछि जे ओ एहि विशेष शिविरक लाभ उठबैत मतदाता सूची मे नाम जोड़बा अथवा आवश्यकतानुसार नाम स्थानांतरित करबाक प्रक्रिया पूर्ण करथि। ऐहन पात्र भारतीय नागरिक, जे 18 वर्षक आयु पूर्णक चुकल छथि अथवा अर्हता तिथि 01 अक्टूबर 2026 धरि 18 वर्षक आयु पूर्ण करयवला छथि आ झारखंड के कोनो मतदान केंद्र क्षेत्रक सामान्य निवासी छथि, ओ मतदाता सूची मे पंजीकरण के लेल फॉर्म-6 एवं घोषणा पत्र भरि सकैत छथि। यदि कोनो मतदाताक वर्तमान मतदान केंद्र हुनक घर सं दूर स्थित अछि अथवा परिवारक सदस्यसभक नाम अलग-अलग मतदान केंद्र पर दर्ज छनि, तं परिवारक सभ सदस्यक नाम अपन नजदीकी एवं एके मतदान केंद्र पर स्थानांतरित करयबाक लेल फॉर्म-8 भरल जा सकैत अछि। मतदाता ईसीआईनेट ऐप के माध्यम से अथवा वोटर्स डॉट ईसीआई डॉट गोव डॉट इन पर ऑनलाइन फॉर्म-6 एवं फॉर्म-8 भरि सकैत छथि। जिला निर्वाचन पदाधिकारी-सह-उपायुक्त श्री झा स्पष्ट कयलनि जे एसआईआर के प्रक्रिया मात्रपात्र भारतीय नागरिकसभक लेल अछि। कोनो विदेशी नागरिक एसआईआरक प्रक्रिया मे भागनहि लेथि। ओ जिलाक पात्र नागरिक सभ सं अपील कयलनि जे ओ 22 एवं 23 अगस्तकआयोजित द्वितीय एवं आखरी विशेष शिविर मे अपन संबंधित मतदान केंद्र पर पहुंचिकयमतदाता सूची मे नाम जोड़बा अथवा परिवारक सदस्यसभक नाम एकेटा मतदान केंद्र पर स्थानांतरित करयबाक लेल आवश्यक प्रपत्र भरथि आ लोकतांत्रिक प्रक्रिया मे अपन भागीदारी सुनिश्चित करथि।

# कचरा बिजली संयंत्रक विरोध मे सैकड़ो ग्रामीणक प्रदर्शन

**कहलनि-एतय निर्माण नहि होमय देब**

जमशेदपुर,समदिया




बालीगुमा मौजा स्थित गोडगोड़ा धर्मबांधा टोला (गाजाडीह) मे प्रस्तावित कचरा बिजली संयंत्र कें लए स्थानीय ग्रामीणक विरोध तेज भए गेल अछि। शुक्रदिन ग्रामसभाक बैनर तर सैकड़ो ग्रामीण एकजुट भेलाह आ मानगो अंचल कार्यालयक समक्ष प्रदर्शन कए प्रशासनकविरुद्ध विरोध दर्ज करौलनि। ग्रामीण सभ एक स्वर मे मांग कएलनि जे घनी आबादी बला क्षेत्रमे कचरा बिजली संयंत्रक निर्माण कोनो परिस्थिति मे नहि कएल जाए।विरोध प्रदर्शनक नेतृत्व कएनिहार विजय सोय कहलनि जे जाहि स्थान पर कचरा बिजली संयंत्र लगयबाक योजना बनाओल जा रहल अछि, ओ घनी आबादी सं घेरल क्षेत्र अछि। ग्रामीण सभक कहब अछि जे संयंत्र शुरू भेलाक बाद क्षेत्र मे जहरीला धुआं आ पेयजल प्रदूषण फैलयबाक आशंका अछि। एकर सब सं बेसी असर बच्चा, बुजुर्ग आ पशु सभक स्वास्थ्य पर पड़ि सकैतअछि।ग्रामीण सभ कहलनि जे हवा आ पानि दूषित भेला सं क्षेत्र मे गंभीर बेमारी पसरयबाक आशंकाअछि। हुनका सभ स्पष्ट कएलनि जे स्वास्थ्य आ पर्यावरणक कीमत पर कोनो विकास योजनास्वीकार नहि कएल जाएत।ग्रामीण सभक अनुसार, जाहि प्लॉट संख्या 4168 पर कचरा बिजली संयंत्र प्रस्तावित अछि, ओकतेको वर्ष सं ग्रामीणक सामाजिक आ धार्मिक आयोजनक प्रमुख केंद्र रहल अछि। एकरअतिरिक्त ई बच्चा सभक खेलकूदक एकमात्र मैदान सेहो अछि।विजय सोय बतौलनि जे उक्त भूमि कें लए स्थानीय निवासी मोशो हांसदाक मामिला उच्चन्यायालय मे विचाराधीन अछि। ग्रामीण सभक कहब अछि जे एकरा बावजूद प्रशासन दिस सं विवादित स्थल पर निर्माण काज शुरू करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि, जे चिंताक विषय अछि।ग्रामीण सभ प्रशासन सं प्रस्तावित कचरा बिजली संयंत्रक निर्माण पर रोक लगयबाक मांगकएलनि।

# जहानाबाद डीएम बच्चा सभक संग बैसि कए खेलनि 'मिड-डे मील'

## पढ़ाइ-विद्यालयक सुविधाक लेल लेलनि प्रतिक्रिया, कहलनि-'नियमित पढ़ाइ करू'

**जहानाबाद, समदिया**

जहानाबादक जिलाधिकारी छिरिङ वाई भूटिया शुक्रदिन कन्या मध्य विद्यालय, होरिलगंजक औचक निरीक्षण कएलनि। एहि दौरान ओ विद्यालय मे संचालित मध्याह्न भोजन योजनाक गुणवत्ता कें जायजा लेलनि। डीएम बच्चा सभक संग बैसि कए भोजन कएलनि आ हुनका सं भोजनक स्वाद, गुणवत्ता आ नियमित उपलब्धताक संबंध मे जानकारी लेलनि। निरीक्षणक दौरान जिलाधिकारी बच्चा सभ सं संवाद कएलनि आ हुनकर पढ़ाइ, विद्यालयक सुविधा तथा मध्याह्न भोजन व्यवस्थाक संबंध मे प्रतिक्रिया लेलनि।



### पौष्टिक भोजन शारीरिक विकास लेल महत्वपूर्ण

ओ एहि बात पर जोर देलनि जे विद्यालय मे भेटय बला पौष्टिक भोजन बच्चा सभक शारीरिक आ मानसिक विकास लेल अत्यंत महत्वपूर्ण अछि, जाहि लेल एकर गुणवत्ता बनौने राखब अनिवार्य अछि।

डीएम विद्यालय मे नामांकन आ छात्र सभक उपस्थिति सेहो समीक्षा कएलनि। जांच मे पाओल गेल जे कक्षा 1 सं 5 धरि कुल 122 नामांकित छात्र मे मात्र 55 बच्चा उपस्थित छल।

### कक्षा 6 सं 8 धरि कुल 385 छात्र नामांकित

वहीं, कक्षा 6 सं 8 धरि कुल 385 छात्र नामांकित छथि। ओ शिक्षक सभ कें निर्देश देलनि जे बच्चा सभक नियमित उपस्थिति सुनिश्चित करथि आ अभिभावक सभ सं समन्वय स्थापित कए हुनका विद्यालय आबि लेल प्रेरित करथि।

बच्चा सभ सं बातचीत करैत जिलाधिकारी गुणवत्तापूर्ण शिक्षाक महत्व पर सेहो प्रकाश देलनि। ओ छात्र सभ कें नियमित पढ़ाइ करबाक, अनुशासन बनौने रखबाक आ अपन लक्ष्यक प्रति समर्पित रहबाक सलाह देलनि।

### खेलकूद-रचनात्मक गतिविधिक जानकारी लेलनि

डीएम विद्यालय मे प्रतिदिन अपराह्न 3 बजे आयोजित होमय बला खेलक कक्षा संबंध मे सेहो जानकारी लेलनि। ओ बच्चा सभ कें पढ़ाइक संग-संग खेलकूद आ अन्य रचनात्मक गतिविधि मे सक्रिय रूप सं भाग लेबाक लेल प्रेरित कएलनि।

डीएम कहलनि जे शिक्षा आ खेल दुनू क्षेत्र मे उत्कृष्ट प्रदर्शन कए बच्चा सभ अपन विद्यालय, परिवार आ जिलाक नाम रोशन कए सकैत छथि। निरीक्षणक दौरान विद्यालय प्रबंधन आ शिक्षकगण सेहो उपस्थित छलाह।

# जहानाबाद मे प्रयत्न नारी शक्तिक आमसभा आयोजित

- महिला सशक्तीकरण पर देल गेल जोर
- महिला सभ कें कएल गेल सम्मानित

**जहानाबाद, समदिया**



ठाकुरबाड़ी, कनौर्ती मे प्रयत्न नारी शक्ति महिला विकास स्वावलंबी सहकारी समिति लिमिटेड, सदर जहानाबादक वार्षिक प्रतिनिधि आमसभाक आयोजन कएल गेल।

एहि बैठक मे वित्तीय वर्ष 2025-26क काज आ उपलब्धिक समीक्षा कएल गेल। आगांक वर्षक कार्ययोजना पर सेहो विस्तार सं चर्चा भेल, जाहि मे महिला सशक्तीकरण आ हुनका सभ कें आर्थिक रूप सं स्वावलंबी बनय पर विशेष जोर देल गेल।

कार्यक्रमक दौरान संस्थाक लेल उत्कृष्ट काज कएनिहार महिला सभ कें सम्मानित कएल गेल। संस्थाक मुख्य उद्देश्य महिला सभ कें समाजक मुख्यधारा सं जोड़ि कए हुनका आर्थिक रूप सं आत्मनिर्भर बनायब अछि।

आगांक वर्ष मे ग्रामीण महिला सभ कें रोजगार सं जोड़बाक लेल बकरी पालन कें बढ़ावा देबाक लक्ष्य निर्धारित कएल गेल अछि। एहि पहल सं महिला सभ लेल आयक अतिरिक्त साधन उपलब्ध करयक योजना अछि।

संस्था स्वास्थ्यक क्षेत्र मे सेहो उल्लेखनीय काज कए रहल अछि। एखन धरि संस्थाक सहयोग सं लगभग 10 हजार जरूरतमंद लोक कें चश्मा उपलब्ध कराओल जा चुकल अछि, जाहि सं दृष्टि संबंधी समस्या सं जूझि रहल लोक कें बहुत लाभ भेटल अछि।

एहि अवसर पर सहकारिता प्रसार पदाधिकारी, जहानाबाद, ललन प्रसाद कहलनि जे सहकारिताक माध्यम सं महिला सभ कें आर्थिक रूप सं मजबूत बनयबाक दिशा मे नीक काज भए रहल अछि।

ओ स्वरोजगार कें महिला सभक आत्मनिर्भरताक लेल महत्वपूर्ण कदम बतौलनि। संस्थाक सीओ सेहो कहलनि जे आगू महिला सभ कें आजीविकाक बेसी अवसर उपलब्ध करय पर विशेष ध्यान देल जाएत, जाहि मे बकरी पालन सहित अन्य रोजगारपरक गतिविधि शामिल होयत। वार्षिक आमसभा मे संस्था सं जुड़ल महिला सभ, प्रतिनिधि आ अन्य सदस्य उपस्थित छलाह।

# रोटरी क्लब केलक मेगा रक्त समूह जांच शिविर आयोजित, स्वास्थ्यक प्रति कएलक जागरूक



**शेखपुरा, समदिया**

शेखपुरा मे रोटरी क्लब ऑफ शेखपुरा सेंट्रल दिस सं मुरलीधर मुरारी गर्ल्स हाई स्कूल मे मेगा रक्त समूह जांच आ हीमोग्लोबिन जांच शिविरक आयोजन कएल गेल। समाजसेवा आ स्वास्थ्य जागरूकताक उद्देश्य सं आयोजित एहि शिविर मे कुल 300 छात्राक निःशुल्क स्वास्थ्य जांच कएल गेल। शिविरक दौरान प्रत्येक छात्राक हीमोग्लोबिन आ रक्त समूहक जांच कएल गेल। डॉक्टर सभ छात्रा सभ कें रक्तक कमी, पोषण आ सामान्य स्वास्थ्य सं जुड़ल महत्वपूर्ण जानकारी सेहो देलनि, जाहि सं हुनका मे स्वास्थ्यक प्रति जागरूकता बढ़ाओल जा सकय।

कार्यक्रमक नेतृत्व क्लबक अध्यक्ष रोटेरियन रोहित प्रसाद सिंह कएलनि। शिविर कें सफल बनेबाक लेल सदर अस्पताल, शेखपुराक चिकित्सक आ स्वास्थ्यकर्मी सभक महत्वपूर्ण सहयोग रहल। पूर्व सिविल सर्जन डॉ. एम.पी. सिंह, डॉ. के. पुरुषोत्तम, डॉ. कृष्ण मुरारी प्रसाद सिंह आ डॉ. रामाश्रय प्रसाद सिंह सहित कतेको विशेषज्ञ चिकित्सक तथा क्लबक सदस्य रोटेरियन प्रिंस पी. जे., संजीव कुमार, शंभू प्रसाद मंडल, अमित लोहानी, सुरेंद्र प्रसाद, ज्योतिष कुमार, डॉ. प्रो. रमाकांत प्रसाद सिंह, सुशांत कुमार सिद्धू, उमेश भदानी आ प्रोजेक्ट चेयरमैन रोटेरियन राम विलास प्रसाद सेहो उपस्थित छलाह। क्लबक अध्यक्ष रोटेरियन रोहित प्रसाद सिंह एहि अवसर पर कहलनि जे रोटरीक मुख्य उद्देश्य समाजक आखरी व्यक्ति धरि स्वास्थ्य सेवा पहुंचेनाइ अछि।

# मधेपुरा मे बच्चा सभ निकाललनि प्रभातफेरी, युवा सभ कें कएलनि जागरूक

## नशामुक्त गाम बनेबाक लेल लेलनि संकल्प

**मधेपुरा, समदिया**

मधेपुराक मठाही पंचायत स्थित बैरवा गाम मे नशामुक्त समाज निर्माणक लेल जागरूकता प्रभातफेरी निकालल गेल। एहि मे उत्क्रमित मध्य विद्यालय बैरवाक छात्र-छात्रा, शिक्षक, पंचायत प्रतिनिधि आ ग्रामीण लोक भाग लेलनि।

बच्चा सभ हाथ मे नशामुक्ति सं संबंधित नारा लिखल तख्ती लए गामक भ्रमण कएलनि। ओ लोक कें नशाक दुष्परिणामक प्रति जागरूक कएलनि। प्रभातफेरीक दौरान ह्यनशा छोड़ू-परिवार सं रिश्ता जोड़ूह्ल आ ह्यहम सभ संकल्प लेने छी-नशामुक्त गाम बनेबाक अछिह्ल जकां नारा सं गाम गूंजि उठल।

नशामुक्तिक लेल प्रेरित करबाक अपील कएलनि

छात्र सभ ग्रामीण लोक कें नशा सं दूर रहबाक आ दोसर लोक कें सेहो नशामुक्तिक लेल प्रेरित करबाक अपील कएलनि। मठाही पंचायत समिति प्रतिनिधि अशोक कुमार कहलनि जे नशा मात्र व्यक्ति कें नहि, बल्कि पूरा परिवार आ समाज कें प्रभावित करैत अछि।



सरपंच बलराम यादव जोर दैत कहलनि जे नशाक कारण कतेको परिवार प्रभावित भए रहल अछि आ सामूहिक प्रयास सं मात्र गाम कें नशामुक्त बनाओल जा सकैत अछि। पूर्व पैक्स अध्यक्ष बालकिशोर यादव युवा पीढ़ी पर नशाक बढ़ैत प्रभाव पर चिंता व्यक्त कएलनि।

बालकिशोर यादव अभिभावक आ समाजक लोक कें युवा सभ कें नशा सं दूर राखबाक लेल आगू आबयक आह्वान कएलनि। जिला मानवाधिकार संयोजक शंभू कुमार शरण नशामुक्त समाज कें प्रत्येक नागरिकक जिम्मेदारी बतौलनि आ बच्चा सभ दिस सं चलाओल जा रहल एहि अभियानक सराहना कएलनि।

सामाजिक जिम्मेदारीक प्रति कएलनि जागरूक

विद्यालयक प्रधानाध्यापक प्रमोद कुमार कहलनि जे बच्चा सभ कें शिक्षाक संग-संग सामाजिक जिम्मेदारीक प्रति सेहो जागरूक कएल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे नशा व्यक्ति स्वास्थ्य, शिक्षा, परिवार आ भविष्य पर नकारात्मक प्रभाव डालैत अछि।

जनप्रतिनिधि सभ जानकारी देलनि जे मठाही पंचायत क्षेत्र मे नशामुक्ति कें लए ई दोसर जागरूकता कार्यक्रम अछि। एकरा सं पहिने मठाही मे सेहो एहन अभियान चलाओल गेल छल। ओ स्पष्ट कएलनि जे ई अभियान एकटा गाम धरि सीमित नहि रहत, बल्कि पंचायतक विभिन्न क्षेत्र मे लगातार जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत।

बताओल गेल जे गाम मे करीब 10 वर्षक बच्चा सं लए युवा आ बुजुर्ग धरि सूखा नशाक चपेट मे आबि रहल छथि। एहन स्थिति मे जागरूकता अभियान लगातार चलयबाक आवश्यकता अछि। प्रभातफेरी मे ऋतु रंजन, मठाहीक सचिव राजेश रंजन, शंकर पंजियार, शंभू कुमार शरण, नीतीश कुमार सहित विद्यालयक शिक्षक, छात्र-छात्रा, पंचायत प्रतिनिधि आ स्थानीय ग्रामीण लोक उपस्थित छलाह।

# रोहतासगढ़ किलाक प्राचीन करम गाछक संरक्षण शुरू

## कृषि विभागक टीम निरीक्षण कए जड़ि मे देलक दवाइ



**रोहतास, समदिया**

रोहतास जिलाक ऐतिहासिक रोहतासगढ़ किला परिसर मे मौजूद अति प्राचीन करम गाछक संरक्षणक काज शुरू कए देल गेल अछि। कैमूर पहाड़ पर स्थित एहि किला धरि रोहतास प्रखंड मुख्यालय सं पहुंचय मे कतेको किलोमीटरक दूरी तय करय पड़ैत अछि। संरक्षण अभियानक अंतर्गत कृषि विभागक एकटा टीम किला परिसरक दौरा कएलक। टीम प्राचीन गाछ सभक स्थिति कें जायजा लेलक आ हुनकर तना, जड़ि तथा आसपासक माटिक बारीकी सं जांच कएलक। जड़िक वास्तविक स्थिति आ ओकर स्वास्थ्यक पता लगाबय लेल गाछक आसपासक जमीनक खुदाइ सेहो कएल गेल। जांचक बाद गाछक जड़ि लग आवश्यक दवा आ पोषक तत्व देल गेल। एहि पहलुक उद्देश्य गाछ सभ कें मजबूती देनाइ आ ओकर दीर्घकालिक संरक्षण सुनिश्चित करनाइ अछि। ऐतिहासिक रोहतासगढ़ किला अपन स्थापत्य कला आ गौरवशाली इतिहासक संग-संग प्राचीन गाछ-पौधक लेल सेहो प्रसिद्ध अछि। एहन स्थिति मे करम गाछक संरक्षण प्राकृतिक आ सांस्कृतिक विरासत कें सुरक्षित रखबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम मानल जा रहल अछि। स्थानीय लोक सेहो एहि पहलुक सराहना कएलनि अछि।



# रोज डाइट मे शामिल करी लहसुनक 1-2 कली हृदय सं लए पेट धरि भेटि सकैत अछि ई लाभ

हमर घरक भनसाघर मे एहन कतेको चीज होइत अछि, जे हम सभ रोज खाइत छी, मुदा ओकर फायदाक विषय मे बेसी नहि सोचैत छी। लहसुन सेहो एहन एकटा चीज अछि। तरकारी हो, दालि हो वा चटनी, लहसुन भोजनक स्वाद बढ़ा दैत अछि। मुदा लहसुन मात्र स्वाद लेल खास नहि अछि। एहि मे एहन कतेको गुण पाओल जाइत अछि, जे शरीर लेल लाभकारी होइत अछि। लहसुनक सब सं बेसी लाभ हृदय आ रक्तचाप कें लए मानल जाइत अछि। वैज्ञानिक शोध मे पाओल गेल अछि जे लहसुनक सेवन उच्च रक्तचाप बला लोक मे रक्तचाप किछु कम करय मे सहायता कए सकैत अछि। एहि मे मौजूद सल्फर शरीरक नस सभ कें आराम दैत अछि। एकरा सं रक्तक प्रवाह ठीक राखय मे सहायता भेटैत अछि। लहसुन शरीर मे सूजन आ ऑक्सीडेटिव तनाव सं बचाव मे सेहो सहायक होइत अछि। एहि मे एंटीऑक्सीडेंट गुण पाओल जाइत अछि, जे शरीर मे बनय बला किछु हानिकारक फ्री रेडिकल्स सं लड़य मे सहायता करैत अछि। रोजक भोजन मे तरकारी, फल, साबुत अनाज आ प्रोटीनक संग थोड़े मात्रा मे लहसुन शामिल करब संतुलित आहारक हिस्सा भए सकैत अछि।



लहसुन पेट लेल सेहो फायदेमंद होइत अछि। एहि मे मौजूद प्रीबायोटिक गुण आंत मे मौजूद नीक बैक्टीरिया लेल सहायक होइत अछि। हमर आंत मे मौजूद ई बैक्टीरिया पाचन आ शरीरक सामान्य स्वास्थ्य मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। मुदा एतय मात्रा पर ध्यान देब आवश्यक अछि। बेसी कच्चा लहसुन खाइला सं किछु लोक कें गैस, पेट दर्द वा जलनक समस्या भए सकैत अछि।

लहसुन मे एहन तत्व सेहो पाओल जाइत अछि, जे शरीर मे होमय बला सूजन कें कम करय मे सहायता कए सकैत अछि। शरीर मे थोड़े-बहुत सूजन होनाइ सामान्य अछि, मुदा दीर्घकाल धरि बेसी सूजन शरीर लेल नीक नहि मानल जाइत अछि। लहसुन मे मौजूद किछु खास तत्व शरीर कें एहि समस्या सं बचाव मे सहायता कए सकैत अछि। एकर अतिरिक्त एहि मे एहन गुण सेहो पाओल जाइत अछि, जे शरीरक कोशिका कें नोकसान सं बचाव मे सहायता कए सकैत अछि।

लहसुन कोलेस्ट्रॉलक स्तर लेल सेहो उपयोगी मानल जाइत अछि। लहसुन खाइला सं शरीर मे खराब कोलेस्ट्रॉलक स्तर किछु कम भए सकैत अछि। एकरा सं हृदयक स्वास्थ्य कें लाभ भेटैत अछि, मुदा एकर प्रभाव प्रत्येक व्यक्ति मे एक समान नहि होइत अछि। जं ककरो कोलेस्ट्रॉल बेसी अछि, तं मात्र लहसुन खेनाइ पर्याप्त नहि अछि। उचित भोजन, रोज किछु दूर चलनाइ आ डॉक्टरक सलाह आवश्यक अछि।

आब बात करैत छी जे लहसुन कें कोना खाउ। बहुतो लोक भोर मे खाली पेट कच्चा लहसुन खेनाइक सलाह दैत छथि, मुदा एहन करब प्रत्येक व्यक्ति लेल उचित नहि होइत अछि। कच्चा लहसुन खाइला सं पेट मे जलन वा गैस भए सकैत अछि। एकरा तरकारी, दालि, चटनी वा सूप मे दए कए खेनाइ आसान तरीका अछि। लहसुन काटला वा कुचललाक बाद किछु समय राखला सं एहि मे मौजूद एकटा खास तत्व बनय मे सहायता भेटैत अछि, जाहि कें एलिसिन कहल जाइत अछि।

लहसुन खाइत काल किछु लोक कें सावधानी सेहो रखबाक चाही। बहुत बेसी लहसुन खाइला सं मुंह सं तेज गंध, गैस, पेट मे जलन आ अपच भए सकैत अछि। जे लोक रक्त पातर करय बला दवाइ लैत छथि, हुनका लहसुन खेनाइ सं पहिने डॉक्टर सं सलाह लेबाक चाही।

# कम उम्रो मे जोड़ मे दर्द किएक होइत अछि? बुझू एकर पाछूक कारण

जोड़ मे दर्द कें अक्सर उम्र बढ़बाक सं जोड़ि कए देखल जाइत अछि, मुदा ई समस्या युवावर्ग मे सेहो भए सकैत अछि। आइ-काल्हि कतेको कम उम्रक लोक घुटना, कंधा, कोहनी, कलाई वा दोसर जोड़ मे दर्दक शिकायत करैत छथि। दर्द हल्का वा तेज भए सकैत अछि। एकर संग जोड़क आसपास सूजन, अकड़न, लालिमा वा गर्माहट सेहो महसूस भए सकैत अछि। किछु लोक कें जोड़ हिलाबै-डोलाबै मे परेशानी होइत अछि, जखनकि कतेको बेर दर्दक कारण रोजक काज करब सेहो कठिन भए जाइत अछि। ई समस्या ओहि लोक मे बेसी देखल जा सकैत अछि जे खेलकूद वा बेसी शारीरिक गतिविधि करैत छथि। जिनका जोड़ पर बेसी दबाव पड़ैत अछि अथवा जिनकर रोजक गतिविधि मे लगातार एके तरहक हरकत शामिल रहैत अछि, हुनका मे सेहो जोड़क दर्द भए सकैत अछि। किछु लोक मे दर्द किछु समय धरि रहैत अछि, जखनकि किछु मे ई बेर-बेर भए सकैत अछि। एहि लेल कम उम्र मे बेर-बेर होमय बला जोड़क दर्द कें नजरअंदाज नहि करबाक चाही। आउ जानि जे एकर पाछू कोन-कोन कारण भए सकैत अछि आ एहन स्थिति मे कखन डॉक्टर सं भेट करबाक चाही।



मेयो क्लिनिकक अनुसार, कम उम्र मे जोड़क दर्दक कतेको कारण भए सकैत अछि। चोट, मोच वा मांसपेशी मे खिंचाव सं जोड़क आसपासक ऊतक पर असर पड़ि सकैत अछि, जाहि सं दर्द आ सूजन भए सकैत अछि। गाउट मे शरीर मे यूरिक एसिडक क्रिस्टल जोड़ मे जमा होमय लगैत अछि, जाहि सं अनचोके तेज दर्द आ सूजन भए सकैत अछि। रूमेटॉइड आर्थराइटिस मे शरीरक रोग-प्रतिरोधक क्षमता गलती सं जोड़ पर असर करैत अछि, जाहि सं दर्द आ सूजन भए सकैत अछि। ऑस्टियोआर्थराइटिस मे जोड़क बीच मौजूद कार्टिलेज धीरे-धीरे घिसय लगैत अछि, जाहि सं हड्डीक हरकत मे परेशानी आ दर्द भए सकैत अछि। एकर अतिरिक्त ल्यूपस, फाइब्रोमायल्जिया, टेंडिनाइटिस, थायरॉइडक समस्या आ किछु वायरल संक्रमण सेहो जोड़क दर्दक कारण भए सकैत अछि। जं जोड़क दर्दक संग जोड़ मे सूजन, लालिमा, बहुत बेसी गर्माहट वा बोखार हो, तं डॉक्टर सं सलाह लिअ। चोट लगलाक बाद जोड़क आकार बदलि गेल हो, अनचोके बहुत बेसी सूजन आबि गेल हो अथवा दर्द एतेक तेज हो जे जोड़ हिला नहि पाबि रहल हो, तं तुरंत चिकित्सकीय सहायता लेब आवश्यक अछि।

## एफआइआर होयबा धरि नहि हटब

# पैलेट गन सं घायल युवक संग थाना मे धरना पर बैसलाह राहुल गांधी







**नई दिल्ली, समदिया**

लोकसभा मे विपक्षक नेता राहुल गांधी शुक्रदिन संसद मार्ग थानाक बाहर धरना पर बैसि गेलाह। हुनका संग जंतर-मंतर पर प्रदर्शनक दौरान पैलेट गन सं घायल भेल छात्र साहिल लोचव सेहो छथि। राहुल गांधीक बहिन आ कांग्रेस सांसद प्रियंका गांधी सेहो थाना पहुंचलीह। राहुल गांधीक मांग अछि जे साहिल लोचव द्वारा देल गेल लिखित पुलिस शिकायतक आधार पर एफआइआर दर्ज कएल जाए। एहि मांग कें लए कए राहुल गांधी पुलिस अधिकारी सभ सं संवाद कए रहल छथि। हुनकर कहब अछि जे जखन धरि एफआइआर दर्ज नहि होयत, तखन धरि ओ थाना सं नहि हटताह। साहिल लोचव पर आरोप अछि जे 20 जुलाई कें जंतर-मंतर पर प्रदर्शनक दौरान पैलेट गन सं चलल छर्रा लागल छल। कांग्रेसक आरोप अछि जे साहिलक आंखि मे गंभीर चोट भेल अछि आ ओ लगातार पुलिस सं एफआइआर दर्ज करबाक मांग करैत रहलाह। राहुल गांधीक थाना पहुंचबाक घटनाक भाजपा कड़ा विरोध कएलक अछि। भाजपा सांसद रविशंकर प्रसाद राहुल गांधी पर अराजकताक राजनीति करबाक आरोप लगबैत पूछलनि जे की ओ कानूनक सम्मान नहि करैत छथि। रविशंकर प्रसाद कहलनि जे प्रदर्शनक घटना कें लए कए पहिनहि एफआइआर दर्ज भए चुकल अछि आ ओकर जांच चलि रहल अछि। हुनकर अनुसार, पीड़ित लोकनि सुप्रीम कोर्ट गेल छलाह आ सुप्रीम कोर्ट स्वयं एक उच्चस्तरीय समिति गठित कएलक अछि, जकर अध्यक्षता सुप्रीम कोर्टक सेवानिवृत्त न्यायाधीश कए रहल छथि। भाजपा नेता राहुल गांधीक एहि डेग कें वंदे मातरम् कें लए कए चलि रहल विवाद सं सेहो जोड़लनि। हुनकर आरोप छल जे वंदे मातरम् पर कांग्रेसक रुखक कारण पार्टी राजनीतिक रूप सं कठिन परिस्थिति मे फंसि गेल अछि। रविशंकर प्रसाद कहलनि जे राहुल गांधी बिना अनुमति अथवा पूर्व सूचनाक संसद मार्ग थाना बाहर धरना पर बैसल छथि। हुनकर अनुसार पुलिस राहुल गांधी कें जानकारी देलक अछि जे जाहि घटनाक ओ उल्लेख कए रहल छथि, ताहि पर पहिनहि एफआइआर दर्ज भए चुकल अछि आ जांच जारी अछि। ओ प्रश्न कएलनि, राहुल गांधी, की अहां कोनो कानूनक सम्मान नहि करय चाहैत छी? भाजपा नेता इहो आरोप लगौलनि जे कांग्रेसक वर्तमान राजनीति सं देश मे गलत संदेश जा रहल अछि।

### भाजपा कहलक, कानूनक सम्मान नहि करैत छथि?

### की अछि पूरा मामिला

राहुल गांधीक मुख्य मांग अछि जे साहिल लोचवक लिखित शिकायतक आधार पर एफआइआर दर्ज कएल जाए। हुनका अतिरिक्त कांग्रेसक कतेको वरिष्ठ नेता सेहो संसद मार्ग थाना पहुंचि चुकल छथि। थानाक बाहर कांग्रेस कार्यकर्ता सभ नारा लगबैत देखल गेलाह। कांग्रेस महासचिव आ संचार प्रभारी जयराम रमेशक कहलनि जे राहुल गांधी धरना पर बैसल छथि। राहुल गांधी लगातार एहि बात पर जोर दए रहल छथि जे साहिलक शिकायत पर पुलिस मामिला दर्ज करय। अखन राहुल गांधी साहिल लोचव आ कांग्रेस सांसद कुमारी सैलजाक संग डीपीसी कार्यालय मे मौजूद छथि। कांग्रेस गृह मंत्री अमित शाह पर प्रदर्शनकारी पर पैलेट गन चलेबाक आरोप लगौने अछि। कांग्रेसक कहब अछि जे पैलेट लगलाक कारण साहिलक आंखि मे गंभीर चोट आयल। साहिल आ हुनकर माए लगातार पुलिसक लग जा कए एफआइआर दर्ज करबाक मांग कए रहल छलाह, मुदा पुलिस एहि शिकायत कें अनठियाबैत रहल। कांग्रेस आरोप लगौलक जे साहिलक शिकायत पर जांच संख्या तक नहि देल गेल अछि, जाहि सं एफआइआर दर्ज होयबाक प्रक्रिया आगू बढ़ि सकय।

### आरटीआइ सं पैलेट गनक प्रयोग पर की जानकारी भेटल?

प्रदर्शनक दौरान पैलेट गनक प्रयोग कें लए कए तृणमूल कांग्रेसक पूर्व सांसद साकेत गोखले आरटीआइक माध्यम सं जानकारी प्राप्त कएलनि। हुनकर अनुसार अस्पताल सभ सं प्राप्त अभिलेख सं पता चलैत अछि जे पैलेट गन सं घायल भेल लोकक संख्या कम सं कम 10 अछि। गोखले सोशल मीडिया पर कहलनि जे लेडी हार्डिंग अस्पताल मे नौ गोटे आ सफदरजंग अस्पताल मे एक गोटे पैलेट सं घायल भेलाक बाद पहुंचल छलाह। हुनका अखनो एम्स आ आरएमएल अस्पताल सं संबंधित अभिलेखक प्रतीक्षा अछि। गोखले प्रश्न उठौलनि जे राजधानीक बीच शांतिपूर्ण प्रदर्शनकारी पर पैलेट गनक इस्तेमाल भेलाक बाद सरकार आ पुलिस घायल लोकक संख्या स्पष्ट रूप सं किएक नहि बता रहल अछि।

### राहुल गांधी की कहलनि?

धरना पर बैसल राहुल गांधी कहलनि जे 20 जुलाई कें जंतर-मंतर पर पैलेट गनक इस्तेमाल भेल छल। एहि दौरान ओ एकटा डिब्बा मे राखल कथित पैलेट देखौलनि आ दावा कएलनि जे ई छर्रा साहिलक शरीर सं निकालल गेल अछि। राहुल गांधीक अनुसार साहिलक शरीर मे करीब 200 छर्रा अछि, जाहि मे तीनटा छर्रा आंखि मे अछि। ओ एम्स आ लेडी हार्डिंग अस्पतालक रिपोर्ट सेहो देखौलनि। राहुल गांधी कहलनि जे चिकित्सकीय रिपोर्ट मे शरीरक भीतर 200 सं बेसी छर्रा होयबाक उल्लेख अछि। हुनकर अनुसार आंखि मे फंसल तीनटा छर्राक कारण साहिलक ओहि आंखि सं देखि पाबि रहल मुश्किल अछि। किछु छर्रा हृदयक बहुत समीप फंसल अछि, जाहि कें निकालब संभव नहि अछि। राहुल गांधी कहलनि जे दिल्ली पुलिस कहैत अछि जे पुलिस पैलेट नहि चलौलक। मुदा हुनकर तर्क अछि जे जं पुलिस नहि चलौलक, तं आखिर के चलौलक? हुनकर कहब अछि जे एहि मामिलाक सच्चाई सामने आबबाक चाही आ पुलिस कें एफआइआर दर्ज कए जांच शुरू करबाक चाही। ओ स्पष्ट शब्द मे कहलनि जे हुनकर मांग मात्र एफआइआर दर्ज करबाक अछि आ जखन धरि एफआइआर दर्ज नहि होयत, तखन धरि ओ थाना सं नहि हटताह।

## तुर्कीक हथियार लए जा रहल जहाज कें समुद्री डाकू सभ कएलक हाईजैक



**नई दिल्ली, एजेंसी।** एहि सप्ताहक शुरूआत मे समुद्री डाकू सभ सोमालियाक पुंटलैंड तट लग कैमरूनक झंडा लागल एकटा मालवाहक जहाज कें बीच समुद्र मे अपहरण कए लेलक। बाद मे ओ सभ जहाज कें क्षेत्रक नुगाल तट दिस लए गेल। जहाज पर तुर्कीक हथियारक संग संचार आ उपग्रह उपकरण सेहो लदल छल। एकटा अधिकारी नाम नहि प्रकाशित करबाक शर्त पर एसोसिएटेड प्रेस कें बतौलनि जे जहाज कें सोमदिन पुंटलैंडक ईल जिलाक मरैया सं करीब साढ़े तीन समुद्री मील दूर जब्त कएल गेल। अधिकारीक अनुसार पोलर मूवमेंट शिपिंगक स्वामित्व बला एहि जहाज पर मोगादिशु स्थित तुर्कीक सैन्य प्रशिक्षण केंद्र लेल हथियार, संचार उपकरण आ सैटेलाइट उपकरण लए जाओल जा रहल छल। जहाज पर कुल 10 सदस्यीय दल छल, जाहि मे 6 भारतीय, एक तुर्की नागरिक, एक जॉर्जियाई नागरिक आ दू सर्बियाई सुरक्षाकर्मी शामिल छलाह। मानल जा रहल अछि जे आठ समुद्री डाकू ओहि समूहक सदस्य छथि, जे 26 अप्रैल कें स्वार्ड जहाजक अपहरण केने छल। अधिकारीक अनुसार बाद मे तुर्कीक दूटा जहाज अपहृत जहाजक लग पहुंचि गेल, जखन कि तुर्कीक हेलिकॉप्टर आ ड्रोन क्षेत्र पर नजरि रखैत छल।

### तंजानियाक झंडा लागल तेल टैंकर सेहो भेल छल अपहृत

एहि सं पहिने यमनक तट लग तंजानियाक झंडा लागल एकटा तेल टैंकर कें संदिग्ध सोमाली समुद्री डाकू सभ अपहरण कए लेने छल। स्थानीय अधिकारीक अनुसार व्यावसायिक तेल टैंकर एमटी असाना कें सोमालियाक उत्तर-पूर्वी बारी क्षेत्रक तटीय जलक्षेत्र दिस लए जाओल गेल। सूत्रक अनुसार सात सशस्त्र सोमाली समुद्री डाकू सभ शुक्र कें यमनक मुकल्ला बंदरगाह सं निकललाक बाद जहाज पर कब्जा कए लेलक। बाद मे जहाज कें अर्ध-स्वायत्त पुंटलैंड प्रांतक बारी क्षेत्र स्थित कालूलाक तट सं दूर समुद्र मे रोकल गेल।

# महाराष्ट्र मे भर्ती परीक्षा मे धांधलीक आरोप अभिजीत दीपके उठौलनि जेई टॉपर पर सवाल

### विवाद बढ़लाक बाद भर्ती प्रक्रिया पर अखन रोक लगा देल गेल अछि



**मुंबई, एजेंसी**

मुंबई महानगर क्षेत्र विकास प्राधिकरण द्वारा आयोजित जूनियर इंजीनियर भर्ती परीक्षाक अस्थायी परिणाम कें लए कए विवाद गहिंर भए गेल अछि। कॉकरोच जनता पार्टीक संस्थापक अभिजीत दीपके शुक्रदिन परिणामक गहन जांच करबाक मांग कएलनि। हुनकर कहब अछि जे कतेको अभ्यर्थी परीक्षा मे गड़बड़ीक आरोप लगौने छथि। विवाद बढ़लाक बाद भर्ती प्रक्रिया पर फिलहाल रोक लगा देलक अछि आ मामिलाक जांच लेल तीन सदस्यीय उच्चस्तरीय समिति गठित कएलक अछि।

दीपके अपन एक्स पोस्ट मे शीर्ष स्थान प्राप्त कएनिहार अभ्यर्थी सभक अंकक जानकारी साझा करैत लिखलनि जे कतेको अभ्यर्थी हुनका जेई भर्ती परीक्षा मे गंभीर अनियमितताक जानकारी देने छथि। हुनकर दावा अछि जे जे अभ्यर्थी दोसर प्रतियोगी परीक्षा मे नीक अंक तक नहि आनलनि, से परीक्षा मे शीर्ष स्थान पर पहुंच गेलाह।

विरोध करैत अभ्यर्थी आ छात्र संगठनक आरोप अछि जे दोसर प्रतियोगी परीक्षा मे सामान्य अंक प्राप्त कएनिहार कतेको अभ्यर्थी एहि परीक्षा मे टॉपर छथि। नॉर्मलाइजेशनक बाद सिविल इंजीनियरिंग श्रेणीक शीर्ष तीन अभ्यर्थी 200 मे सं 200 अंक प्राप्त कएलनि। अभ्यर्थी सभ ईहो प्रश्न उठौने छथि जे शीर्ष 20 मे शामिल करीब 13 अभ्यर्थी नागपुरक एक्कहि परीक्षा केंद्र सं छथि।

### सुप्रिया सुले सेहो कएलनि जांचक मांग

राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी (शरदचंद्र पवार)क सांसद सुप्रिया सुले सेहो एहि मामिलाक मुद्दा उठौलनि। ओ परीक्षा रद्द करबाक संग बॉबे हाईकोर्टक देखरेख मे स्वतंत्र जांच करबाक मांग कएलनि।

### प्राधिकरण आरोप कें कएलक खारिज

दोसर दिस, प्राधिकरण भर्ती परीक्षा मे धांधलीक सभ आरोप कें खारिज कएलक अछि। प्राधिकरणक कहब अछि जे राज्य सरकार द्वारा अधिकृत एजेंसी टाटा कंसल्टेंसी सर्विसेजक माध्यम सं भर्ती परीक्षा नियमानुसार आयोजित कएल गेल। 235 पद लेल 26,749 आवेदन प्राप्त भेल छल, जाहि मे सं 20,459 अभ्यर्थी 11 आ 12 मई कें आयोजित परीक्षा मे सम्मिलित भेल छलाह। उत्तरकुंजी पर आपत्ति दर्ज करबाक अवधि मे कुल 340 आपत्ति प्राप्त भेल, जकर निपटारा नियमानुसार टीसीएस द्वारा कएल गेल।

### तीन सदस्यीय समिति गठित

विवाद बढ़लाक बाद पारदर्शिता कायम रखबाक लेल प्राधिकरण भर्ती प्रक्रिया पर रोक लगबैत जांच समिति गठित कएलक अछि। महाराष्ट्रक पूर्व मुख्य सचिव जॉनी जोसेफ समितिक अध्यक्ष छथि। समितिक सदस्यक रूप मे आइआइटी बॉंबेक प्रोफेसर श्यामप्रसाद कारगाडे आ प्रोफेसर दासका सत्यनारायण मूर्ति छथि। समिति अभ्यर्थी सभ सं प्राप्त शिकायत आ डिजिटल प्रमाणक जांच करत। अभ्यर्थी सभ कें अपन शिकायत दर्ज करबाक लेल 30 दिनक समय देल गेल अछि। समितिक आखरी प्रतिवेदन आबि गेलाक बादे भर्ती प्रक्रिया कें लए कए आगांक निर्णय लेल जाएत।

# चार्टर विमान दुर्घटनाग्रस्त, दू पायलट सहित सभ यात्रीक मृत्यु

### खोज अभियान मे बरामद भेल सबहक शव



**वाशिंगटन, एजेंसी**

अमेरिकाक अलास्का मे एकटा चार्टर विमान दुर्घटनाग्रस्त भए गेल अछि। विमान मे चालक दल सहित कुल 8 गोटे सवार छलाह। रिपोर्टक अनुसार विमान मे सवार सभ लोकक मृत्यु भए गेल अछि। घटनाक बाद खोज अभियान चलाओल गेल, जाहि मे सभ यात्रीक शव बरामद कए लेल गेल। अलास्का राष्ट्रीय परिवहन सुरक्षा बोर्डक अध्यक्ष क्लिंट जॉनसन बतौलनि जे विमान मे दू गोटे पायलट आ 6 गोटे यात्री छलाह। विमान एंकोरेज सं उड़ान भरने छल आ केप नेवेनहैमक लग दुर्घटनाग्रस्त भए गेल। अलास्का रेस्क्यू कोऑर्डिनेशन सेंटरक अनुसार घटना संबंधी सूचना भेटिते खोजी आ बचाव अभियान शुरू कए देल गेल छल। घटनाक अन्य जानकारी स्पष्ट भेलाक बाद सार्वजनिक कएल जाएत।

### ब्रिटेन मे विमान दुर्घटना मे भारतीय मूलक दंपतिक मृत्यु

एहि सं दू दिन पहिने ब्रिटेनक नॉर्थ वेल्सक एकटा सुनसान इलाका मे छोट विमान दुर्घटनाग्रस्त भए गेल छल। एहि दुर्घटना मे मृत्यु भेल दंपतिक पहचान भारतीय मूलक पति-पत्नीक रूप मे भेल अछि। दुनूक उम्र करीब 50 सं 55 वर्षक बीच बताओल गेल अछि। मानल जा रहल अछि जे केतन स्वाली पाइपर पीए28 विमानक पायलट छलाह।

ओ पिछला सप्ताह इंग्लैंडक वेस्ट मिडलैंड्स क्षेत्रक बर्टन-अपॉन-ट्रेंट स्थित टैटनहिल हवाई अड्डा सं उड़ान भरने छलाह। हुनका संग हुनकर पत्नी शीतल सेहो छलथि। नॉर्थ वेल्स पुलिसक अनुसार शुक्रदिन विमानक खोजी लेल हवाई आ जमीनी अभियान शुरू कएल गेल छल।

पुलिस कें सूचना भेटल छल जे विमान निर्धारित समय पर उत्तर-पश्चिम वेल्सक स्नोडोनिया स्थित कार्नरफोन हवाई अड्डा पर नहि पहुंचल। पुलिसक प्रवक्ता कहलनि जे कतेको एजेंसी हवा आ जमीन दुनू दिस सं खोजी अभियान चलौलक आ अंततः ट्रॉसफिनिडक लग एकटा सुनसान क्षेत्र मे विमानक मलवा भेटल। दुर्भाग्यवश, विमान मे सवार दुनू व्यक्ति कें घटनास्थले मृत घोषित कए देल गेल। घटनाक जानकारी एयर एक्सीडेंट्स इन्वेस्टिगेशन ब्रांच कें देल गेल अछि आ संस्थान जांच लेल अपन दल पठौने अछि। ऑनलाइन कंपनीक अभिलेखक अनुसार केतन स्वाली लीसेस्टर स्थित इंजीनियरिंग कंपनी आर्क यूरो ट्रेड लिमिटेडक निदेशक छलाह। एहि सालक शुरूआत मे ओ अपन विनिर्माण कारोबार बंद कए देने छलाह।

# अस्पताल पहुंचल इमरान खान कें किछुए घंटा मे फेर पठा देल गेल जेल

### सरकार कहलक, मेडिकल रिपोर्ट मे कोनो गंभीर बात सामने नहि आयल

**इस्लामाबाद, एजेंसी**

पाकिस्तानक पूर्व प्रधानमंत्री आ पाकिस्तान तहरीक-ए-इंसाफ (पीटीआई)क संस्थापक इमरान खान कें फेर जेल पठा देल गेल अछि। रिपोर्टक अनुसार इस्लामाबादक शिफा इंटरनेशनल अस्पताल मे चिकित्सकीय जांचक तुरंत बाद 73 वर्षीय इमरान खान कें कड़ा सुरक्षा व्यवस्था मे फेर अडियाला जेल लए जाएल गेल।

सुप्रीम कोर्टक आदेशक बाद शुक्रदिन भोर मे इमरान खान कें मेडिकल जांच लेल अस्पताल लए आनल गेल छल। जियो न्यूज पार्टीक सूत्रक हवाला सं बतौलक जे जांच पूरा भेलाक बाद पीटीआई संस्थापक कें भारी सुरक्षा बीच अडियाला जेल वापस लए जाओल गेल। सरकारक कहब अछि जे मेडिकल रिपोर्ट मे एहन कोनो स्थिति नहि भेटल अछि, जाहि लेल तत्काल उपचारक आवश्यकता हो। एहि कारण अस्पताल मे राखबाक बदला हुनका फेर जेल पठा देल गेल।

### सुप्रीम कोर्ट देने छल आदेश

एहि सप्ताह पाकिस्तानक सुप्रीम कोर्ट जेल मे बंद पूर्व प्रधानमंत्री इमरान खानक बिगड़ैत स्वास्थ्य कें लए कए बढ़ैत चिंता बीच हुनका अस्पताल मे भर्ती करबाक आदेश देने छल। न्यायालय अधिकारी सभ कें 48 घंटाक भीतर इमरान खान कें अस्पताल पठेबाक निर्देश देने छल। एहि बाद पीटीआई प्रवक्ता नईम हैदर पंजूथा कहने छलाह जे इमरान खान 16 सितंबर धरि अस्पताल मे रहि सकैत छथि। मुदा आब मेडिकल जांचक किछुए घंटाक बाद हुनका फेर अडियाला जेल पठा देल गेल अछि।



### 2023 सं जेल मे बंद छथि इमरान खान

क्रिकेटर सं नेता आ बाद मे देशक प्रधानमंत्री बनल इमरान खान अगस्त 2023 सं भ्रष्टाचारक आरोप मे अडियाला जेल मे बंद छथि। एहि बीच जेल अधिकारी सभ द्वारा हुनकर इलाज मे जानि-बुझि कए लापरवाही कएल जाएबाक आरोप सेहो लगैत रहल अछि। पीटीआई आ इमरान खानक परिवार मेडिकल रिपोर्टक आधार पर हुनकर स्वास्थ्य कें लए कए लगातार चिंता व्यक्त करैत रहल अछि। हुनकर बेटा सुलेमान खान आ कासिम खान सेहो परिवारक सदस्य सभ कें मुलाकात पर लगाओल प्रतिबंध कें लए कए चिंता जतौने छथि।

### इमरान खान पर की आरोप अछि?

इमरान खान 2018 सं 2022 धरि पाकिस्तानक प्रधानमंत्री रहलाह। 2022 मे अविश्वास प्रस्ताव मे हारलाक बाद हुनका पद सं हटऽ पड़ल छल। हुनकर समर्थकक आरोप अछि जे रूसक प्रति हुनकर अपेक्षाकृत सकारात्मक विदेश नीतिक कारण अमेरिका हुनकर सरकार गिरयबा मे भूमिका निभौलक। मुदा अमेरिकाक दिस सं एहि आरोप कें खारिज कएल गेल अछि। 2023 मे सरकारी उपहारक अवैध खरीद-बिक्री सं जुड़ल मामिला मे इमरान खान कें दोषी ठहराओल गेल छल, मुदा बाद मे हुनकर सजाक क्रियान्वयन स्थगित कए देल गेल। 2024 मे सरकारी गोपनीय दस्तावेज लीक करबाक मामिला मे हुनका 10 वर्षक जेल सजाक आदेश सुनाओल गेल। इमरान खान एहि आरोप सं इनकार करैत रहल छथि। ओ आ हुनकर राजनीतिक सहयोगी सभक कहब अछि जे हुनका विरुद्धक सभ मामिला राजनीतिक प्रतिशोध सं प्रेरित अछि आ हुनका फेर राजनीति मे सक्रिय होयबा सं रोकबाक उद्देश्य सं कारबाइ कएल जा रहल अछि।

## बीडब्ल्यूएफ विश्व चैंपियनशिप

# सात्विक–चिराग मलेशियाई जोड़ी कें हरौलनि, क्वार्टर फाइनल मे पहुंचलाह

बीडब्ल्यूएफ विश्व चैंपियनशिप 2026 मे दू बेरक कांस्य पदक विजेता सात्विकसाईराज रंकीरेड्डी आ चिराग शेट्टीक पुरुष युगल जोड़ी मलेशियाक जुनैदी आरिफ आ याप रॉय किंग कें 21-23, 21-19, 21-17 सं हराकए क्वार्टर फाइनल मे स्थान बना लेलनि। सात्विक आ चिराग पहिल करीबी गेम हारलाक बादो संयम बनौने रखलनि आ मलेशियाई जोड़ी कें हराकए क्वार्टर फाइनल मे अपन स्थान पक्का कएलनि। आब क्वार्टर फाइनल मे हुनकर मोकाबला चीनक तेसर वरीयता प्राप्त जोड़ी लियांग वेई केंग आ वांग चांग सं होयत।



बृहस्पतिदिन इंदिरा गांधी स्टेडियम मे दिनक आखिरी मैच मे सात्विक आ चिराग मलेशियाई खेलाड़ी सभक विरुद्ध पहिल गेम मे दूटा गेम प्वाइंट बचौलनि, मुदा तैयो गेम हारि गेलाह। मुदा दोसर गेम मे भारतीय खेलाड़ी सभ संयम बनौने रखलनि आ 16-18 सं पाछू रहलाक बाद वापसी करैत मैच कें निर्णायक गेम धरि पहुंचा देलनि। आखिरी गेम मे सेहो एहेन स्थिति रहल। सात्विक आ चिराग 12-15 सं पाछू छलाह, मुदा फेर स्कोर 17-17 सं बराबर कएलनि आ अगिला चारि प्वाइंट जीतैत क्वार्टर फाइनल मे अपन स्थान पक्का कएलनि।

एहि सं पहिने ट्रीसा जॉली आ गायत्री गोपीचंद जापानक सातम वरीयता प्राप्त जोड़ी रिन इवानागा आ की नाकानिशी कें हराकए 11 वर्ष मे बीडब्ल्यूएफ विश्व चैंपियनशिपक क्वार्टर फाइनल मे पहुंचय बला पहिल भारतीय महिला युगल जोड़ी बनबाक उपलब्धि हासिल कएलनि। ज्वाला गुट्टा आ अश्विनी पोनप्पा 2015 मे जकार्ता मे भेल विश्व चैंपियनशिपक क्वार्टर फाइनल (आखरी आठ) मे पहुंचल छलथि। तकर बाद भारतक कोनो महिला युगल जोड़ी एहि चरण धरि नहि पहुंचि सकल छल।

एहि बीच पीवी सिंधु आ आयुष शेट्टी प्रतियोगिता सं बाहर भए गेलाह। सिंधु छठम विश्व चैंपियनशिप पदक जीतबाक लेल एहि प्रतियोगिता मे उतरली छलथि, मुदा बृहस्पतिदिन हुनका चीनक तेसर वरीयता प्राप्त वांग झी यी सं 11-21, 21-15, 17-21 सं हारिक सामना करय पड़लनि। ओतहि पैघ खेलाड़ी सभ कें हरौने आयुष शेट्टीक यात्रा इंडोनेशियाक अलवी फरहान सं 19-21, 11-21 सं हारिक संग समाप्त भए गेल।

# रोमांचक मोकाबला मे वांग सं सिंधु कें हारि, विश्व चैंपियनशिपक यात्रा समाप्त

विश्व चैंपियनशिप मे हारिक संग पीवी सिंधुक महिला एकल मे यात्रा समाप्त भए गेल। एहि संग सिंधु चैंपियनशिप मे रिकॉर्ड छठम पदक जीतय सं चूकलीह। नई दिल्लीक इंदिरा गांधी इंडोर स्टेडियम मे खेलल गेल रोमांचक आखरी-16क मोकाबला मे चीनक वांग झी यी हुनका 21-11, 15-21, 21-17 सं हरौलनि।

एहि हारिक संग विश्व चैंपियनशिप मे दू बेरक ओलंपिक पदक विजेता सिंधुक शानदार सिलसिला सेहो टूटि गेल। एकरा सं पहिने विश्व चैंपियनशिप मे सिंधु चीनी खेलाड़ी सभ कें आठ बेर हरौने छलीह, मुदा वांग एहि मंच पर हुनका हराबय बला पहिल खेलाड़ी बनलीह। पहिल गेम मे दुनू खेलाड़ी सहज गलती सं बचबाक प्रयास करैत छलीह आ एक-दोसर कें लंबा आ धैर्यपूर्ण रैली करबाक लेल मजबूर करैत छलीह। वांग सिंधु कें फ्रंट कोर्ट पर दौड़ाबय मे सफल रहलीह, जखनकि भारतीय खेलाड़ी बेर-बेर अपन प्रतिद्वंद्वी कें आक्रमण करबाक स्पष्ट मौका नहि दैत छलीह।



इंटरवल धरि वांग 11-8 सं आगू छलीह। एकर बाद मोकाबला तेजी सं हुनकर पक्ष मे झुकि गेल, कारण सिंधु बिना दबावक गलती आ गलत अनुमानक कारण प्वाइंट गंवाबय लगलीह। वांग एकर पूरा लाभ उठौलनि आ सटीक ड्रॉप आ आक्रमणकारी शॉटक उपयोग करैत गेम 21-11 सं जीत लेलनि।

घरेलू दर्शकक उम्मीद कें देखैत सिंधु दोसर गेम मे अपन रणनीति बदलि बेसी धैर्यक संग शुरूआत कएलनि आ तुरंते चारि प्वाइंटक बढ़त बना लेलनि, जखनकि वांग ओहि निरंतरता कें बनौने रखबाक लेल संघर्ष करैत छलीह। चीनी खेलाड़ी सिंधु कें लंबा रैली मे उलझाबयक प्रयास कएलनि, मुदा भारतीय खेलाड़ी बेहतरीन ड्रिबल आ ड्रॉप शॉटक माध्यम सं एकर जवाब देलनि। वांग 15-15 सं बराबरी कएलाक बादो सिंधु अपन लय फेर हासिल कएलनि। ओ लगातार छह प्वाइंट हासिल कए मैच कें निर्णायक गेम धरि पहुंचा देलनि। तेसर गेमक शुरूआत मे सिंधु फेर नियंत्रण मे देखाइ पड़लीह। ओ 3-0 सं आगू भेली आ तकर बाद 8-4क बढ़त बना लेलनि। मुदा वांग मैच कें हाथ सं नहि जाय देलनि।

सिंधुक लगातार तीन गलती चीनी खेलाड़ी कें आगू बढ़य मे मदति कएलक, मुदा इंटरवल धरि भारतीय खेलाड़ी 11-10 सं आगू छलीह। आखिरी दौर मे मोकाबलाक सब सं रोमांचक क्षण देखय लेल भेटल। 16-16क स्कोर पर वांग जोर सं खसि गेलीह आ हुनका मेडिकल टाइम-आउट लेबय पड़लनि। खेल फेर शुरू भेलाक बाद सिंधु अपन संयम बनौने नहि राखि सकलीह आ लगातार चारि गलती कए बैसलीह, जाहि सं वांग कें मैच प्वाइंट भेटि गेल। चीनी खेलाड़ी कें मात्र एक मौका चाही छल। ओ सटीक ड्रॉप शॉट खेलि जीत सुनिश्चित कएलनि आ सिंधुक अभियानक अनचोके अंत कए देलनि। एहि तरहें विश्व नंबर 3 खेलाड़ी क्वार्टर फाइनल मे पहुंचि गेलीह।

# निशिका-तनीषा जड़लनि अर्धशतक सुपरस्टार्स क्वींस कें 29 रन सं हरौलनि

## महिला डीपीएल

साउथ दिल्ली सुपरस्टार्स बृहस्पतिदिन अरुण जेटली स्टेडियम मे खेलल गेल महिला दिल्ली प्रीमियर लीग 2026क शुरूआती मोकाबला मे सेंट्रल दिल्ली क्वींस कें 29 रन सं हराकए पैघ जीत दर्ज कएलक। पहिने बल्लेबाजी करैत साउथ दिल्ली सुपरस्टार्सक टीम निर्धारित ओवर मे 5 विकेटक नोकसान पर 156 रन बनौलक। प्रिया पुनिया निशिका सिंहक संग पहिल विकेट लेल 28 गेंद मे 31 रनक साझेदारी कएलनि। प्रिया 15 गेंद मे 3 चौकाक संग 16 रन बना कए आउट भेली, तकर बाद टीम 33 रनक स्कोर पर तनिष्का सिंह (0)क विकेट सेहो गमा देलक।

एतय सं तनीषा सिंह निशिका सिंहक संग तेसर विकेट लेल 61 गेंद मे 82 रनक साझेदारी करैत टीमक स्कोर 115 रन धरि पहुंचा देलनि। निशिका 41 गेंद मे 8 चौकाक संग 50 रन बना कए पवेलियन लौटली। निशिका 42 गेंद मे 64 रन बनौने छलीह। हुनकर एहि पारी मे 10 चौका शामिल छल। एकर अतिरिक्त कप्तान श्वेता सेहरावत 19 रनक नाबाद पारी खेलली।



विपक्षी टीम दिस सं मेधावी बिधूड़ी 24 रन दए 2 विकेट लेलनि। ओतहि सुमिति सोनी 13 रन दए 2 विकेट चटकलनि। एकर अतिरिक्त दीक्षा शर्मा कें 1 विकेट भेटल। एकर जवाब मे सेंट्रल दिल्ली क्वींस निर्धारित ओवर मे 127/7 सं आगू नहि बढ़ि सकल। टीम कें 31 रनक स्कोर धरि 3 झटका लागि चुकल छल। तकर बाद निधि महतो मोनिका संग चारिम विकेट लेल 54 गेंद मे 65 रनक साझेदारी करैत टीम कें शतकक करीब पहुंचौलनि। मोनिका 19 गेंद मे 30 रन बना कए आउट भेली, जखनकि निधि महतो 55 गेंद मे 63 रन बनौलनि। हुनकर एहि पारी मे 5 छक्का आ 2 चौका शामिल छल। एकर अतिरिक्त कोनो दोसर खेलाड़ी दहाइक आंकड़ा धरि नहि पहुंचि सकल। रूपाली विश्व मोहन आ मयूरी सिंह 2-2 विकेट लेलनि, जखनकि दीक्षा नगर 2 विकेट झटकलनि।

# चारि मास बाद कोर्ट पर घुरताह कार्लोस अल्कराज, अमेरिकी ओपन मे करताह वापसी

स्पेनक स्टार टेनिस खेलाड़ी कार्लोस अल्कराज चारि मासक चोटिल विरामक बाद 30 अगस्त सं शुरू होमय बला अमेरिकी ओपन सं टेनिस कोर्ट पर वापसी करताह। फिलहाल कलाई मे चोटिक कारण अल्कराज अप्रैल सं कोर्ट सं दूर छथि। अल्कराज 14 अप्रैलक बाद सं कोनो प्रतिस्पर्धी मोकाबला नहि खेललनि अछि। चोटिक कारण ओ फ्रेंच ओपन आ विंबलडन मे सेहो भाग नहि लए सकल छलाह। आब हुनकर नजरि अमेरिकी ओपन मे अपन



खिताबक बचाव करबाक पर अछि। अल्कराज ट्रांसफर पत्रकार फैब्रिजियो रोमानोक संग साझा सोशल मीडिया पोस्ट मे हियर वी गो! लिखि अमेरिकी ओपन मे अपन वापसीक पुष्टि कएलनि। पोस्ट मे अमेरिकी झंडा आ विमानक संकेत सेहो शामिल छल।

**तेसर अमेरिकी ओपन खिताब पर नजरि :** अप्रैल मे बार्सिलोना ओपनक दौरान चोटिल भेलाक बाद अल्कराजक स्थान जर्मनीक एलेक्जेंडर ज्वेरेव विश्व रैंकिंग मे दोसर स्थान पर पहुंचि गेलाह। ओतहि जैनिक सिनर दुनिया नंबर एक खेलाड़ी बनल छथि। सिनर मोंटे कार्लो मास्टर्स मे अल्कराज कें हराकए शीर्ष रैंकिंग हासिल केने छलाह। अल्कराज अमेरिकी ओपन मे अपन खिताबक बचाव करबाक लेल उतरथिन।




# श्रीलंका कोलंबो टेस्टक लेल 14 सदस्यीय टीमक कएलक घोषणा, अराचिगे आ मिशारा कें भेटल मौका

श्रीलंका क्रिकेट (एसएलसी) भारतक विरुद्ध रविदिन सं शुरू होमय बला दोसर टेस्ट मैचक लेल टीमक घोषणा कए देलक अछि। 14 सदस्यीय टीम मे ऑलराउंडर सहन अराचिगे आ बल्लेबाज कामिल मिशारा कें शामिल कएल गेल अछि। पहिल टेस्टक दौरान चोटिल भेल दिनेश चांदीमल दोसर टेस्ट सं बाहर भए गेलाह। हुनकर स्थान पर टीम मे शामिल कएल गेल पासिंदु सोरियाबंदारा कें सेहो टीम मे नहि राखल गेल अछि। दोसर सलामी बल्लेबाज निशान मदुश्का कें जगह नहि भेटल अछि, जखनकि गेंदबाजी ऑलराउंडर रमेश मेंडिस आ तेज गेंदबाज दिलशान मदुश्का सेहो टीम मे स्थान नहि बना सकलाह।

अराचिगे कें भारत एक विरुद्ध हुनकर शानदार प्रदर्शनक इनाम भेटल अछि। अराचिगे हालहि मे भारत एक विरुद्ध श्रीलंका ए क्रिकेट टीमक कप्तानी केने छलाह आ शानदार बल्लेबाजी केने छलाह। अराचिगे पहिल मैच मे 72 आ दोसर मैच मे 127 रनक पारी खेललनि। दूटा अनौपचारिक मैचक श्रृंखला मे भारतीय



साई सुदर्शनक बाद अराचिगे दोसर सब सं बेसी रन बनेनिहारि बल्लेबाज रहलाह। अराचिगे कें टेस्ट पदार्पणक प्रतीक्षा अछि।

मिशारा लंका प्रीमियर लीग 2026 मे शानदार फॉर्म मे छलाह। ओ हालक सत्र मे नौ पारी मे 411 रन बनेने छलाह। ओ गॉल गैलेंट्सक विरुद्ध शतक सेहो बनेने छलाह। ओ मेजर क्लब्स टी20 प्रतियोगिता मे सेहो शानदार फॉर्म मे छलाह आ मात्र 72 गेंद मे 145 रनक पारी खेललनि।

श्रीलंका पहिल टेस्ट मैच हारि चुकल अछि। श्रृंखला बचयबाक लेल श्रीलंका कें दोसर टेस्ट मे भारतक विरुद्ध जीत दर्ज करय पड़त। पहिल टेस्ट भारतीय टीम 165 रन सं जीतने छल।

**श्रीलंका टीम :** लाहिरू उदारा, कामिल मिशारा, पासिंदू सोरियाबंदारा, कामिंदू मेंडिस (उपकप्तान), धनंजय डी सिल्वा (कप्तान), सहन अराचिगे, सोनल दिनुशा, निरोशन डिकवेला, केशरा नुवांथा, प्रभात जयसूर्या, मिलन रत्नायके, लाहिरू कुमारा, असिथा फर्नांडो, विश्वा फर्नांडो।

वर्ष 16, अंक 340 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड :** पंकज मिश्रा, संपर्क : 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053